Индекс 73247
12+

11
2020

МАХ ДУГ

# МАХ ДУГ



85 АЗЫ

ЦÆГАТ ИРЫСТОНЫ
ТÆБÆХСÆУТЫ БАЛОЙЫ
НОМЫЛ ПАДДЗАХАДОН
ИРОН АКАДЕМИОН ТЕАТР

11
2020



*Царды æцæгдзинад*
*афтæ у, æмæ бæрзонд*
*аивад мæргъты дæр*
*сцъыбар-цъыбур кæнын*
*кæны, цæрæгойтæ дæр,*
*диссаджы хъæлæстæм*
*хъусгæйæ, сæхицæн*
*бынат нал фæарынц,*
*ныббуц вæййынц*
*сæхицæй, рæсугъддзинады*
*бæрæгбоны хуызæн*
*сын вæййы. Кæуæг*
*хæрисæн дæр йæ*
*сыфтæртæ сæхиуыл*
*схæцынц царддæттæг*
*хуры хъæбысмæ, цыма*
*уыдонмæ дæр цæхæркалгæ*
*курдиаты зынг бахъардта,*
*бауагъта сын сæ удты*
*уæлмонцы равг, афтæ.*
*Театрдзаутæн та*
*свæййы æхцондзинад,*
*зæрдæхъæлдзæг, амонд,*
*маст æмæ цины*
*артдзæст, сæ ивгъуыд,*
*абон æмæ фидæны айдæн.*

***ДЖУСОЙТЫ***
***Клавдия***

***Актерæн театр йæ***
***цард, йæ хъысмæт***
***у, бæллицты суадон.***
***Уыцы суадонмæ***
***фæндаг нывæст***
***вæййы æрмæст***
***дидинджытæ,***
***къухæмдзæгъд æмæ***
***хæрзиуджытæй***
***нæ, фæлæ адæмы***
***уарзондзинадæй,***
***актеры æвæллайгæ***
***æмæ æнтыстджын***
***архайдæй.***

***САУТÆТЫ Тамилæ***





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
Оксана ХЕТАГУРОВА

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2020

# МАХ ДУГ

11
2020

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КОСТЫ Лизæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2020

# НОМЫРЫ ИС:

**АРФÆТÆ** ........................................................................................ 5
**ЗЫНДГОНД АДÆМЫ ХЪУЫДЫТÆ** .......................................... 10
**ИСТОРИЙЫ СЫФТÆ**
Ирон профессионалон театры райдиан ............................................ 16
**ПОЭЗИ**
Æнусон зарæг ........................................................................................ 27
**МЫСИНÆГТÆ** ................................................................................... 36
**ИНТЕРВЬЮ**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ. Кад æмæ дын намыс! .................................. 53
**НЫМÆЦТÆ, ЦАУТÆ, ЗОНИНÆГТÆ** ........................................ 62
**ЗАРÆГÆЙ-ЗАРÆГМÆ**
Зарджытæ спектакльтæй ..................................................................... 73
**РАВДЫСТ** ........................................................................................... 81
**КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ** ................. 107
**АРТИСТТÆ ХУДЫНЦ** ................................................................. 115
**ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ**
КЪÆБЫСТЫ Зæринæ. Хъазæн чындз. *Новеллæ* ........................... 136
**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ** ................................................. 143
ЦОМАРТАТЫ Изæтбег. Хæхтыл мæйы тынтæ уарыд…
*Радзырд* ............................................................................................. 144
**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ................................................. 158



# АРФÆТÆ



*Зынаргъ æмбæлттæ!*

*85 азы размæ, 10 ноябры, йæ дуæрттæ фыццаг хатт байгом кодта Цæгат Ирыстоны паддзахадон академион Ирон театр. Уыцы хабар ссис нæ культурæйы стыр бæрæгбон, уымæн æмæ театры ахадындзинад адæмы монон царды у тынг ахсджиаг æмæ бирæвæрсыг.*

*Ирон театр махæн уыдис æмæ у национ аивады артдзæст, раст хъомылад æмæ рухстауыны фæрæз, бæрзонд æмæ ирд хъуыдыты айдæн. Йæ фæзындмæ рагæй бæллыдысты нæ интеллигенцийы хуыздæр минæвæрттæ – Хетæгкаты Къоста, Брытъиаты Елбыздыхъо, Кочысаты Розæ, Коцойты Арсен, Гæдиаты Цомахъ, Тыбылты Алыксандр æмæ æндæртæ.*

*Тырныдтой уымæ, цæмæй бæрзонд аивад адæммæ суа ноджы хæстæгдæр, æмæ уыцы арфæйаг хъуыддаг бантыст сæ фæдонтæн – 1935 азы райгуырд Ирон профессионалон театр. Уæдæй абонмæ рацыд стыр фæндæгтыл, йæ райрæзтыл куыстой нæ курдиатджын фысджытæ, режиссурæйы дæснытæ, нывгæнджытæ æмæ актертæ. Бындур æвæрдтой аивадон традицитæн æмæ сæ азæй-азмæ хъæздыгдæр кодтой.*

*Тæбæхсæуты Бало, Хъæрджынты Варварæ, Икъаты Серафин, Таутиаты Солæман, Саламты Къола, Хъариаты Тамарæ, Сланты Къоста, Баллаты Владимир, Уататы Бибо, Мерденты Юри, Бытъæты Роберт æмæ бирæ æндæртæ удуæлдайæ фыстой Ирон театры истори. Абон драматургтæ æмæ театралон архайджытæ уыцы традицитæ дарддæр рæсугъдæй хæссынц, æнувыдæй кусынц ууыл, цæмæй се сфæлдыстад адæмы зæрдæты арф хиза, гуырын кæна бæрзонд æнкъарæнтæ, тауа гуманизмы идеалтæ.*

*Мæ зæрдæ зæгъы, цæмæй сын ноджы фылдæр бантыса, æмæ Тæбæхсæуты Балойы номыл Цæгат Ирыстоны паддзахадон академион Ирон театр фидæны дæр уа æнтыстджын, адæмæн уарзон, иннæ театрты 'хсæн та – нымад æмæ кадджын.*

*Хуыздæр арфæтæ театры кусджытæн æмæ уе 'ппæтæн дæр!*

***БИТАРТЫ Вячеслав,***
***Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг***



*Зынаргъ хæлæрттæ!*

*Зæрдиагæй мæ сымахæн раарфæ кæнын фæнды Тæбæхсæуты Балойы номыл Цæгат Ирыстоны паддзахадон академион Ирон театры 85 азы кадджын юбилейы тыххæй.*

*Театр йæ бæйгомæй фæстæмæ ахсы сæрмагонд бынат республикæйы культурон царды. Ам архайдтой, сæ куыстыл, сценæйыл æнувыд чи уыд, уыцы зындгонд драматургтæ, режиссертæ æмæ актертæ. Национ режиссурæйы фидар традицитæн бындур сæвæрдтой Брытъиаты Зариффæ æмæ Хуыгаты Геор, сценæйыл та сæ хæдхуыз актеры курдиат хъомысджынæй æвдыстой Тæбæхсæуты Бало, Таутиаты Солæман, Хъæрджынты Варварæ, Икъаты Серафин, Хъариаты Тамарæ, Саламты Къола, Туменаты Еленæ, Годжыцаты Исахъ, Уататы Бибо æмæ бирæ æндæртæ. Сфæлдыстадон куыст кæнгæйæ, æвæрд цыдысты диссаджы сценикон уацмыстæ. Уыдон систы ирон театралон аивады æцæг классикæ.*

*Рæстæг цæуы, æмæ абон Мельпоменæйæн лæггадгæнæг курдиатджын æрыгон фæлтæр театрдзауты зæрдæтæ рухс кæнынц нырыккон ног æвæрд спектакльтæй. Уыцы кадджын бон мæ сымахæн раарфæ кæнын фæнды уæ куыстыл æнувыддзинады, сфæлдыстадмæ сыгъдæг уарзондзинады æнкъарæнтæ дарыны, Ирыстоны национ културæмæ стыр бавæрæн бахæссыны тыххæй. Ныфс мæ ис, театры историйы амæй фæстæмæ дæр кæй фæзындзæн ног цæхæркалгæ нæмттæ, сценæйыл æвæрд кæй æрцæудзæн ног зæрдæмæдзæугæ спектакльтæ, уымæй.*

*Зæрдиагæй уын мæ зæрдæ зæгъы фидар æнæниздзинад, æнтыстдзинæдтæ, уæлтæмæнад, æнæнцайгæ къухæмдзæгъд. Макуы байсысæд уæ курдиаты суадон!*

***Алексей МАЧНЕВ,***
***Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы***
***Парламенты Сæрдар***





*Æгас цæуæд Ирон театр!*

*Зæрдæбынæй арфæ кæнын нæ уарзон Ирон театры кусджытæн сæ 85 азы юбилейы фæдыл!*

*Ацы кадджын юбилей æрмæст Ирон театр нæ бæрæг кæны, фæлæ йемæ зæрдæйæ цин кæнынц нæ бирæ театрдзау дзыллæтæ дæр. Дард 1935 азы Цæгат Ирыстоны райгуырд ирон аив дзырды, нæ адæмы културæйы артдзæст, нæ национ хæзна.*

*Йæ фыццаг бонтæй фæстæмæ театр йæ диссаджы аивад лæвар кæны, Ирыстоны зæххыл чи цæры, уыдонæн. Хæссы адæмы размæ дунеон, уырыссаг æмæ ирон драматургийы хуыздæр уацмыстæ.*

*Мах сæрыстыр стæм нæ национ театры историйæ, йæ курдиатджын артистты æмæ режиссерты цалдæр фæлтæры намысджын традицитæй. Уыдон стыр бавæрæн бахастой нæ ирон културæйы рæзтмæ, æмæ сæ рухс нæмттæ мах никуы ферох кæндзыстæм.*

*Ирон театр сæвæрдта бындур республикæйы ног профессионалон къордæн – Цæгат Ирыстоны Музыкалон театрæн, кæцы абон бæрзонд æмæ рæсугъдæй хæссы музыкалон аивад.*

*Бæрæгбон арфæтæй фидауы. Æмæ мæн дæр зæрдиаг арфæтæ ракæнын фæнды Ирон театры кусджытæн се 'ппæтæн дæр. Мæ зæрдæ уын зæгъы уæлтæмæнад æмæ стыр сфæлдыстадон фæндтæ, ног ирд спектакльтæ æмæ театрадзауты уарзондзинад!*

***КЪУБАЛТЫ Эльбрус,***
***РЦИ-Аланийы културæйы министр***

*Æфсымæрон арфæ Ирон академион театрæн!*

*Хуссар Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон драмон театры къорды номæй уын зæрдæбын арфæ кæнæм ирон аивады ирддæр артдзæстытæй иу – Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры 85 азы юбилейы цытæн!*

*Цæгат Ирыстоны Ирон театр дæргъвæтин рæстæг парахат кæны национ театралон аивады хуыздæр традицитæ, уæрæхæй æвдисы ирон æмæ дунеон драматургийы хуыздæр уацмыстæ æмæ æнувыдæй лæггад кæны театруарзджытæн. Фидарæй зæгъæн ис, Ирон театры алы ног спектакль, алы ног аивадон куыст дæр кæй ис банымайæн национ культурæйы разты сæрмагонд къæпхæныл.*

*Стыр æхсызгон хъуыддаг у, ирон театралон аивады ирддæр стъалытæ Тæбæхсæуты Бало, Уататы Бибо, Годжыцаты Исахъ, Брытъиаты Зариффæ æмæ бирæ æндæр курдиатджын артисттæ бындур цы хорз традицитæн сæвæрдтой, уыдон абон æнувыдæй кæй дарддæр кæны ирон артистты ног фæлтæр, уый. 85 азы рæстæджы домæнтæм гæсгæ стыр æмгъуыд нæу, фæлæ уæ курдиатджын коллективимæ уыцы азтæ се'мыдзаг уыдысты стыр æнтыстытæй. Ивгъуыды æнтыстытыл æнцойгæнгæйæ, абон æппæт ирон æдæмæн уарзон коллектив дарддæр кусы йæ дæсныйад бæрзонддæр кæныныл, агуры фæндæгтæ театрдзауты ног фæлтæрты зæрдæтæм.*

*Нæ уарзон культурæйы артдзæст æмæ иумæйаг хæзнадон – Ирон театр – ныфсджынæй цæуæд сфæлдыстады ног бæрзæндтæм!*

***Театры директор УАЛЫТЫ Мæдинæ,***
***Театры аивадон разамонæг Дзудцаты Тамерлан***






**Ирон театры фыццаг афишæ**

# ЗЫНДГОНД АДÆМЫ ХЪУЫДЫТÆ

***

Æппæт театртæн дæр сæ риссагдæр фарста у æвзаг, уымæн æмæ сты уый хæзнатæ хъахъхъæнæг. Ирон театры кусджытæ ацы хъуыддаг æххæстæй æмбарынц, æнкъарынц, æмæ æппæт хъарутæй архайынц дзыллæйы мадæлон æвзагыл дзырдмæ æмхиц кæныныл, уæлдайдæр – æрыгон фæлтæры. Фæсивæд хъуамæ, театрмæ æрбацæугæйæ, тæлмацæн ахъаз хъусыдарæн ма агурой, уый сын кады хос нæу! Алы адæймаг дæр хъуамæ йæ мадæлон æвзаг зона, бындурты бындур ын у, уый хъуамæ æмбара! Ирон театр у национ культурæйы æцæг æвдисæн, æмæ уый тыххæй иууыл стыр дæр бæрæггæнæны аккаг у. Уæ курдиатджын актертæ æмæ режиссертæ театрдзауты зæрдæскъæфт фæкæнынц, уый бæлвырд у. Тæбæхсæуты Балойы традицитæ абон сæфт не сты, фæлæ ма сыл ног фæлтæртæ ноджы куыд æфтауой, уый мæ зæрдæ зæгъы!

***Райсат ИБРАГИМОВА,***  
***Республикæ Дагестаны Драматургты***  
***ассоциацийы сæрдар***

***

Нæ республикæйы Фысджыты цæдисæн кæдфæндыдæр фидар бастдзинæдтæ уыд Ирон театримæ. Бирæ хорз драматургтæ нæм уыдис, æмæ сæ уацмыстæ æдзух æвæрд цыдысты театры сценæйыл. Уый æнгом кодта актерты, режиссерты æмæ фысджыты. Нæ ныриккон режиссертæ раздæры автортæй искæй уацмыстæ театрдзауты размæ ног æмæ ногæй куы рахæссынц, уæд сæм бамхиц кæнынц æрыгон фæлтæры дæр. Уыцы фæлтæр йæхи драматургийы къабазы активондæрæй куы æвдисид, уæд уаид ноджы хуыздæр. Ирон театр нæ адæмы хæзна у, æмæ уый хъуамæ æмбарæм, цы аивады нæмгуытæ тауы, уыдонæй нæхи хайджын кæнæм. Театры къорд та кæддæриддæр уæд нæ ирон фысджыты сфæлдыстадон бынтæ парахат кæнынхъом!

***АГЪНАТЫ Гæстæн***



***

Ирон театр – уый цард æмæ хъысмæтаразæг у. Йæ сценæйыл цы спектакльтæ æвæрд æрцæуы, уыдон вæййынц сфæлдыстадон коллективы архайды, ног фæлгонцтæ снывæндыны æвдисæнтæ. Театр аивадуарзджыты тыххæй цæры, æмæ Ирыстоны ис, аргъ ын чи скæна, режиссеры хъуыдытæ æмæ актеры курдиат чи бамбара, ахæм аивадуарзджытæ. Æз мæхæдæг амондджын дæн уымæй, æмæ, куыд режиссер, афтæ куыстон бирæ номдзыд актертимæ, уыдтон, сæ курдиат-иу ног хуызы куыд раргом. Уæдæ сæ адæймагон миниуджытæ дæр хицæн ныхасы аккаг уаиккой.

Цы Цæгаты, цы Хуссары, театр тырны национ драматургийы уацмыстæ парахат кæнынмæ, æмæ уый дæр у иу диссаджы хорз миниуæг. Уыд æмæ нæм ис, театры кад бæрзондæй-бæрзонддæр чи кæна, ахæм актертæ, æмæ сын сæ курдиатæн аргъгæнджыты æмдзæгъд ног бæрзæндтæм фæндагамонæг уæд!

***БЕКЪОЙТЫ Розæ***

***

Гарсиа Лорка йæ рæстæджы ахæм ныхæстæ загъта: «Когда народ приходит в свой театр с целью развлечься, этот народ или умер, или находится в предсмертных судорогах». Гъемæ Ирон театры æмæ ирон адæмы Хуыцау уыцы хъуыддагæй бахизæд! Фæстаг азты дæргъы бирæтæ театрмæ æрмæстдæр фæхудыны тыххæй цæуынц. Афтæмæй та национ театр хъуамæ уа нацийы хъысмæтыл асагъæс кæныны фæрæз. Уый у йе 'цæг нысан, æмæ нын хъуамæ хъуыдыйаг уа. Коммерцион уагыл æвæрæн дæр æй ницы хуызы ис, уымæн æмæ уæд театры репертуар уæлæнгай, ницæуыл дзурæг æмæ ницæуыл ахуыр кæны. Æз Ирон театры директорæй куыстон 1984 азæй. Æртæ азы æмæ æрдæг – чысыл æмгъуыд у æви нæ? Кæмæ куыд фæкæса, афтæ, фæлæ уыцы рæстæг театр йæ театрдзауы куыд хъомыл кодта, афтæ йæ хъуамæ хъомыл кæна абон дæр. Ома, худын дæр æй кæна, сагъæстыл дæр æфтауа, зондамонæг дæр уа, царды раст фæндаг æвзарынмæ дæр разæнгард кæна. Уæлдайдæр, ныхас æрыгон фæлтæрыл куы цæуа, уæд...

***ХОДЫ Камал***

***

Ирон театр у, æнæмæнгæй чи хъæуы, ахæм аивад. Нæ адæмæн æнæ уымæй культурон æгъдауæй фæцæрæн нæй, æмæ Брытъиаты Елбыздыхъо дæр, драматурги æмæ театралон аивадæн бындур куы 'вæрдта, уæд уыцы хъуыддаг тынг хорз зыдта.

Адæмæн се ‘хсæн, кæсын дæр æмæ фыссын дæр чи зоны, ахæмтæ æрæх куы нæма уыд, уæд сын сæ театр басгуыхт литературæ дæр, философи, газет æмæ журнал дæр. Уæдæ Революцийы агъоммæ та алы стыр ирон хъæуы дæр уыд драмон къордтæ. Профессионалон режиссертæ æмæ дзы актертæ нæ уыд, фæлæ уыдоны ‘хсæнæй рацыдысты ныры театрæн Ирыстоны, цы – Цæгаты, цы – Хуссары, бындур чи æвæрдта, уыдон.

Ирон театр ма йæ алыварс æнгом кодта иннæ адæмыхæттыты дæр. Мæнæн æппындæр дызæрдыггаг нæу, номдзыд Евгени Вахтангов дæр уыцы театры фарнæй кæй фæхайджын æмæ стыр бæрзæндтæм йæ фæрцы кæй схызт, уый.

Ныртæккæйы фæлтæр кадимæ дарддæр хæццæ кæны хистæрты традицитæ. Фæстаг фондз азы дæргъы, мæнмæ гæсгæ, театр йе спектакльтæ æмбæлгæ æмвæзадыл аразы. Шекспиры кæнæ Островскийы уацмыс сценæйыл кæд æвæрыс, уæддæр дзы хъуамæ дæхи адæмы, дæхи культурæйы, дæхи райгуырæн бæстæйы цард равдисай, æмæ, æз куыд хъуыды кæнын, афтæмæй ирон театр абон уыцы хъуыддагмæ арæхсы.

***БЗАРТЫ Руслан***

***

Æцæг аивадон театр къуырма æмæ талынг дзыллæйæ аразы къæрцхъус æмæ рухсзонд адæм, маймулигонд та зыгъуыммæ ахадæг у.

***ГУСАЛТЫ Барис***

* * *

Ирон адæмæн ис ирон артдзæстытæ æмæ сæ хуыссын кæнын нæй бауадзæн: Ирон чиныг... Ирон театр… Ирон кæфтыты ансамбль… Ирон газет… Ирон журнал… Ирон зард… Ирон фæндырдзагъд. Æппæтæн сæрæвæрæн – ирон æвзаг, йæ диссаджы рæсугъд мыртæ Ирон театры сценæйæ кæмæн хъуысынц…

***ЧЕРЧЕСТЫ Хъасболат***



***

Ирон театр! Ацы ныхасбыды йæ равзæрдæй фæстæмæ æвæрд уыд ахсджиаг нысан, сфæлдыстадон куысты бæлвырд принцип. Уый уыд ног дуджы цардхъом фидиуæг, ног социалистон æхсæнады идеалтыл æнæфæллайгæ тохгæнæг, нæ бæстæйы адæмты хæлардзинады зарæггæнæг, дунейы литературæйы райстбавæрд бынтæ адæмыл тауæг æмæ ирон адæмы царды хъиамæттаг, фæлæ лæджыхъæдджын ивгъуыды кадæггæнæг.

***

Ирон сценикон аивад рацыд намысджын сфæлдыстадон фæндагыл. Йæ фыццаг къахдзæфтæй фæстæмæ, уырыссаг советон аивады фæрнæйдзаг традицитыл цæугæйæ, бирæкъабазджын репертуары цытджын бынат бацахста ирон адæмы ивгъуыд æмæ абоны цард. Уырыссаг, дунеон æмæ нæ бæстæйы адæмты классикон драматурги сценæйыл æвæргæйæ скодта æвæджиауы сфæлдыстадон бынтæ.

***БÆЦИАТЫ Агуыдз***

***

Чи зоны, фæзындзæни фæстæдæр Елбыздыхъойæ тыхджындæр драматургтæ, фæлæ уый ном уæддæр мыггагмæ баззайдзæн Ирыстоны æмæ ирвæдæны, куыд ирон драмæйæн, ирон театрæн сæрвæрæг.

***КОЦОЙТЫ Арсен***

***

Театр. Цымæ йæ сымах дæр мæн бæрц уарзут? Мæн, цы дæн, уымæй бакæны йæ уацары, йæ алæмæты базыртыл мæ сисы, ахæссы мæ дун-дунейы æбæрæг рæттæм, мæ уд мын баппары сагъæсты æгæрон фурды уылæнтæм… Цымæ, иннæ аивæдтæй театры фарсмæ кæй ис сæвæрæн, адæймагæн йæ зæрдæйы уидæгтæ афтæ тынг банкъуысын кæнын ма кæцы аивады бон бауыдзæн?

***В.Г. БЕЛИНСКИЙ***

***

Æцæг актерæн театр аргъуанæй уæлдай нæу. Йæ уд ын дæтты сыгъдæг зæрдæйæ. Уыдон къæбæлдзыг ныхæстæ не сты. Удуæлдай

фыдæбон кæны йæ алы сурæтыл дæр. Ныййарæг йæ хъæбултыл куыд фæузæлы, раст афтæ. Æмæ мын зын у, тынг зын, паддзахад театрмæ абон фаг æргом кæй нал здахы, уый.

***БЕКМÆРЗТЫ Æхсар***

***

Брытъиаты Елбыздыхъо у бындурæвæрæг нæ театрæн дæр æмæ нæ драмæйæн дæр. Уыдис стыр курдиаты хицау æмæ Фарны лæг. «Маймули рухсаг, æгас цæуæд ирон театр» у ирон театралон аивады манифест. Уым бæрæггонд æрцыдысты йæ сæйраг хæстæ.

Уый хъуамæ адæмæн æвдиса царды æцæгдзинад, хъуамæ сын амона фæндаг рухс цардмæ.

Елбыздыхъойæн театр уыдис кувæндон æмæ йæ æвдисы кувæндоны хуызы. Уыимæ, кувæндоны дзуары лæг хъуамæ уа Уастырджийы хуызæн. Ирон адæмæн Уастырджи канд фæндагсар нæу, фæлæ сын у аивады бардуаг дæр. Мæнæ антикон аивады хурон зæд Аполлон куыд у, афтæ.

Ныртæккæ аивад тынг зын уавæры ис, æмæ йæм хицауад хъуамæ йæ хъус дара, цæмæй ифтонг уа алцæмæй дæр. Уымæн æмæ адæмы ахуыр кæны хорздзинадыл, сæ зæрдæты сын бауадзы патриотон хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ. У ирон адæмы кад æмæ намыс, буц æмæ дзы райгонд стæм. Бало æмæ Солæманмæ куыд баввахс уой, ахæм амонд сæ уæд.

***ДЖЫККАЙТЫ Шамил***





*Уадз, мавр нæм иронау дзурæд!*
*Зынаргъ у хохбæстæн Шекспир.*
*Уынæм Отеллойæн йæ сурæт,*
*Йæ раст зæрдæйæ буц у Ир.*

## ИСТОРИЙЫ СЫФТÆ

# ИРОН ПРОФЕССИОНАЛОН ТЕАТРЫ РАЙДИАН

Ирон адæммæ театр куы нæма уыдис, уæд сæхи фылдæр ирхæфстой хъазтизæрты, чындзæхсæвты, стæй ирон бæрæгбæтты рæстæг. Сæ арæхстдзинад æвдыстой зарынæй, кафынæй, фæндырæй цæгъдынæй, хъæбысæй хæцынæй, дугъы уайынæй.

Иурæстæджы нæм уыдис куклаты театр дæр. Мæ мады ныхæстæм гæсгæ, зынгæ ирон кадæггæнæг Зыгъуытаты куырм Бибо-иу йе 'нгуылдзтыл бакодта куклатæ æмæ сæ змæлын кодта, хъæлдзæг ныхæстæ кæнгæйæ. Адæм-иу æрæмбырд сты æмæ худтысты. Бæрæгбоны рæстæг-иу фæсивæд сæ уæлæ скодтой хæлынæй кæнæ цармæй цæсгæмттæ сыкъатимæ, боцъотимæ æмæ зылдысты хæдзарæй-хæдзармæ.

Ссæдзæм æнусы фыццаг азты Дзæуджыхъæуы скъолаты ахуыргæнинæгтæй Ольгинскæйы арæзт æрцыд сæрмагонд къорд. Уыдон ахæм кæнгæ цæсгæмтты мидæг зылдысты хъæутыл æмæ æвдыстой алыхуызон хъæлдзæг нывтæ адæмæн. Уыцы къорды уæнгтæ æмбырд кодтой æхца рухсады куыстæн. Куыдфæстæмæ сæ репертуар рæзын байдыдта. Цы хъæлдзæг нывтæ æвдыстой, уыдон хурмæ хастой сауджынты, пъырыстыфты, писырты æмæ æндæр цæстфæлдахджыты митæ. Уымæ гæсгæ, уыцы къорд адæмы цæсты уыд тынг кадджын. Паддзахы фæсдзæуинтæ та сæ фæстæ зылдысты.

Афтæ чысылгай гуырын байдыдта хиарæзт ирон театр. Театры фæзынд ахъаззаг цау уыдис революцийы куысты дæр. Сценæйы цы иуактон пьесæтæ цыд, уыдоны дзыллæты 'хсæнмæ хæссæн уыд революцийы хъуыдытæ. Уæлдай мæт, уæлдай катай бацыд Брытъиаты Елбыздыхъойы. Уый уыдис социалон-демократон партийы уæнг, стыр ахуыргонд. Ирон хæххон адæмы цард зыдта иттæг хорз. Драмæ æмæ сценæйы хъуыддаг йæ зæрдæмæ айста хæрз сабийæ. Реалон скъолайы мæ куы ахуыр кодта, уæд зæрдиагæй архайдта ахуыргæнинæгты драмон къорды.

1904 азы Елбыздыхъойæн бантысти йæ райгуырæн Дæллагхъæуы фæсивæды æххуысæй йæ фыццаг пьесæтæ «Уæрæседзау» æмæ «Худинаджы бæсты мæлæт» равдисын. Уыдон тынг фæцыдысты адæмы зæрдæмæ.

Зынгæ ирон революционер Мамсыраты Саханджери уыцы азты куыста ахуыргæнæгæй æмæ уыцы пьесæтæ радта Ольгинскæйы фæсивæдæн. Уыдон сæ равдыстой скъолайы агъуысты, стæй та æнæхъæн хъæуы цæрджытæн Карсанаты Алыккайы стыр сарайы. Диссаджы хорз ахъазыдысты Хъырымы æмæ Ахмæты рольты Тотраты Бесæ æмæ Мамсыраты Саханджери. Адæм бамбæрстой пьесæйы сæйраг хъуыдытæ. Автор йæхæдæг дæр, стæй, горæтæй цы бирæ адæм æрцыд, уыдон иттæг бузныгæй ацыдысты уыцы стыр хъазтизæрæй. Бирæ фæхудтысты уæрæседзау Мишæйы митыл. Ахæм «мишæтæ» нæм уыцы рæстæг бирæ уыдис.

Цыбыр рæстæгмæ Ольгинскæйы драмон къорды кой айхъуысти æгас Ирыл. Фæхуыдтой сæ Æрыдонмæ, Чырыстонхъæумæ, стæй та Дзæуджыхъæумæ, æмæ уым дæр равдыстой сæ арæхстдзинад.

Куыдфæстагмæ сценæмæ хонын райдыдтой сылгоймæгты дæр. Ирон сылгоймаджы уыцы рæстæг сценæмæ рахонын уыд стыр зын хъуыддаг, уымæн æмæ-иу сын фидис кодтой, худинаг уыди. Ольгинскæйы æмæ Дзæуджыхъæуы сценæты, фыццаг ирон пьесæтæ æвдисгæйæ, архайдтой ахуыргæнджытæ Цоколаты Фырдæуыз æмæ Байаты Ксеня.

Хиарæзт ирон театры ахадындзинад рæзтис азæй-азмæ, фæлæ дзы иудадзыг архайджытæ кæй нæ уыд, стæй театр сæрмагонд бынаты кæй нæ куыста, уый аххосæй къуылымпы кодта хъуыддаг. Театр пьесæтæй дæр æйййæфта хъуаг. Сæйрагдæр æвæрд цыдысты Брытъиаты Елбыздыхъойы, Кочысаты Розæйы æмæ Хъороты Дауыты пьесæтæ.

Ирыстоны Советон хицауад куы æрфидар ис, уæд рæзын байдыдта ног аивад: литературæ, музыкæ æмæ театр. Фæзындис нæм, йæ цард сæрмагондæй театрæн чи снывонд кодта, ахæм артисттæ. Курдиатджын фæсивæдæн фадат фæцис сæ арæхстдзинад парахатæй æвдисын зарынæй, кафынæй, уадынгæрзтыл цæгъдынæй.

***ДАУЫРАТЫ Харитон,***
***чиныг «Æрвæрттывд», 1992 аз***

* * *

1931 азы Мæскуыйы стыр уынгты утæппæт адæмы 'хсæн, иронау дзургæ, фæцæйцыдысты æрыгон чызджытæ æмæ лæппутæ. Чызджытыл – даргъ къабатæ, сæрак дзабыртæ, хауджын кæлмæрзæнтæ. Иумæ дзы

уыди фæндыр. Лæппутыл – цухъхъатæ, уæлдзарм кæнæ нымæтхудтæ, фæсмын зæнгæйттæ, хæдбынтæ, æд дзæкъул, æд чумæдантæ. Чи æнхъæл уыд, æмæ уыдоны æхсæн разындзæн, фæстæдæр йæ аив хъазт æмæ диссаджы курдиатæй ирон театрдзауты зæрдæтæ чи барухс кæна, сæ кой дардыл кæмæн айхъуыса, ахæм актертæ! Иутæ та дзы суыдзысты фысджытæ, аивадон разамонджытæ. Кæс-ма сæм уæртæ уыцы æвзонг, æвзыгъд фæсивæдмæ: лæпптутæ – Таутиаты Солæман, Магкæты Арсен, Борыхъуаты Барис, Токаты Асæх, Цырыхаты Петя, Хуыгаты Самсон, Дулаты Алмахситт, Кокайты Исай, Сопойты Уырысхан, Цæлыккаты Мæирбег, Бирæгъты Зауыр, Хъуппеты Мысост, Баллаты Валодя, Плиты Грис, Саламты Къола; чызджытæ – Икъаты Серафин, Баймæтаты Меретхан, Дзугкойты Афассæ, Къомайты Василисæ, Дзиойты Рая, Есерыхъуаты Минкæ, Дзукъаты Аня, Тотиты Люся, Хъариаты Тамарæ, Хъæрджынты Варя…

Мæнæ æндахыл фæрдгуытæ куыд хал кæнай, афтæ сæ республикæйы хицауады фæдзæхстмæ гæсгæ хъæуи-хъæу фембырд кодта Тотраты Бесæ – Брытъиаты Елбыздыхъойы хуыздæр хæлар. Йæхæдæг дæр ацыд семæ. Ахуыр сæ кодта ирон æвзаг, ирон æгъдæуттыл.

***ХЪАЙТТАТЫ Сергейы мысинæгтæй***

# ФАРНЫ ФÆНДАГЫЛ

Дидинæг–æрдзы фидауц! Дидинæг зæрдæйы рухсгæнæг, æнæниздзинад хæссæг у, цæстытæн – рæвдауæн. Фæлæ дидинæгæн æнæ уæлдæф, æнæ рухс, æнæ хуры хъармæй рæзæн нæй: руайгæ кæны. Æнæ рухсæй мæрдон фæлурс вæййы, æнæ рухсæй сызгъæрин хуртуанау тæмæнтæ нæ калы.

Зарæг дæр дидинæгау адæймагæн йæ маст суры, лæгæн хъару дæттæг у, ныфсæфтауæг, хæстонæн – цæдисæмбал!

Афтæ уыд кæддæриддæр. Алы адæмыхатт дæр сæ цин, се сгуыхтдзинад, сæ хъыг æмæ сæ зæрдæйы сагъæс зарæджы дзырдтой. Афтæ кодтой ирон адæм дæр. Фæлæ кæддæр заман зарæгæн йæ хурхыл ныллæууыд сау æлгъысты дуг, зарæг хохы цъассытæм сырд æрцыд, æмæ кæмттæй йæ бæсты хъуыст хъæрджытæ. Дидинæгыл уæззау къæйдур ныффæлдæхт. Хæхтæ æмæ кæмттыл сау мылазон мигъ ныббадт, æмæ ма хъуысти æрмæст хъæрзын æмæ дзыназын. Фæлæ зарæгæн цардау къæйты бын дæр амарæн нæй. Адæмы зæрдæты нæ хуыссыд йæ артдзæст. Цас æй тынгдæр æлхъывтой, уыйас тыхджынæй-тыхджын-



дæр кодта, стæй ныннæрыд, хæхтæ дзы нырризтысты, æгас зæхх банкъуыст æмæ йе'нусон уаргъ аппæрста, йе 'лгъыстаг рæхыстæ атыдта æмæ æгас бæстæйыл ныййазæлыд. Сулæфыд ирон зæхх дæр йæ риуы æмбæрц.

Фадат нын фæци не уæнгтæ аивазынæн. Хæхтæй хъарджыты бæсты цины зарæг райхъуысти. Иры хæхтыл ссыгъди уæлахизы сырх тырыса. Куыстуарзаг, ахуырмондаг, æхсидгæзонд ирон адæм дæр иннæ æфсымæрон адæмты æмрæнхъ ралæууыдысты æмæ, дойныйæ мæлæг сæууон донмæ куыд фæлæбура, афтæ сæхи аппæрстой цардмæ æмæ дзы егъау къахдзæфтæ акодтой æнтыстджынæй. Фæлæ сын, се 'нусон бæллиц, сæ зæрдæты цин, сæ сагъæстæ, сæ уæлахизтæ, сæ хъæбатыр митæ кæм æвдыстаиккой, сæ хъуагдзинæдтæ, сæ сафинаг миниуджытыл кæм худтаиккой, ахæм стыр скъола – театр – нæма уыд. Уымæ гæсгæ 1931 азы облæсты партион организацийы уынаффæмæ гæсгæ Мæскуымæ æрвыст æрцыд дæс æмæ ссæдз адæймаджы Иры фæсивæдæй.

Уыцы фæсивæдæй алкæй зæрдæйы дæр сыгъди аивадмæ стыр уарзондзинады арт, æмæ сфæнд кодтой сæхи театры куыстæн снывонд кæнын. Ахуыр кодтой тынг зæрдиагæй, уæддæр сæм цы фидæн æнхъæлмæ кæсы, сæ куыстæй цы рауайдзæн, адæмы зæрдæтæм куыд бахъардзæн, уый **сæ** фидарæй ничи зыдта.

Ахуыры иу аз фæци. Фæсивæд дыууæ къорды фесты æмæ Ирыстоны хъæутæм æрвыст æрцыдысты практикæйы. Æрцыди æнæрцæугæ диссаг. Иры дзыллæ стырæй-чысылæй, зæрондæй-ногæй театрмæ афтæ зæрдиагæй цыдысты, афтæ хæстæг æй айстой сæ зæрдæтæм, æмæ нæ фæсивæды спектакльтæм æмбырдтæ кодтой стыр бæрæгбонмæ цæуæгау. Цал æмæ цал зæронд лæджы сын арфæ кодтой худистæй! Фæсивæды цинæн та бынтон нал уыд кæрон.

Уыцы зæрдиаг уарзондзинад фенгæйæ, ахуырдзау фæсивæдæй алкæй зæрдæйы дæр фæзынди ног ныфс.

Фидæны артистты ахуыргæнæг – Советон Цæдисы адæмон артист Р. Н. Симонов йе стыр дæсныдзинад, йе'ппæт фæлтæрддзинад зæрдиагæй радта Иры фæсивæдæн. Фæстæдæр къорды сæргъы æрлæууыдысты МХАТ-ы режиссертæ, Советон Цæдисы адæмон артист В. Я. Станицын æмæ профессор И. М. Раевский æмæ суанг театры байгомы бонмæ сæ диссаджы дæсныдзинад, се стыр культурæ, се 'гъдау, сæ уарзондзинад театрмæ æппæтæй дæр радтой сæ уарзон ахуыргæнинæгтæн.

1935 азы дæсæм ноябры фыццаг хатт байгом ирон профессионалон театры æмбæрзæн.

Театры фыццаг рауагъдонтæ, аивадон разамонæг Е. Г. Маркова, фыццаг ирон режиссертæ Маккæты А. æмæ Борыхъуаты Б. йæ сæргъы, афтæмæй фидар хъæлæсæй азæлыд зарæг. Æрмæст цавæр фæндагыл ацæуздзæн, йæ сæйрагдæр хахх цавæр уыдзæн, уымæн хъуамæ дзуапп радтаиккой актертæ. Уымæн æмæ театры сæйраг цæджындз, йæ зарæгамонæг у актер. Æмæ стыр героикон-романтикон домбай хъæлæсæй ныццарыдта ирон театры тæккæ ирддæр стъалы Таутиаты Солæман. Уый фарсмæ æрбалæууыдысты цæхæрзæрдæ Икъаты Серафин, фæлмæн æмæ зондджын Баймæтаты Меретхан, зæрдæмæдзæугæ Дзукъаты Аня, йæ лирикон хъæлæсæй базарыд Баллаты Владимир, арæхстджынæй сæхи равдыстой æхсидгæзæрдæ ,лæппутæ Гуситы В., Хъуппеты М., стыр комедийы курдиатджын артисттæ Цырыхаты Петр, Маккæты Арсен æмæ иннæтæ. Коллектив æрлæууыдис героикон-романтикон фæндагыл. Уымæн æмæ афтæ амыдтой актерты сфæлдыстадон миниуджытæ æмæ режиссерты курдиат.

Уыцы стыр балцы фæндагыл театры размæ сыстади дыууæ ахсджиаг фарстайы. Репертуары уыдысты Брытъиаты Елбыздыхъойы драмæтæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, райдайæнæн уый æвзæр нæ уыд, уымæн æмæ ирон театр сырæзт Елбыздыхъойы драмæтæй, уыдон систы йæ фæндагамонæг хъыбыллæ. Фæлæ æрмæст ивгъуыд цардыл зарынæй нæ уыди абоны дуджы домæнтæн дзуапп раттæн. Цард æвæстиатæй домдта, нæ абоны дуг чи равдиса, ахæм драматургтæ ссарын, уыдонæн баххуыс кæнын, нæ иумæйаг хæс кадимæ баххæст кæнын. Æмæ фæзындысты театры сидтмæ Джимиты Георгийы – «Чын-дзæхсæв», Мамсыраты Дæбейы «Номыл усы цот», «Бæтæйы фырттæ» æмæ «Æфхæрдты Хæсанæ», Туаты Дауыты «Сидзæргæс», «Пæсæйы фæндон» «Аргъау», Дзанайты Иваны æмæ Епхиты Тæтæрийы – «Къоста», Плиты Грис æмæ Боциты Бароны «Цардмæ». Уыдоны фæстæ уалдзыгон дидинджытау сæ сæртæ сдардтой Токаты Асæхы «Усгуртæ», Хуыбецты Раяйы «Хæлæрттæ», Цопанаты Хаджумары «Æфсымæртæ», «Ивгъуыд бонтæ» æмæ ма ноджы дæсгай фысджыты уацмыстæ.

Театры стыр фæндаджы кой кæнгæйæ, йæ бындурæвæрджытыл дзургæйæ, бахынцын хъæуы нæ драматургты стыр фæллой. Уæлдай цины хъуыддаг та уый у, æмæ театры репертуары фидæн фидар къухты кæй уыдзæн: Темыраты Дауыт, Гаджиты Георги, Саламты Къола,





Ирон театры куыдджыты къорд, 1959 аз

Брытъиаты Зариффæ, Хуыгаты Геор æмæ бирæ æндæр æрыгон фысджытæ фæлварынц сæ хъару драматургийы.

Егъау фарста уыди театрæн ног фæлтæр бацæттæ кæнын. Кæд коллектив æрыгон фæсивæд уыдысты, уæддæр, бирæ адæм кæм архайдта, ахæм уацмыстæ сисыны фаг нæ уыдысты. Уымæ гæсгæ, куыддæр Мæскуыйæ схæццæ стæм, афтæ студимæ æрæмбырд кодтам иукъорд чызг æмæ лæппуйы, ахуыр кæнын сæ райдыдтам нæхæдæг. Уыцы курдиатджын фæсивæдимæ уыдысты – Галазты В., Дзугаты Г., Бæтæгаты Т. Хъариаты Тамарæ та студи дæр каст нæма фæци, афтæ ист æрцыд театры сæйраг къордмæ. Гъе, уыцы аз райстой Хъæрджынты Варварæйы дæр актрисæйæ, æмæ уайтагъд иу æвзаг ссардта коллективимæ.

Бынтон æндæр уыди Тæбæхсæуты Балойы фæндаг театрмæ. Уый фыццаг æрбацыд хуымæтæджы кусæгæй, стæй, хæдæвзар таугæ æвзарты разæй дидинæг куыд акала, афтæ уайтагъд ныггуыпп ласта æмæ дыууæ азмæ йæ зæрдиаг куысты, йæ тырнындзинады руаджы æрлæууыди раззагдæр актерты æмрæнхъ.

1941 азы ссыгъди Фыдыбæстæйы стыр хæст. Театры актертæн сæ фылдæр хай хæстмæ ацыдысты. Æвæстиатæй бахъуыди ног актертæ цæттæ кæнын. Фæд-фæдыл цалдæр студийы арæзт æрцыд театры, æмæ дзы рауад, театры фидар бынат чи бацахста, ахæм курдиатджын актерты къорд, уыдонимæ – Саламты Н., Туменаты Е., Темыраты Д., Хуыгаты Г., Кочысаты З., Икъаты Б., Беккуызарты О., Калоты Б., Уртаты В., Цæрукъаты А., Ходы Б., Дзапарты С., Мерденты Ю. æмæ Дзаттиаты Ц.

Ныртæккæйы театры егъау бынат ахсы режиссер. Уый у спектаклы аразæг, коллективы ахуыргæнæг, спектаклы бирæ алыхуызон хæйттæ иумæ бæттæг, спектаклы автор. Спектаклы сæйраг идейæ тыхджынæй равдисын уымæй аразгæ у тынгдæр. Æмæ уыцы стыр хæстæ æххæст кæнгæйæ, бирæ тых бахардз кодтой УСФСР-ы аивæдты сгуыхт архайæг Е. Г. Маркова, Цæгат Ирыстоны аивæдты сгуыхт архайджытæ В. С. Фотиев, Маккаты А. æмæ Борыхъуаты Б. Уæлдайдæр та – УСФСР-ы аивадты сгуыхт архайæг Брытъиаты Зариффæ. Фынддæс азæй фылдæр уымæн, театры сæйраг режиссер уæвгæйæ, тæккæ зындæр фадæтты кусгæйæ, бантыст театры йæ нысангонд фæндагыл æнæ фæцудгæйæ ракæнын.

Ныртæккæ сæйраг режиссер Хуыгаты Геор иннæ режиссертимæ зæрдиагæй архайы, цæмæй коллектив, дæс æмæ ссæдз азы дæргъы цы стыр фæндагыл рацыд, уыцы фæндагыл ноджы ныфсджындæрæй фидардæр къахдзæфтæ акæна, ууыл. Уымæн та сын ис, чи хъæуы, ахæм фадæттæ, уыдонæй сæйрагдæр – театры курдиатджын ног фæлтæр, Мæскуыйы Щукины номыл училище каст чи фæци, уыцы актерты къорд – Беккуызарты О., Икъаты М., Хуырымты У., Хъулаты В., Тæбæхсæуты З., Хъалæгаты Ф., Дзуццаты Р., Тыбылаты Ч., Тъуриты М., Тлаттаты Б. Театры ис æрыгон режиссертæ Цихиты М. æмæ Бекъойты Р.

Дæс æмæ ссæдз азы дæргъы театры царды уыдис бирæ цины сахæттæ, зындзинæдтæ дæр дзы къаддæр нæ уыд, фæлæ уæддæр йæ бæрнон хæстæ рох никуы кодта, афтæмæй ирон адæмы уарзон театры тырыса кадимæ æрхаста абоны онг. Æмæ сын уый тыххæй парти æмæ хицауад дæр хорз кад фæкодтой: Тæбæхсæуты Б. лæвæрд æрцыд Советон Цæдисы адæмон артисты ном, Хъæрджынты В., Икъаты С., Хъариаты Т., – Уæрæсейы Федерацийы адæмон артистты нæмттæ, Цырыхаты П., Сланты Къ., Туменаты Е., Тогъойты Т., – УСФСР-ы сгуыхт артистты нæмттæ, Баллаты В., Саламты Н., Мæхъиты В., – Цæгат Ирыстоны АССР-ы адæмон артистты нæмттæ, Кочысаты З., Хаситы А., Икъаты М., Дзугкойты А., Дзукъаты А., Кокайты С. – Цæгат Ирыстоны АССР-ы сгуыхт артистты нæмттæ.

Театры коллектив ныртæккæ йæхи цæттæ кæны Советон хицаудзинады 50 азы бæрæгбонмæ. 1966 азы райдианæй фæстæмæ цы спектакльтæ араздзæн, уыдон иууылдæр сты уыцы бæрæгбоны номыл. Уыцы спектакльтæй уал иу – Хуыбецты Раяйы драмæ «Сау чызг» – театрмæкæсæг дзыллæты тæрхонмæ лæвæрд æрцыд абон. Уый фæстæ цæуы, М. Горькийы романтикон радзырдтæм гæсгæ Тыбылаты Лемзæ цы драмæ ныффыста – «Æхсидгæ зæрдæ», уый, стæй – Гаглойты Федыры (Гафезы) драмæ «Бæсты фарн», киргизаг фыссæг Чингиз Айтматовы фыст драмæ «Мады зæхх» æмæ афтæ дарддæр.

Нæ театры адæм хонынц ирон культурæйы рухсдæр стъалы. Уыцы хъуыддаг махыл бæрнон хæстæ æвæры. Æмæ нæ коллектив стыр зæрдиагæй, удуæлдайæ бацархайдзæн, цæмæй уыцы стъалы æрттива тынгæй-тынгдæр.

***ЦÆЛЫККАТЫ Мæирбег,***
*«Рæстдзинад», 16 январь, 1966 аз*

# ФÆДОНТÆ

Цæуынц азтæ. Намысджын хъуыддæгтæ аразы фæллойгæнæг. Цас цин æрхаста дæс æмæ ссæдз азы фæллой, Ирон театры кусгæйæ, махæн, хистæр фæлтæрæн! Ныр нæ сæртæ фæхалас сты. Азтæ нын ахастой не 'взонгдзинады тæмæн, азтæ нын радтой нæ къухмæ фæлтæрддзинад, зонд. Уæддæр махæн нæ куыст æвзонгдзинады улæфт кæны, æвæд не стæм.

Ирон театр куы байгом, уæдæй фæстæмæ мах хъуыды кодтам ног артисттæ æмæ режиссертæ хъомыл кæнынnetwork. Коллективы хуыздæр артисттæй бирæтæ схъомыл сты театры. Стыр æххуыс бакодтой Мæскуы æмæ Ленинграды аивадон институттæ Ирон театрæн.

1958 азы нæ театрмæ цы 'взонг фæлтæр æрбацыд, уыдонæй абон мах сæрыстыр стæм. Кæд нырма æвзонг сты, уæддæр ныридæгæн сæ къухы бафтыд хорз æнтыстдзинæдтæ.

Романтикон удыхъæдæй хайджын у Хъалæгаты Федыр. Цыбыр рæстæгмæ уымæн йæ къухы бафтыд цалдæр курдиатджын фæлгонцы саразын.

Мæ зæрдæ тынг дарын Тлаттаты Бексолтаныл. Уымæн дæр ис йæхи сæрмагонд сценикон авналæнтæ. Уæлдай хуыздæр арæхсы, егъау æмæ арф социалон æнкъарæнтæ кæмæ ис, ахæм геройты фæлгонцтæ аразынмæ. Уымæн æвдисæн – Бексолтаны хъазт Макбеты, Макдуфы æмæ Ясоны рольты.

Вазыгджын у Икъаты Мæирбеджы сфæлдыстадон фæндаг. Уымæн дæр йæ къухы бафтыд хорз рольтæ саразын. Бирæтæ æууæндгæ дæр нæ кодтой, Къостайы ролы ахъаздзæн, ууыл, фæлæ нæ фыдæнхъæл нæ фæкодта, сарæхст поэты зæрдæйы æнкъарæнтæ æмæ сагъæстæ равдисынмæ.

Се 'ппæты тыххæй дзурынæн фадат нæй, фæлæ æргом зæгъын хъæуы, театры хистæр артисттæн сæ зæрдæ тынг кæй барухс кодтой Цихиты Мæирбег, Беккуызарты Уарзетæ, Хуыгаты Верæ, Годжысаты Исахъ, Тæбæхсæуты Зæирæ, Галазты Земфирæ, Тъуриты Махар, Дзбойты Зоя æмæ иннæтæ.

Адонæй алкæмæн дæр ис сценæйы йæхи сæрмагонд фæндаг. Чи зоны, нырма æдзух хорз фæлгонцтæ нæ саразынц, фæлæ аивады æнцон фæндæгтыл цæуынмæ нæ бæллынц – æмæ уый у се сфæлдыстадон амонд.

Нæ æрыгон артистты фæлтæрæн мæ зæрды ис цалдæр фæндиаджы зæгъын.



Фыццаджыдæр, цардыл стырзæрдæ цæмæй ма кæной. Цард у аивады æнæсысгæ суадон, æмæ йæ ахуыр кæнын хъæуы, цардимæ æмцыд куы кæной, уæд сæ аивад æдзухдæр уыдзæн рæстаг, æвзонг, егъау хъомыладон хотых.

Нæ фæсивæд хъуамæ æрвылбон ахуыр кæной сæ хистæрты фæлтæрддзинад. Бирæ фенæг–бирæ зонæг. Хистæртæ та фылдæр рацардысты æмæ фылдæр зонынц. Йæ хистæрты зонд æмæ уынаффæмæ чи хъуса, уый рæдыд никуы æруадздзæн.

Нæ æрыгон артисттæ хъуамæ фылдæр кусой сæхиуыл. Дунеон аивады æмæ литературæйы хæзнатæ хъуамæ ахуыр кæной лæмбынæгдæр. Артист хъуамæ зона, хирург йæ къухмæ операцигæнæн кард куы райсы, уæд адæймаджы уæззау низы дзæмбытæй байсынил цы хъуыдытæ фæкæны, хъуамæ хата фыййауы сагъæс, зæххкусæджы бæллиц, шахтеры зарæг, кусæджы дзæбуг æмæ хъæсдарæджы зыланг.

Цин æмæ хъыг сфæлдыстадон æфсымæртæ сты. Цыфæнды курдиатджын артистæн дæр æдзух йæ къухы уæлахиздзинæдтæ нæ фефты. Æмæ нæ æрыгон артисттæн мæ зæрдæ зæгъы, цæмæй хицæн къуыхцытæй ма тæрсой, фæлæ агурой ног æмæ ног фæндæгтæ.

***ТÆБÆХСÆУТЫ Бало,***
*«Рæстдзинад», 16 январь, 1966 аз*






# ПОЭЗИ

# ÆНУСОН ЗАРÆГ

*ЧЕДЖЕМТЫ Æхсар*

## ТАУТИАТЫ СОЛÆМАНЫ ЗАРÆГ

Елхоты сæрмæ нын ыстъалы ферттывта,
Ыстъалы ферттывта, гъей.
Уый, зæгъы, ыстъалы нæ уыди, лæппутæ,
Нæ уыди, лæппутæ, гъей.
Таутиаты Солæман – цæхæрцæст ирон гуырд, –
Тæмæнкалгæ курдиат, гъей.
Нæ ирон театры зæрин хур ыссыгъта,
Зæрин хур ыссыгъта, гъей.
Фыдæлты æхсарæй æхсарджын чи уыди,
Æфсармджын чи уыди, гъей.
Нæ Иры цæргæстæй бæрзонддæр чи стахти,
Бæрзонддæр чи стахти, гъей.
Таутиаты Солæман, нæ номдзыд Солæман,
Нæ театры фидауц, гъей.
Йæ царды уалдзæджы, æрттивгæ кадæджы,
Йæхи зынгæй басыгъд, гъей.
Нæ Иры хистæртæ бæрзонд кæмæй хастой
Сæ кадджын урс сæртæ, гъей.
Æрфæны фæдау нын йæ фæд кæмæн баззад
Фыдæлты хорз зæххыл, гъей.
Таутиаты Солæман, о де сконд артдзæстæн
Æрхуыссæн макуы уа, гъей.
Æнусæй-æнусмæ дæ рухс ном фæцæра,
Нæ Иры бæстæйы, гъей.

*15. 10. 1995.*

*ПЛИТЫ Хадо*

## ЗЫНАРГЪ ХЪÆБУЛ ДÆ ИРÆН

*Тæбæхсæуты Балойæн*

Цытæн дын дидинджытæ радтам,
Хæдæфсарм, Адæмон артист.
Дæумæ цы уарзондзинад дарæм,
Кæрон та уымæн ныр кæм ис!

Дæ герой-иу куыд вæййы царды,
Уый афтæ алчидæр уыны:
Йæ зынты, цинты-иу куыд арт уыд,
Дæ хъазтæй махмæ уый зыны.

Уадз, мавр нæм иронау дзурæд!
Зынаргъ у хохбæстæн Шекспир.
Уынæм Отеллойæн йæ сурæт,
Йæ раст зæрдæйæ буц у Ир.

Ды, Лиры хъазгæйæ, куы згъалыс
Фыр мæстæй судзаггаг цæссыг,
Уæд нын нæ зæрдætæ куы халыс,
Мæрдджынау-иу фæкæнæм хъыг.

Цытæн дын дидинджытæ радтам,
О, номдзыд,
Адæмон артист!
Дæумæ цы уарзондзинад дарæм,
Кæрон та уымæн ныр кæм ис!



*КАСАТЫ Батрадз*

## АКТЕР

*Хъантемыраты Терезæйæн*

Нæ бабæлдзæн мæ цардвæндагмæ ничи.
Къæвда бонтæ фæфылдæр вæййынц хуртæй,
Мæ бæллиц мыл сындзгæрдæгау ныййичъи,
Мæ фæлмæн базтæ баивдæуыд дуртæй.
Уæддæр хъысмæтæй амонддзын фæдæн,
Æнкъард цæстытæ цины тæмæн ахсынц…
Хæссын мæ уд, мæ сагъæстæ дæуæн,
Рæстзæрдæ театрдзау,
Мæ хуыцауыл дæ барын.

*Дауырæ*

## ÆРÆМДЗÆГЪД НЫН КÆНУТ!

*Хъулаты-Хуыгаты Верæйæн*

Верæ:
Зæрин рæхыстæй уæ
нæхиуыл бæттæм,
Нæ уды цæхæр уын
лæварæн дæттæм!
Нæ сарæзт сурæттæ
уæ ахонынц дард,
Актерæн у сценæ
йæ хъысмæт, йæ цард!
Кæйдæр къахвæндæгтыл
мах иумæ цæуæм,
Кæйдæр царды цаутыл
мах иумæ кæуæм,
Мах иумæ фæкалæм
фыр цинæй цæссыг,

Мах иумæ фæсурæм
уæ зæрдæты хъыг.
Æнæ ацы сценæ
мæ бон нæу цæрын,
Мæ фыны дæр ам вæййын –
ард уын хæрын.
Æрæмдзæгъд нын кæнут!
ныхъхъæр кæнут: «бис»!
Уæ арфæйы дзырдтæ
актерæн – йæ ис.
Зæрин рæхыстæй уæ
нæхиуыл бæттæм,
Нæ уды цæхæр уын
лæварæн дæттæм!
Нæ сарæзт сурæттæ
уæ ахонынц дард,
Актерæн у сценæ
йæ хъысмæт, йæ цард!

*ЦÆРУКЪАТЫ Алыксандр*

## ÆФСЫМÆРЫ СУРÆТ

*(Скъуыддзаг)*

*УСФСР- ы сгуыхт артист*
*Цæрукъаты Тотырбеджы фырт*
*Алыксандры рухс номæн*

1

Уыдтæ мæ ныфс хæххон мæсыгау
Æгъдынцой – цинты ´мæ зынты.
Æнæ рахъаргæ ´мбæхст цæссыгау
Мæ риуы баззайдзынæ ды.



Тæлфдзæн мæ фæндырæн йæ хъистыл
О, де стъæлд сонт зæрдæ, мæ бон.
Уæд та дын хорздзинадæй исты
Фæуын куы суыдаид мæ бон.

Дæ тыхст иу хаттæй-хатт нæ зыдтон...
Ныр та ма цы?.. Æнусты тар...
Тызмæг дæм искуы кæд ысдзырдтон,
Уæд мын мæрдты бæсты ныббар.

2

Дæрддзæф хъæуæй ды горæтмæ фæцыдтæ…
Дæу бауарзтой нæ дзыллæтæ æргом.
Ды канд артист, ды канд актер нæ уыдтæ –
Бæрзондмæ систай адæймаджы ном!

Зын сахаты лæджы фарсмæ лæууыдтæ,
Дæ зæрдæ дуар – хæлардзинадæн гом.
Ды канд артист, ды канд актер нæ уыдтæ –
Сыгъдæгæй хастай адæймаджы ном!

Цъымыр удтимæ карз тохы хæцыдтæ,
Ды хъахъхъæдтай æцæг лæджы цæсгом.
Ды канд артист, ды канд актер нæ уыдтæ –
Æцæг рæстдзинад – де стыр цыт, дæ ном!

*БЕКМÆРЗТЫ Афон*

## БАЛОЙÆН

Æнусæй-æнусмæ дугъ уадзы нæ рæстæг:
Кæй ассоны рындзæй, кæй ахæссы дард.
Иу уадзы йæ хорз ми, йæ цыргъ зонд йæ фæстæ,
Йæ цырты цур иннæ фæвæййы йæ цард...

Лæг размæ куыд кæсы, фæстæмæ дæр афтæ,
Фæзæгъы: «Тæхуды, нæ фыдæлты зон».
Æрмæст сæм йæ бæллиц, йæ сæнтты куы афты,
Уæд хаттæй-хатт цин кæны, хатт та – фæсмон...
Дзырддзæугæ фыдæлтæн ис намыс нæ Иры, –

Фæзæгъы нæ алчи: «Куы федтаин æз
Чермены, Къостайы, Отелло 'мæ Лиры»...
Нæ бæллицтæн, Бало, ды ссарыс фæрæз.
Амыранау, махæн лæварæн æрхастай
Фыдæлты зæрдæтæй æнусон цæхæр.
Кæй сурæттæ федтам дæ фæрцы, дæ хъазты,
Гъе, уыдоны 'рцыдмæ дзæбæхæй фæцæр!..

*ХАДЫХЪАТЫ Фатимæ*

## ИКЪАТЫ МÆИРБЕГ

Тимон дæн æз.
Мæ къух уыл исын абон
Æмæ цæуын
Мæнгард дунейæ дард.
Дæн Димитров.
Æз н' ауæрдын мæ удыл,
Кæнын мæ æфхæрд адæмæн лæггад.
Æз дæн Къоста.
Кæд райгуырдтæн хæхбæсты,
Уæддæр дунетыл аххæссыд мæ зонд.
Фæдзæхсын уын:
Æппæт адæмтæ зæххыл,
Кæрæдзи уарзут
Æмæ ут æмзонд.
Æз Яго дæн.



Мæнгард æмæ фæлитой.
Мæн искæйы кад
Батæрдзæн мæрдтæм.
Хуыцау лæгдзинад
Иннæтыл куы уæрста,
Мæнмæ æрхауди марг æмæ хæлæг.
Фæтæг дæн æз.
Фæлæ æххуырст фæтæг,

Кæйдæр паддзахад
Систон æз бæрзæндтæм,
Мæхи бæстæ та –
Ссæст æмæ æфхæрд.
Цынæ хуызы уæм рацыдтæн,
Сымахæй йæ зæрдæ ничи
Аивта мæнмæ.
Мæн æмæ уе 'хсæн –
Сценæйы æмбæрзæн.
Ныр дæр мæм хъуысы
Залы къухæмдзæгъд.
Æз дæн хуымæтæг
Адæймаг æрмæстдæр,
Мæ ном – Мæирбег Икъатæй.
Сæрыстыр æмæ разы дæн
Мæ цардæй,
Мæ фæлгонцтæй дæр
Разы дæн, бæгуы...
Цæссыг нæ хъæуы,
Ма кæсут æнкъардæй,
Нæ алкæйы дæр
Абонмæ хъæуы...

## БИБО

Отеллойы хъыг бахсыдта мæ зæрдæ,
Чермены æфхæрд басыгъта мæ риу.
Эдипы мастæй бакуырм дæн бынтондæр,
Мæхи æнкъарæн сурæттимæ сиу.

Æз зонын уарзын, фæлæ зонын маст дæр
Æз базыдтон рæвдыд æмæ æфхæрд.
Мæн чидæртæ Хуыцæуттимæ дæр барстой,
Кæмæн та уыд мæ сонт рæдыд æгъгъæд.

Чи цин кодта мæ уæлахизтыл, хорзыл,
Чи агуырдта мæ къахдзæфтæм быцæу.
Уæддæр æй æз мæ сыгъдæг удæй зонын,
Мæ сурæттæм мын нæй æрхæссæн фау.

Мæ фæлгонцтæ мæ бадомдтой…
Мæ цардæй куы нæ у раппæлын мæ бон.
Уæддæр уыдтæн хуыздæр амондæй хайджын,
Мæ царды кæрон нæй мæнмæ фæсмон.







***Аивад кæддæриддæр хъуамæ сæрибар уа. Уымæн къæлæтты æвæрæн нæй. Æцæг аивад хъуамæ хæххон донау йæхицæн размæ фæндаг къæртт кæна. Йæхæдæг хъуамæ уæлахиз кæна кæцыфæнды цæлхдуртыл дæр.***

***ДЗЫТИАТЫ Лактемыр***





# МЫСИНӔГТӔ

## ЦӔРУКЪАТЫ АЛЫКСАНДР

Алыксандры кой искæмæй куы фехъусын, уæд æваст æнкъард сагъæсты аныгъуылын. Уыйхыгъд мæ зæрдæ та æнæкæрон сæрыстырдзинадæй байдзаг вæййы.

Ис царды иу æцæгдзинад – бирæ фæцæрын сæйрагдæр нæу, сæйрагдæр у, куыд фæцæрай, дæ фæстæ цавæр ном ныууадзай, де 'мдугонтæ дын дæ цардæн цавæр аргъ скæной.

Хæрз цыбыр рæстæг балæвар кодта хъысмæт цæрынæн Цæрукъаты Алыксандрæн – Ирыстоны адæмон æмæ Уæрæсейы сгуыхт артистæн. Ӕдæппæтæй 39 азы. Куыд фæзæгъынц – стъалы фæзынд, цæхæр акалдта æмæ æрбайсæфт. Фæлæ, кæд абон æнусы æрдæгæй фылдæр рæстæг рацыди, йæ цардбæллон æмæ адæмы уарзæгой зæрдæ йæ фæтæн риуы йæ кусынæй куы банцад, уæдæй нырмæ, уæддæр уый аивады цы бæрзонд къæпхæнмæ схызти, цы ирд æмæ зæрдæмæдзæугæ сурæттæ сарæзта ирон театры сценæйыл, уыдон йе 'мдугонтæй никуы ферох уыдзысты. Ӕз мæхи аргъгæнæг нæ кæнын Алыксандры стыр курдиатæн. Уымæн аккаг аргъгæнæг сты нæ Иры кадджын æмæ разагъды хистæртæ: Мамсыраты Тасолтан, Мæхæмæтты Ахуырбег, Бекъойты Розæ, Тлаттаты Бексолтан, Гæздæнты Булат æмæ бирæ театруарзджытæ – се 'ппæтæн дæр мæ сæрæй ныллæг кувын.

Стыр хъыгагæн, уыцы рæстæджы телеуынынад нæма уыди, æмæ абоны фæлтæр иппæрд æрцыдысты Алыксандры æвидигæ курдиат сценæйыл фенынæй, фæлæ, Хуыцауæн табу, йæ нæргæ хæрзаив хъæлæс фыст æрцыди пленкæйыл æмæ хаттæй-хатт райхъуысы ирон радиойы уылæнтыл. Ам мæ стыр бузныг зæгъын фæнды, радиобакастытæ кæй хъæппæрисæй арæзт æрцæуынц, уыдонæн: Газайты Зояйæн, Лалыты Хъазыбегæн, Налдыхъуаты Зæлинæйæн… Ирыстоны адæм стыр аргъ кæнынц Алыксандрæн (Дзибоккайæн) йе стыр курдиаты тыххæй, йæ ном аивады кады фæйнæгыл сызгъæрин дамгъæтæй фыст кæй æрцыди, уымæ гæсгæ, фæлæ бирæтæ нæ зыдтой, Хуыцау зæххон адæймаджы цыдæриддæр хорз миниуджытæй барæвдыдта, уыдонæй се 'ппæтæй дæр æххæст кæй уыди. Йæ бакаст – бæлиццаг, мæнæ афтæ кæмæй фæзæгъынц «саджы фисынтыл амад», зæгъæ, удæй – хъæздыг, æмгарджын, хистæртæн – уæздан кæстæр, кæстæртæн – зондамонæг, аудæг. Горæтæй-иу хъæумæ куы ныццыди, уæд-иу æнæхъæн сыхбæстæн дæр бæрæгбонау уыди. Рæстæг-иу ссардта алкæуыл дæр бацин кæнынæн гыццылæй стыры онг.

50-æм азты адæм æмхуызон тыхст æмæ æвадат уавæрты цардысты, фæлæ кæрæдзиуыл та æнувыддæр уыдысты. Хъæутæй ралидзæг адæм хæрз чысыл царди горæты. Алыксандрæн, театры кусгæйæ, радтой иу агъуыст – йæ фæзуат хæрз чысыл кæмæн уыди, ахæм. Хъарманы хъæуæй чи дохтыры æххуыс агурæг цыди, чи уæлдæр скъолатæм фæлварæнтæ дæттынмæ – се 'ппæтæн дæр фысым уыд Дзибокка. Алкæуыл дæр-иу бацин кодта, йе 'ххуысы хай дæр сын никуы бавгъау кодта. Уæдæ сæ æхсæвиуат кæнынмæ дæр никуы никæдæм ауагъта. Хъазгæ-худгæйæ сын-иу æхсæвæр бахæрын кодта, стæй-иу йæхæдæг фысымуатмæ ацыд, уазджыты та-иу фатеры ныууагъта.

Уæд ма æз кæстæр къæлæсты ахуыр кодтон. Зымæджы ахуырæй уæгъд рæстæджы мæ 'рбаласта, горæт дын фенын кæнон, зæгъгæ. Иубон театрмæ цом, зæгъгæ, хæдзарæй рагацау рацыдыстæм, цæмæй фистæгæй ссæуæм, æмæ æз горæты уынгтæ фенон. Фæндагыл ныл цы бирæ адæмтæ æмбæлди, уыдон се 'ппæт дæр зæрдиаг салам лæвæрдтой ме 'мбæлццонæн, сæ цæсгæмттыл-иу цины уылæн анхъæвзта. Дзибокка дæр сын мидбылхудт æмæ йæ сæры акуывдæй дзуапп лæвæрдта æхсызгонæй.

Уыцы бон театры цыди спектакль «Чермен». Сæйраг хъайтары ролы хъазыди Дзибокка. Залы адæмæй къух бакæнæн нал уыди. Се 'ппæт дæр зæрдиагæй æнхъæлмæ кастысты спектаклы райдайынмæ. Уалынмæ байгом æмбæрзæн. Дзибокка сценæйы куы фæзынди, уæд залы адæм се 'ппæт дæр сыстадысты æмæ тыхджын къухæмдзæгъд сарæзтой. Куыд сæрыстыр уыдтæн уæд æз ме 'фсымæрæй! Абон дæр уыцы сæрыстырдзинад мемæ цæргæйæ баззад. Арæх æрымысын ацы цау. Скъолайы ахуыр кæнгæйæ, архайдтон драмон къорды. Иухатт сæвæрдтам Брытъиаты Елбыздыхъойы пьесæ «Дыууæ хойы». Къорды разамонæг мænæн бабар кодта Хансиаты роль. Репетицийы рæстæджы нæ архайд йæ зæрдæмæ фæцыди нæ разамонæгæн, æмæ йæ бафæндыди, хъæууон клубы йæ куы равдисиккам, уый. Ӕрбацыдысты, клубы алыварс чи царди, уыдонæй бирæтæ. Пьесæ æвдыст куы фестæм,

æмбæрзæн куы æрæмбæрзтой, уæд мæм нæ разамонæг æрбацыд, йæ хъæбæсы мæ ныккодта æмæ афтæ бакодта: «Ды хъуамæ артисткæ суай. Монолог куы кастæ, уæд, залы сылгоймагæй чи уыди, се 'ппæт дæр кæугæ кодтой». Радон фембæлды æз ацы ныхæстæ рафæзмыдтон Дзибоккайæн. Уый мæм æдзынæг ныккаст æмæ афтæ бакодта: «Æз цалынмæ театры кусон, уæдмæ мæхион чызджытæй уым ничи уыдзæн». Стæй мæм йæ амонæн æнгуылдзæй амоны: «Уæлдайдæр ды!» Цæмæндæр æппæт сывæллæттæй мæнып æнувыддæр уыди (12 сывæллоны уыдыстæм иу кæрты, иу æфсымæрæн дæр – 6, мах дæр нæ фыдæн – 6).

Горæтмæ-иу сæм куы ссыдтæн, уæд-иу йæ цинæн кæрон нæ уыди. Уынгæ иу-мæ нæма фæкодта, афтæ-иу дуарæй йæ цины хъæлæс æрбайхъуысти: «Я вижу, здесь женщина побыла!» Фæбадтыстæм-иу æмбисæхсæвмæ æмæ иу зæрдиаг ныхæстæ фæкодтам. Лæмбынæг-иу мæ фæфарста бинонтæй, сыхæгтæй, хионтæй.

Тынг хæлар æмæ уарзонæй фæцардис Мерденты Юрæ æмæ Цихиты Мæирбеджы бинонтимæ. Афтæ зæгъæн ис, æмæ сæ адджын къæбæр æртæ дихы кодтой. Нæ алы хабары дæр-иу æрбалæууыдысты нæ фарсмæ. Хорз ахастдзинæдтæ йын уыди Дзибоккайæн Тæбæхсæуты Балоимæ. Уый йын стыр аргъ кодта йæ арæхстдзинадæн, фæстæдæр та – йæ курдиатæн. Суанг ма, йæ фадат куыд амыдта, афтæ йын материалон æххуыс дæр кодта. Ахæм ахастдзинæдтæн Дзибокка стыр аргъ кодта. Йæхæдæг дæр зæрдиагæй аудыдта артистты æрыгон фæлтæрыл. Цæстуарзонæй сын амыдта, аивады фæндæгтыл куыд растдæр цæуын хъæуы, хиуыл куыд кусын хъæуы. Абон дæр Мамсыраты Тасолтан зæрдиагæй æрымысы, Дзибоккайæ цы цæстуарзон амынддзинæдтæ фехъуыста, уыдон, кæцытæ йын тынг фехъхуыс сты йæ дарддæры аивады фæндагыл.

Дзибокка адæймаджы ном бæрзонд кæй хаста, уый ма иу хатт рабæрæг, æвирхъау цæф куы фæци æмæ рынчындонмæ куы бахауди, уæд дæр. Дохтыртæ йæ фарстой: «Чи дæ, дæхи ма нын бацамон?» Йæ дзуапп уыди ахæм: «Адæймаг» – ома хуымæтæг адæймагæн цы æххуыс бакæниккат, уымæй уæ фылдæр нæ домын.

Ирон адæмæн æдзæстуарзондзинад æмæ хæлæг кæнын, æвæццæгæн, сæ туджы ис, æмæ, се 'хсæн хуыздæр чи вæййы, уый хъуамæ исты фыдбылызы баппарой, тæвд цæхæртæ йыл бакалой. Гъе, уыцы азар басыгъта ме 'дзард æфсымæр Дзибоккайы дæр.



Иурæстæджы Дзибокка не 'рвад, фыссæг Алыксандрæн (Быдзеу), ахæм хабар ракодта: «Ирыхъæумæ хуынд уыдтæн. Бадт æрæгмæ асайдта, æмæ трамвай нал цыди. Фистæгæй æрцæйцыдыстæм, æмæ иу ран иу хæдзары фæскъулæй цыппар лæппуйы маскæты куы рагæппытæ кæниккой мæ размæ. Чидæр сæ цыдæр сдзырдта, æз æй йæ хъæлæсæй базыдтон æмæ йæм йæ номæй куы сдзурин. Лæппутæ уайтагъд цыдæр æрбаисты». Ацы хабар æмæ ма нодж ы æндæр хабæрттæ Быдзеу зыдта, фæлæ сæ мад зæгъын нæ бауагъта æмæ сæ уый дæр йемæ мæрдтæм ахаста.

Алыксандры адæм цас уарзтой, уымæн æвдисæн уыди йæ ныгæнæн бон. Ирыстоны дзыллæтæ сызмæлыдысты æмæ йын йæ мæрдтæм фæндаг ставд цæстысыгæй æрæхсадтой. Уыцы бон йæ мад Саучызг уыйбæрц дзыллæтæ куы федта, уæд сыстад, æргуыбыр кодта табæтмæ æмæ афтæ бакодта: «Дзибокка, мæ хъæбул, æз дæ мæ лæппу куы хуыдтон, ды та адæмы лæппу куы уыдтæ!».

Рæстæг, дам, хъæдгæмттæ дзæбæхгæнæг у, фæзæгъынц, фæлæ уый, æвæццæгæн, буары хъæдгæмттæй загъдæуыд, зæрдæйы арф хъæдгом та тугæрхæмæй баззайы цæргæцæрæнбонты. 2021 сæххæст уыдзæн 60 азы, йæ зæрдæйы хъæрмæй нæ чи тавта, нæ лæугæ хох, нæ цæугæ мæсыг кæй хуыдтам, нæ уæздан мыггаджы кад бæрзонд чи хаста, Ирыстоны адæмы æхсæн йæхицæн стыр ном чи скодта, уыыл йæ дуне куы баталынг, уæдæй нырмæ. Фæлæ уæддæр зæрдæты рыст къаддæр нæ фæци.

*Æппæт хиуæтты ды дæхиуыл сбастай,*
*Стæй дæ уарзт ды сау мæрмæ фæхастай.*
*Ныр сау мæрмæ æнкъардæй мах кæсдзыстæм,*
*Не стыр маст нæ зæрдæты хæсдзыстæм,*
*Дæ сыгъдæг ном дын Дзуары номау мысдзыстæм.*

***ЦÆРУКЪАТЫ Азæ***

## ГОДЖЫЦАТЫ ИСАХЪ

Æрдз ирон аивадæн цы хуыздæр лæвæрдтæ бакодта, уыдонæй иу уыдис Годжыцаты Исахъ – Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт артист, Цæгат Ирыстоны æмæ Абхазы адæмон артист, Станиславскийы номыл паддзахадон премийы лауреат. Фæцард æрмæстдæр 66 азы. Цыбыр царды бонтæ, фæлæ кæуылты уыдысты артисты фарн æмæ курдиат, цас æй уарзтой адæм!

Годжыцаты Исахъ йе 'мбисондæн дзуринаг курдиатæй адæмæн уыйбæрц циндзинад хаста, æмæ, уыцы цины æнкъарæнтæ уардитæ куы фестиккой, уæд цæст нæ аххæссид дидинджыты æнæкæрон быдырыл.

1961 азы Мæскуыйы Немирович-Данченкойы номыл академион театры студи каст фæуынæй йæ царды фæстаг бонтæм удуæлдай лæггад кодта ирон сценикон аивадæн. Сæдæ фæндзай ролæй фылдæр скодта сценæйы: опереттæ уа, музыкалон комеди, драмæ, трагеди – æмхуызон коммæгæс уыдысты йæ бирæвæрсыг курдиатæн æппæт жанртæ дæр…

Исахъ рольты «хъазыд» зæгъæн дзы нæй. Уый цард йæ фæлгонцы цардæй. Иууылдæр хайджын уыдысты хæдбындур миниуджытæй. Æмæ уымæн нæ рох кæнынц аивадуарзджытæй. Йæ æрдзон курдиат æмæ иттæг хорз ахуырад уыдысты фидар бындур бирæ вазыгджын фæлгонцтæн – канд ирон нæ, фæлæ, уырыссаг æмæ фæсарæйнаг классикон драматургийы фидауц чи у, ахæмтæн.

***АБАЙТЫ Арбилянæ***

## ТÆБÆХСÆУТЫ БАЛО

Тæбæхсæуты Балойы сценæйы чи нæ федта, цы диссаджы адæймаг уыд, уый чи нæ зоны, ахæм фæлтæртæ бирæ рахъомыл. Театрмæ тынг хæстæг чи у, мæ иу ахæм хæларæн куы загътон, Бало Отеллойы ролы Мæскуыйы театр Моссоветы Юри Завадскиймæ иронау кæй хъазыд, спектакль та уырыссагау кæй цыд, уæд уый тынг фæдис кодта.

Тæбæхсæуты Бало æнæхъæн мæй репетици кодта театр Моссоветы аивадон разамонæг, Советон Цæдисы адæмон артист Юри Александры фырт Завадскиймæ. Кæимæ хъазыд, уыцы актеры фехъусын хъуыд ирон репликæ, цæмæй йын афойнадыл  дзуапп  ратта æмæ дарддæр тырна  Балойы  бæрзонд аивадон æмвæзадмæ схизынмæ.

Уыцы рæстæг англисаг газеттæ фыстой, зæгъгæ, Тæбæхсæуты Бало у Отеллойы ролы легендарон Эдмонд Кингы рæстæджытæй фæстæмæ хуыздæр ахъазæг.

Æз Ирон театр æрæййæфтон, йæ тæккæ цæхæркалгæ уавæры куы уыд, уыцы рæстæг. Уый æнæкæрон уарзтæй уарзтой театрдзаутæ æмæ Мæскуыйæ æрцæуæг режиссертæ æмæ критиктæ.

Ирон театр фæндзайæм азты уыд Советон Цæдисы хуыздæр театртæй иу.

Щукины училищейы сценикон ныхасы кафедрæйы сæргълæууæг, аив кæсыны диссаджы дæсны Яков Смоленский,  Балойы Моссоветы театры Отеллойы ролы хъазгæйæ куы федта, уæд махæн, студенттæн, дзырдта: «Мæнæ кæуыл ахуыр кæнын æмбæлы, сценæйы куыд дзурын хъæуы, ууыл. Æз ын, ирон æвзаг нæ зонгæйæ, æмбæрстон йæ алы дзырд дæр. Æнкъардтон ын йæ зæрдæйы алы фæзилæн дæр, æз куыдтон йемæ. Æз уæм хæлæг кæнын, сымах хъаздзыстут ахæм егъау курдиаты хицауимæ иу сценæйы. Ахæм артистимæ та æвзæр хъазæн нæй!»

***ХÆБÆЛАТЫ Олег***

## УАТАТЫ БИБО

Махæн-иу нæ алы фембæлд дæр бæрæгбоны хуызæн уыди. Кæд-иу, зæгъæм, Бибо уыцы бонты Ирыстоны нæй, мах та-иу уырдæм нæ театр æвдисынмæ ацыдыстæм, уæддæр-иу махæн, цæцæйнаг лæпputæн, уымæн йæ хæдзармæ æнæ бацæугæ нæ уыд. Йæ дзæбæх мад Тамарæ ныл-иу, мæнæ цыма йæхи лæппутæ уыдыстæм, уыйау бацин кодта, сбуц нæ-иу кодта, сæумæрайсом-иу стъолыл нæ хæрд цæттæйæ лæууыди.

Йухатт Тамарæ Цæцæнмæ дæр æрбацыд, мæ мадимæ базонгæ, кæрæдзиуыл фæцинтæ кодтой, мæнæ цыма раст дыууæ хойы уыдысты. Мах сæм Бибоимæ иуварсæрдыгæй кастыстæм, цин кодтам.

Махмæ хæст куы райдыдта, уæд æз Бибойæ бирæ æххуыстæ зыдтон. Нæ хæдзар ныппырх, æмæ уæд Ирыстонмæ аластон мæ бинонты. Бибо уæд ам культурæйы министр уыдис. Æз ын уыцы фæлладæй, цæфтæй, бинтытæй бастæй йæ кабинетмæ куы бахызтæн, куы мæ федта уыцы хуызæнæй, уæд дæ бауырнæд, къулмæ азылд æмæ иуцасдæр кæугæ фæкодта, йæ фæтæн уæхсчытыл зырзырæг бахæцыд. Æрæджиау кæддæр æй æрсабыр кодтон. Мæхицæн дæр мæ цæссыгтæ æркалдысты…

***Дагун ОМАЕВ***

* * *

Æз йемæ фыццаг хатт базонгæ дæн «Таджикфильм»-ы уæрæх кæрты. Абоны хуызæн ма мæ цæстытыл уайы: нарæг къахвæндагыл æрбацæйцыд бæрзонд, хæрзконд нæлгоймаг, боцъоджын. Зæгъын, чи у уый. Æмæ, дам, Бибо Уататы, ирон, дзырдтой фæлмæн, уарзонæй. Уымæн уæд ма йæ ном хъуыстгонд нæма уыди. Фæлæ уайтагъд куы иу ран, куы иннæ ран хъуыстон: «Бибо афтæ загъта», «Бибо та афтæ хъуыды кæны…»

Ӕмæ йæ уæд бамбæрстон: ацы лæгмæ алы хæдзары дæр æнхъæлмæ кæсынц.

Абон нал ис, фæлæ уæддæр мæ цæстытыл уайы уыцы рæсугъд, уыцы бæрзондæй. Иу хатт æй бафарстон:

– Бибо, ахæм æнкъард цæстæнгас дын цæмæн ис?

Уый мæм бахудти:

– Ирæттæн вæййы æнкъард цæстытæ…

Ӕз ма йыл бафтауин:

– Стæй хуримæ сæ зæрдæтæ…

***Михаил КОРНЕВ***

* * *

– Ӕз нæ Культурæйы министрады дæс æмæ ссæдз азæй фылдæр бакуыстон, æмæ мæ бон фидарæй зæгъын у: Бибоимæ цы бонтæ бакуыстам, уыдон нын уыдысты æппæтæй амонддæрдæр. Махмæ уымæй размæ йæхицæй хуыздæр министр нæма уыди! Йæ рæдаудзинадæн æмбал нæ уыдис.

Иухатт нæм Мæскуыйæ ссыд Уæрæсейы культурæйы министр Сидоров æмæ нын уый афтæ загъта:

– Сымах æмбарут, цавæр стыр адæймагимæ кусут, уый?

Мах ын загътам:

– О, бæгуыдæр æй æмбарæм.

Бибойы куы баныгæдтой, уæд дыккаг бон куыстмæ цыдтæн, æмæ мæм афтæ касти, цыма, кæдæм цæуын, уыцы æртæуæладзыгон бæстыхай зыбыты афтид у. Ныр ууыл цал азы рацыд, фæлæ, диссаг, уыцы æнкъарæн мæ абон дæр цух нæ уадзы…

***ХЕСТАНТЫ Тамарæ***

* * *

Мах Бибоимæ иу хъæуы схъомыл стæм, иу скъолайы ахуыр кодтам. Нæ дыууæйæн дæр Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæмард сты нæ фыдтæ. Уымæ гæсгæ кæрæдзи дæр хуыздæр æмбæрстам.

Уый кæд асæй мæнæй бæрзонддæр æмæ бæзæрхыгдæр уыд, уæддæр ын сывæллоны зæрдæ уыд. Алкæмæн дæр тæригъæд кодта. Уайтагъддæр-иу йæ цæссыгтæ йæ рустыл æргæр-гæр кодтой.

Ӕз-иу ын хатгай афтæ дæр ма бакодтон, æппæт дæ зæрдæмæ арф ма ис, зæгъгæ.



Уый мын-иу уæд хъазгæмхасæнты афтæ, цæй хъæбæрзæрдæ дæ, ды кæуын дæр куы нæ зоныс, зæгъгæ.

Фæлæ мæм, Бибо, ды дæ ныгæнæн бон æмæ абон дæр куы ʻрбакæсис, уæд мæ хъæбæрзæрдæ нал хонис, æрмæст дæ ном фехъусгæйæ дæр уайтагъд кæуындзæг мæ былалгъыл куы абады... Мæнæ ацы поэтикон рæнхъытæ дæр уæд, дæуæн фæстаг фæндараст зæгъгæйæ, цæссыгкалгæйæ ныффыстон:

*Кæд базондзыстæм царды бонтæн аргъ,*
*Адзал – хъызт зымæг – къæсæргæрон ниуы...*
*Нæхи йеддæмæ никæй хъæуæм мах,*
*Нæхæдæг та нæ ауæрдæм нæхиуыл...*

Бибо ма нын йе стыр курдиатæй æмæ лæджыхъæдæй ноджыдæр иу хатт равдыста уый, æмæ иунæг лæгæн дæр йæ бон кæй у йæ адæмы кад æмæ намыс ноджы бæрзонддæр къæпхæнмæ сисын.

Бибо нæ республикæйы культурæйы министрæй æмæ Ирон театры аивадон разамонæгæй кæд бирæ рæстæг нæ бакуыста, уæддæр бирæ фæрнджын хъуыддæгтæ саразын бафтыд йæ къухы.

***ХОДЫ Камал***

## БРЫТЪИАТЫ ЗАРИФÆ

Йæ æнæнцой уды тымыгъ, йæ диссаджы цардбæллондзинад удцырын лæвæрдтой канд хæлæрттæн нæ, фæлæ ма театрдзаутæн дæр. Нæ фæрæдидзынæн, афтæ куы зæгъон, зæгъгæ, Ирон театр фæмæгуырдæр Зæрифæйы фæхъуыдæй фæстæмæ. Уымæн æмæ æвæджиауы театралон сценæйы дæсны куы нæ вæййы, уæд нæ мысинæгты райгас вæййынц æппæт цаутæ дæр: йæ цард, йæ архайд, йæ сфæлдыстад. Уый уыдис тынг зæрдæхæлар æмæ нæртон удыхъæды хицау, фæлæ йæ куысты уыдис домаг куыд йæхицæй, афтæ иннæтæй дæр.

***ГÆЛÆУТЫ Анатоли***

* * *

Алыхуызон хъысмæттæ ис сфæлдыстадон кусджытæн. Стыр хъыгагæн, Зарифæмæ йæ хъысмæт разынд æгъатыр. Уый йæ алфамблай æмбырд кодта алыхуызон адæймæгты, уымæн æмæ йæ уарзтой, фæндыдис сæ, цæмæй уой Зарифæимæ. Уымæн æмæ йемæ уыдис æнцон, йæ удæй цыдис фæлмæн æмæ сабыргæнæг æнахуыр тых. Йæ цард æмæ сфæлдыстадон фæндаг кæд зын æмæ гуыргъахъ уыдысты, уæддæр нæ фæтасыд рæстæджы тымыгътæн. Йæ диссаджы адæмуарзон зæрдæ

не стызмæг хъысмæты æнæрастдзинæдтæй, нæ басаст, уæлауæдзы æфсирау æй чи раппар-баппар кодта, уыцы хъысмæтæн.

***БЕКЪОЙТЫ Розæ***

* * *

Мæ цæстытыл ма абон дæр уайы нæ фыццаг фембæлд, йæ бæрзонд тыхджын хъæлæс. Исты аразынмæ куы бавнæлдтаид, уæд æй æрдæгыл никуы ныууагъдтаид. Мæ фыццаг къахдзæфтæ афтæ уæндонæй акодтон Брытъиаты Зарифæйы хъæппæрисæй. Аивады ахæм бæрзонд къæпхæнмæ кæй схызтæн, уый уыд Зарифæйы фæрцы.

***Вячеслав ВЕРШИНИН***

* * *

Ирон культурæйы æмæ аивады сыгъдæг аргъуаны æнустæм судздзæнис æмæ тæмæнтæ калдзæнис ирон номдзыд фыццаг сылгоймаг-режиссер Брытъиаты Зарифæйы уды цырагъ.Уый ныфс дæтдзæнис фидæны фæлтæртæн, разæнгард сæ кæндзæнис арфæйаг хъуыддæгтæ аразынмæ. Зарифæйы ном, йæ диссаджы удыхъæды миниуджытæ, йе сфæлдисгæ хъайтартæ рох никуы уыдзысты дзыллæтæй. Уый уарзта цард, æмгæртты, уарзта рæстдзинад.

***КЪУДУХТЫ Маринæ***

## ИКЪАТЫ СЕРАФИН

Афтæ куы бафæрсæм, нæ артисттæй сылгоймаджы алыхуызон характертæ фылдæр саразын кæмæн бантыст, йæ аивадон ахорæнтæ иу ролæй иннæмæ æппындæр фæлхат кæмæн нæ кодтой, Ирон театрæн йæ уд чи радта, зæгъгæ, уæд фыццæгтимæ зæрдыл æрлæууы Уæрæсейы æмæ Цæгат Ирыстоны адæмон артисткæ Икъаты Серафин, йæ æрдхæрæны курдиат.

Йæ ахуыргæнджыты фæдзæхст – царды рæстдзинад агурын æмæ фæлгонцы миддуне бындуронæй базонын – систы Икъаты Серафины сæйраг сфæлдыстадон мадзал. Иуахæмы йæ фарстой, ролыл куыд фæкусыс, зæгъгæ. Йæ дзуапп уыд: «Мæхи сæвæрын, цы адæймаджы мæ равдисын фæхъæуы, уый бынаты. Мæ зæрдæйы уаг,мæ хъуыдытæ мæн нал вæййынц, фæлæ уыцы адæймаджы. Æрмæджы аныгъуылын æнæхъæнæй, хъайтар цы æрхъуыдыгонд дунейы æмæ рæстæджы



минæвар у, уый тыххæй зонинæгтæ æрцагурын чингуыты, æмæ мæхæдæг райдайын мæ хъайтары цардæй цæрын. Кæмфæнды уæвгæйæ дæр фæдзурын уый дзыхæй, фæкæсын уый цæстæй æмæ уæд, кæддæр-кæддæр, бафиппайын, мæ къахайст, мæ фезмæлд, мæ хъæлæсыуаг кæй аивтой, фæлгонц куыд домы, афтæ. Алы фæлгонцæн дæр, фыццаджы-фыццаг, фæагурын социалон бындур, йæ уавæрты, йæ удыхъæды бæлвырд æууæлтæ».

Цы фæлгонцтæ сарæзта сценæйы Серафин, уыдонæй иу дæр ахæм нæ уыд, театрдзаутæн стыр циндзинад чи нæ æрхаста. Суанг-иу чысыл рæстæгмæ куы фæзынд сценæйы, уæддæр йæ арæзт фæлгонцтæ уыдысты цардуд, сæрæй-къæхтæм – уырнинаг.

Сценикон аивады сгуыхтдзинæдтæ равдисыны тыххæй Ирыстоны артисттæй 1946 азы республикæйы адæмон артисты ном фыццаг кæмæн радтой, уыдонимæ уыд Серафин дæр.

## СЛАНТЫ КЪОСТА

Сланты Къостайæн уыдис уæрæх сфæлдыстадон авналæнтæ, уымæн йæ бон уыдис алцыдæр, æмхуызон иттæг хорз хъазыд алы ролы дæр. Йæ бон уыдис зарын, кафын, уæдæ хъырнгæ та Къостайæ хуыздæр ничи кодта. Йæ уæздан хъæлæс хъуысыди дард, зæрдæйæ-зæрдæмæ-иу ныккасти, ахуыр кодта царды рæсугъддзинæдтыл. Уыцы фæлмæн, зæрдæмæхъаргæ хъæлæс алкæддæр уайдзæн адæмы хъустыл.

Къоста арф фæд ныууагъта киноаивады дæр. Театры цы бирæкъабазджын фæлгонцтæ сарæзта, ахæм бирæвæрсыг рольтæ скодта киноаивады, йæ дæсны хъазт, йæ цыргъзонд æмæ йæ арф хъуыдытæ ныр дæр ма баззадысты йæ уæфтиты, йæ уæхститы, йæ муратты, йæ хахан-нейтралитетты æмæ æндæрты.

Уый уыд аивады дæсны, жанрон æнæарæн актер. Уый хъазыд алцыдæр. Сланты Къостайы рольтæ уæлæмæ истой Ирон театр, киноаивад, музыкæ. Æххæст кодтой царды удварны хæзнатæ, ирон лæджы кад æмæ намыс, уæздандзинад æмæ лæджыхъæд. Уый йæ зæрдæйæ лæггад кодта адæмæн.

Ирон театры сарæзта дыууæфондзыссæдз ролæй фылдæр, киноаивады та – дыууын авд ролы. Иууылдæр алыхуызон, аив æмæ ирдæй æвдыстой йæ бирæкъабазджын курдиат, Цыкурайы фæрдыгау цæхæртæ калдтой, афтæмæй æвæрд æрцыдысты ирон сценæйы хæзнадоны.



Щукины номыл театралон студийы рауагъдонтæ. 1980 аз. Галиуырдыгæй рахизырдæм: Æхболатты Эльбрус, ?, Фидараты Альберт, Хъæцмæзты Лазарь, Æлбегаты Олег, Гуыбиаты Хъазыбег, Цæриаты Валери, Дзуццаты Артур, Куындыхаты Къола, дыккаг рæнхъы: Дзытиаты Лактемыр, Зæнджиаты Верæ, Сæбанты Тамерлан, Мерденты Марат, Бесолты Лидæ, Гугкаты Ритæ, Годжиты Ларисæ, Мелыкаты Замирæ, Къубалты Ларисæ, Рæмонаты Ритæ. Бадынц:Хæмыцаты Дзембад, Цъебойты Ларисæ, ахуыргæнджытæ Н. Карпова, Л. Кара-Дмитриева, Л.А. Пашкова, Ю.А. Стромов, Валентина Смольникова.



## ХУЫГАТЫ ГЕОР

Хуыгаты Геор канд номдзыд режиссер нæ уыдис, фæлæ уыдис курдиатджын драматург, актер æмæ дæсны тæлмацгæнæг, – загъта нæ республикæйы Фысджыты цæдисы сæрдар Ходы Камал. Фæлæ бирæтæ нæ зонынц, Георæн йе сфæлдыстадон фæндаг кæй райдыдта æмдзæвгæтæй. Æз ма гыццыл куы уыдтæн, уæд-иу мæ мад зарыдис: «Мæ уарзон стьалы, Германы хæстæй мын кæд ссæудзынæ...». Уыцы ныхæсты автор у Хуыгаты Геор. Уымæ хъусгæйæ-иу мæ мад йæ цæссыгтæ æркалдта, уымæн æмæ мæ мадæн дæр йæ цардæмбал, нæ фыд, хæсты фесæфт, æмæ йын йæ зæрдæ тынгдæр уый тыххæй агайдта ацы зарæг. Уæд æз Георы нæма зыдтон, фæлæ дис кодтон, чи ныффыста уыцы аив ныхæстæ:

*Хæрзбон уал, мæ уарзон,*
*Мæ сусæг писмо дæм поезд фæласы...*

Уымæй ма аивдæр æмæ зæрдæмæхъаргæдæр ныхæстæ цы уыдзæн! Фæлæ уый фæстæ драматургимæ куы бавнæлдта, уæд ын йæ пьесæтæ сæвæрдтой сæдæгай сценæтыл, куыд нæ бæстæйы, афтæ фæсарæнты дæр. Ирон æвзагмæ кæй ратæлмац кодта, уыдон сты сæрмагонд ныхасы аккаг: Шекспиры, Софоклы, Толстойы, Горькийы, Чеховы æмæ æндæр классикты сдзурын кодта иронау. Æрмæст ацы тæлмацтæ йеддæмæ куы ницы сарæзтаид Геор, уæддæр йæ ном нæ ирон литературæйы цæрæнбонтæм баззадаид. Георæн йе ‘рмдзæф кæддæриддæр бæрæг дардта. Уый йæ фæстæ театры цы кæстæр фæлтæртæ ныууагъта, уыдоныл зæрдæ дарæн ис, йæ фарн ын æрмынæг кæнын кæй нæ бауадздзысты, ууыл.

## ТАУТИАТЫ СОЛÆМАН

Афтæ фæзæгъынц, артист, дам, кæй сурæт саразы, уый фæлгонц æнæ фæзынгæ нæ фæвæййы йæхи удыхъæдыл дæр. Раст у уый, уæлдайдæр та Солæманы хуызæн актер – сценæйы хъазгæйæ йæ чи федта, уыдонæн ныр дæр ма æгас сты Хазби, Хæсанæ, Къоста, Олеко Дундич...

– Спектакль «Къоста»-йы фæстæ-иу бирæ рæстæг мæхимæ не 'рцыдтæн, – арæх-иу дзырдта зындгонд скульптор Санаты Барис (рухсаг уæд). – Хæстмæ мæ куы акодтой, уæддæр уæлдай ныфсджындæрæй цыдтæн. Тохы быдыры дæр мæ нæ рох кодта Къоста-Солæман, æмæ йæм 1944 азы писмо ныффыстон: «Ацы уæззау бонты, мæ райгуырæн

Ирыстонæй дард уæвгæйæ дæр, зынаргъ Солæман Хъырымы фырт, дæу ферох кæнын мæ бон нæу, æмæ дæм æрвитын мæ хæстон салæмттæ æмæ зæрдиаг арфæтæ, адæмæн цы стыр циндзинад æмæ рухс дæттыс, уый тыххæй. Ацы арты цæхæры дæр мæ цæстытыл уайыс куы Къостайы ролы, куы – Хазбийы. Хъусын дын дæ диссаджы хъæлæс: «Мæ Иры фæсивæд, дæ цинæй, дæ хъыгæй фæластон мæ сау зæрдæ дард...» Бузныг, кæй дæ, уый тыххæй! Бузныг Къостайы тыххæй!».

Солæманы Къостайы ролы хъазгæйæ чи федта, уыдоны цæстытыл ма абон дæр, æвæццæгæн, уайы мæнæ ахæм ныв: мæлæтдзаг рынчынæй, зыбыты иунæгæй бады Къоста Дзæуджыхъæуы парчы. Æнкъард хъуыдытæ йæ удхарæй марынц. «Сау ингæн мæ йæхимæ фæласы», – дзуры йæхицæн, фæлæ ауыдта дзывылдар, цыбыр рæстæгмæ йæ цæстыты ссыгъди царды арт, фæлæ уайтагъд ахуыссыд. Æдых хъæлæсæй дзуры цъиумæ:

*«Æнгуырдар, дзывылдар,*
*Кæм вæййыс зымæг?*
*Цы бæсты, цы хæхты*
*Фæтæхыс уынæг?*
*Кæм рæзынц, кæм цæрынц*
*Дæ хотæ, дæ мад?*
*Тæхуды, тæхуды,*
*Кæмæн ис дæ цард!»*

Æвæдза, цас æмæ-иу цас бавæрдта уæззау хъуыдытæ, зæрдæриссæн æнкъарæнтæ, сау сагъæстæ уыцы æмдзæвгæйы цыбыр ныхæсты! Нырризын-иу кодта адæмы зæрдæтæ, сæ цæссыг-иу нæ урæдтой театрмæ кæсджытæ. Ахæм æнæкæрон тых æмæ дæсныдзинад уыд Таутийы-фыртмæ.

Цыдæриддæр ролты ахъазыд Солæман Ирон театры сценæйы, алкæуыл дæр сæ æмбæлы хицæн наукон иртасæн куыст ныффыссын. Йæ алы куыст дæр уыд æцæг сфæлдыстад, хаста йын кад æмæ ном. Уый цы сценикон сурæттæ сарæзта йæ цыбыр сфæлдыстадон рæстæгмæ, уыдон æнустæм цæргæйæ баззайдзысты ирон аивады.

## ЦЫРЫХАТЫ ПЕТЯ

Ирон театры сценæйы уæхскуæзæй чи фæкуыста, йæ дæсны, арæхстджын хъазтæй-иу дзыллæты йæхимæ чи 'ркæсын кодта, йæ цыргъ æвзагæй-иу сæ фыр худæгæй артæнхæлдтæ чи фæкодта, уыцы курдиатджын артисттæй иу уыд Цырыхаты Петя. Уый уыд ирон профессионалон театры бындурæвæрджытæй иу. Сарæзта бирæ ирд фæлгонцтæ, фæлæ йæ æгъатыр низ не 'хсæнæй атыдта.

Бирæ актертæ ацыд сæ тæккæ куысты тæмæны иннæ дунемæ. Уыдонимæ – Цырыхаты Петя дæр. Фæлæ Петяйы сценæйы æрмæст иунæг хатт чи федта, уый йæ никуы ферох кæндзæни; уый хуызæн актеры номæн ферох кæнæн нæй, уымæн æмæ Ирон театры фидардæр цæджындзтæй æмæ сæ курдиатджындæр актертæй иу уыд!

***ЧЕРЧЕСТЫ Хъæсболат***

## ДЗУГКОЙТЫ АФАССÆ

…Иухатт нæм Заманхъулмæ æрластой ирон театры спектакль «Пæсæйы фæндон». Уæд ма нæ сыхы хистæртæ се 'ппæт дæр æгас уыдысты. Цæрæнбонты хос кæрдын æмæ хуым кæнынæй дарддæр чи ницы федта, ахæм зæронд лæгтæ цымыдисæй кастысты ирон аивадмæ æмæ гыццыл сывæллæттау цин кодтой артисттыл, дисы сæ æфтыдта сæ арæхстджын фезмæлд, сæ цыргъзонд ныхас.

Дыккаг бон мæ фыд диссагхуызæй дзырдта: «Уæллæй, уыдон хуымæтæг адæм нæ, фæлæ зæдтæ сты. Сæ иуæй иннæ аивдæр æмæ рæсугъддæр. Фæлæ уыцы сылгоймаг, уыцы сылгоймаг… Уый, хорз усæй чи базæронд, ахæм у». Йæ зæрдæмæ афтæ тынг чи фæцыд, уый уыд Нана, Цолайы Мæздæгмæ кæм фæндараст кæны, уыцы сценæйы. Нанайы ролы хъазыд Цæгат Ирыстоны адæмон артисткæ Дзуккойты Афассæ. Рухсаг уæд.

Афассæйыл-иу цал хатты сæмбæлдтæн, уал хатты-иу мæ зæрдыл æрлæууыдысты мæ фыды ныхæстæ, уал хатты мæ фæндыд, «хорз усæй чи базæронд», уыцы артисткæйæн арфæ ракæнын, истæмæй йын йæ зæрдæ срухс кæнын. Ау, уый цæрæнбонты куы рухс кодта адæмы зæрдæ.

***ЧЕДЖЕМТЫ Æхсар***

## ХУЫРЫМТЫ УЫРЫЗМÆГ

Хуырымты Уырызмæг нæ ирон аивадæн цы лæггæдты бацыди, уыдон сæхæдæг кæуылты сты!. Хуымæтæг ныхæстæй сын радзурæн нæй. Уый æрдз сфæлдыста театрæн, аивадæн! Уырдыг сын фæлæууыд æмæ фæлæггад кодта йæ амæлæты онг.

Уырызмæгæн йæ цард кæрæй-кæронмæ дæр рауад риссаг хъæдгомау. Æмæ йын, уыцы хъæдгом чи сдзæбæх кодтаид, ахæм хæрзгæнджытæ, хъыгагæн, тынг стæмтæ уыд. Фылдæр уыдысты, йæ риссаг хъæдгæмттыл ма йын цæх чи зæрста, ахæмтæ.

Уырызмæджы тыххæй иу ахæм цау бадардтон мæ зæрдыл. Æз йемæ хъазыдтæн спектакль «Фыдæлты намыс»-ы, уый – Димийы ролы, æз та – ахуыргæнæг Болайы ролы. Уырызмæгæн дзы уыд ахæм сценæ. Уый фыр мæстæй æрцавта стъол. Фæлæ стъолы бынæй хæрдмæ зындысты зæгæлты цыргъ фындзтæ. Уырызмæг сæ нæ федта æмæ йæ къухы нуæртты сныхстысты. Туг фемæхст. Залы бадджытæй йæ ничи бафиппайдта. Æз æм мæ сæры змæлдæй амыдтон, цæмæй йæхи фæссценæмæ айса, æмæ уым йæ къухы цæфтæ бабæдта.

Фæлæ Уырызмæг æрдæгыл нæ ныууагъта йæ хъазт. Цалынмæ кæронмæ йæ роль нæ ахæццæ кодта, уæдмæ нæ рахызт сценæйæ.

Уый фæстæ ныффæлурс Уырызмæг, фæлæ дзы иу хъæрзт дæр нæ фехъуыстам. Сценæйы йæ туджы 'ртæхтæм амонгæйæ нын, куыдз къуылыхæй нæ мæлы, зæгъгæ, хъазгæйæ, бакодта.

***БЕКЪОЙТЫ Гоги***

* * *

Хуырымты Уырызмæгимæ мах æрмæст хæларæй нæ цардыстæм, фæлæ ма уыдыстæм æрдхорд æфсымæртæ дæр. Æз никуы фехъуыстон, æмæ Уырызмæг йæхицæй раппæлыд кæнæ искæй фыдгой ракодта. Уæдæ цавæр хъару хъæуы артисты, цæмæй адæймаджы худын дæр скæна æмæ кæуын дæр. Уый алкæмæн лæвæрд нæу. Уырызмæг та уыцы курдиатæй уыд хайджын.

Иу цау уыдис ахæм. Улæфты рæстæг та ссыдтæн гастрольтæй нæхимæ æмæ мæ фæндаг Ирон театрмæ акодтон. Уыцы изæр дзы цыд Годжыцаты Исахъы «Хъæддаг чызг». Сæйраг ролы дзы хъазыд Уырызмæг. Спектаклы фæстæ йæм бацыдтæн, æмæ мæ куы федта, уæд иуцасдæр лæугæйæ аззад, стæй мæ йæ хъæбысы хæрдмæ фелвæста, ахæм æлхъывд мæ ныккодта, æмæ ма тыххæй сфæрæзтон: «Марыс мæ, Гуга…»

Нæ дыууæйæн дæр нæ цины цæссыгтæ æркалдысты, æмæ мын афтæ: «Подлец, ты, откуда появился?!» («Подлец» йæ хъазæн ныхас уыди). Уыцы изæр уыд сценæйы кусджытæй иуæн йæ гуырæн бон, æмæ Уырызмæг уырдæм хуынд уыди, æмæ лæппу мæн дæр Уырызмæгимæ



уырдæм ахуыдта. Уый уыд спектаклы фæстæ. Директоры хæдивæг Дзапарты Алихан нын бадт хистæрæн. Фæсæхсæвæр уыд, афтæ сыстадыстæм. Нæ фæндаг уыд сценæйыл, æмæ, куыддæр йæ астæумæ бахæццæ стæм, афтæ Уырызмæг æваст фæлæууыд, мæ къухыл мын фæхæцыд, афтæмæй разылд залмæ, æз дæр йемæ разылдтæн. Иуцасдæр ницы дзырдта. Æдзынæг каст залмæ, стæй мын йæ галиу къух ме уæхскыл æрæвæрдта æмæ рахизæй залмæ амоны: «Мурец» (афтæ мæ хуыдта), это тебе не цирк. Ай у ирон хæдзар, ай у Ирон театр!..»

Уырызмæг залмæ йæ хъоппæг цæстытæй афтæ касти, æмæ мæ сæры хъуын арц сбадт. Афтæ мæм фæкаст, цыма зал адæмæй дзаг уыд, æмæ мемæ нæ, фæлæ уыдонимæ дзуры. Уыцы уысм ахъуыды кодтон, цыма Уырызмæг зæххон адæймаг дæр нæу, фæлæ кæцæйдæр уæларвæй æртахт. Иуцасдæр ма æнæдзургæйæ алæууыд, стæй, цыма йæ фынæй фехъал, уыйау, арф ныуулæфгæйæ, загъта: «Цæуын афон у…»

Уый уыд Уырызмæгимæ нæ фæстаг фембæлд.

***ДЗАПАРТЫ Мурат***

* * *

Хуырымты Уырызмæгæн æрмæст йæ иу рацыд дæр стыр циндзинад хаста театрдзау дзыллæтæн. Алы хатт дæр-иу кувæндонмæ цæуæгау бахызт театры къæсæрæй. Артисттæ сæ зæрдыл бадардтой иу ахæм цау. Рынчындоны фæстæ Уырызмæг дыууæ мæйы (йæ царды фыццаг хатт) улæфыд Тебердайы. Изæрæй антракты рæстæг артистты иу къорд бадт сценæмæ бахизæны. Уалынмæ æнæнхъæлæджы фæзынд Уырызмæг. Æнæдзургæйæ ныххæцыд сценæмæ бахизæны дуары хæцæныл æмæ йын ныпъпъа кодта. Йæ хъоппæг æнæбын цъæх цæстытæ доны разылдысты æмæ йæ уарзон æмбæлттæм ризгæ хъæлæсæй бадзырдта: «Цæй, цы мын фестут?!».

Уырызмæгæн йæ фæстагдæр роль уыд Горькийы «Царды бын»-ы Актеры роль. Афтæ зæгъæн ис, æмæ уыцы спектаклы ахъазыд йæхи ролы. Æрхæссæм-ма дзы скъуыддзаг: «Зæронд, ды зоныс сценæ цы у, уый? Ды æмбарыс, тыхджын къухæмдзæгъд цы у, уый? Нæ, Зæронд, ды уый не 'мбарыс!.. Уый… Уый цард у!.. Æппæтæй зынаргъдæр! Уæвгæ… Цæй, хорз!.. Ралæудзæн уалдзæг… фæлæ æз… Æз уый нал фендзынæн… Зæронд… Хъусыс? Нæй æнæ номæй адæймаг… Æз… Æз цæуын!»

Уый уыд Уырызмæджы фæстаг монолог сценæйы.

***КЪУЫМÆЛЛÆГКАТЫ Мурат***



*Ирон театр удгоймаг у: райгуырд, байрæзт, схъаруджын, зоны зæронд æмæ рынчын дæр. Былы кæрæттæй нæ дзурын, фæлæ Ирон театры артисттæ абон сты аккагæй бæрзонддæр!*

*Мæ бæллиццаг цард райдыдта, Ирон театры къæсæрæй куы бахызтæн, уæд!*

***БЫТЪÆТЫ Роберт***











## ИНТЕРВЬЮ

# КАД ÆМÆ ДЫН НАМЫС!



*Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон Ирон академион театр 1935 азы фыццаг хатт йæ æмбæрзæн куы байгом кодта, уæдæй рацыд 85 азы. Уыцы бон сыгъзæрин дамгъæтæй фыст æрцыд ирон театралон аивады историйы. Театры фыццаг артисттæ æмæ режиссертæ бындур цы традицитæн сæвæрдтой, уыдон абон дæр сты цæрæццаг. Куыд нæ уыд уыцы гуырдгъахъхъ æмæ гакъон-макъон фæндагыл цæлхдуртæ. Фæлæ, иугæр дæ ныфс сценæмæ рацæуынмæ бахастай æмæ театрдзауы бæрны бацыдтæ, уæд уыцы кадджын номы уаргъ де 'ккойæ цыфæнды зын уавæрты дæр дæлæмæ 'руадзын хъуамæ ма бауадзай, знаджы нæмыг дæм мæлæты номæй куы дзура, уæддæр дæ равзæрст фæндагæй фæрсырдæм ма аздæхай. Хъуамæ йæ кæронмæ хæссай сыгъдæгæй.*

*Удæгас цыртдзæвæнтау адæмы зæрдæты баззадысты Таутиаты Солæман, Цæрукъаты Алыксандр, Тæбæхсæуты Бало, Хъæрджынты Варварæ, Цырыхаты Петр, Икъаты Серафин, Хъариаты Тамарæ, Баллаты Валодя, Хъалæгаты Федыр, Саламты Къола, Сланты Къоста, Хуырымты Уырызмæг, Мæхъиты Валодя, Кочысаты Зоя, Годжыцаты Исахъ, Уататы Бибо, Бирæгъты Къоста, Тлаттаты Бексолтан, Дзиуаты Анатоли, Дзытиаты Лактемыр, Бытъæты Роберт… Театрæн йæ цард чи снывонд кодта, уыдон иуулдæр.*

*Ирон театр! 85 азы ды Ирæн йæ рухс тынты хур дæ!*

*УФ-йы сгуыхт æмæ РЦИ-Аланийы адæмон артист Колыты Владиславы разамындæй театр абон, фарны фæндагыл цæугæйæ,*

*ныфсджын къахдзæфтæ кæй кæны, уымæн ис бирæ дæнцæгтæ. Ирон театрдзау нæ артисттыл йæ уарзондзинад кæй тауы, уый дæр, æвæццæгæн, диссаг нæу. Фæлæ, республикæйы æдде национ театрты фестивальты архайды рæстæг, къамисы уæнгтæ нæ артистты сæ профессионалондзинады тыххæй, иннæтæй уæлдай, бæрзонд куы сисынц, се 'рдзон курдиат сæ дисы куы бафтауы æмæ сæ минмырон бæзджын хъæлæстæ залы куы азæлынц, уæд Ирон театры, ирон адæймаджы кад афтæ бæрзонд сисынц сæ уæлтæмæны базыртыл, æмæ йæ дæлдæр æруадзын нал фæтчы. Бафиппайын ма хъæуы уый дæр, æмæ Цæгат Кавказы национ театрты 'хсæн академион театры ном æрмæст Ирон театр кæй хæссы, уый!*

*Ирон театр! Кад æмæ дын намыс æнустæм!*

***– Владислав, фыццаджыдæр, айс нæ зæрдиаг арфæтæ юбилейы фæдыл.***

***Ирон театры сæргъы æрлæууыдтæ æртæ азы размæ. Уымæй размæ куыстай нæ республикæйы Сывæллæттæ æмæ рæзгæ фæлтæры театр "Саби"-йы аивадон разамонæгæй, Дзæуджыхъæуы администрацийы Культурæйы управленийы разамонæгæй. Уыцы иу рæстæг – ЦИПУ-йы аивæдты факультеты театралон хайады ахуыргæнæг æмæ Цæгат Ирыстоны Вахтанговы номыл Уырыссаг драмон театры артист дæр. Сценæты цы драматикон æмæ романтикон хъайтарты сурæттæ сарæзтай, уыдон баззадысты театрдзауы зæрдæйы. Цæцæны театралон аивады рæзтмæ стыр æвæрæн кæй бахастай, уый тыххæй хорзæхджын æрцыдтæ Цæцæны республикæйы Культурæйы министрады майдан "Бæрзонд æнтыстдзинæдты тыххæй"-йæ дæр. Алы ран дæр ныууагътай рæсугъд фæд. Ирон театрмæ стыр фæлтæрддзинадимæ кæй æрбакъахдзæф кодтай, уый æнæфæзынгæ нæ фæцис йæ рæзтыл. Цы бирæ фæндтæ дæм уыд, уыдон царды рауагътай де 'мкусджытимæ, æмæ хорзæрдæм сахадыдтой театры рæзтыл. Уый та ууыл дзурæг у, æмæ театр раст фæндагыл кæй цæуы. Цавæр нысантæ æвæры театр абон та йæ размæ?***

– Театр у нæ иумæйаг хæдзар, æмæ дзы алчидæр хъуамæ иса хъармад, раст мæнæ къонайы артдзæстау. Хъуамæ театрдзауы зæрдæйы артисты хъазт сæвзæрын кæна арф æнкъарæнтæ, бацагайын ын æй кæна æмæ йæ бауæндын кæна, цы сурæт сарæзта, уый æцæгдзинадыл,



рафæлдаха йын йæ миддуне æмæ йæ рахона раст фæндагмæ уæлахиздзауæй, фæхудын æмæ йæ фæкæуын кæна, алы уавæрты бахаугæйæ. Артисттæ хъуамæ афтæ ахъазой, цæмæй, спектакль куы фæуа, уæд театрдзауы йæ хæдзармæ ацæуынмæ йæ къах мауал хæсса. Театры курдиатджын æмæ куыстхъом артисттæ хъазуатонæй архайынц ацы хъуыддæгтыл, æмæ сын æнтысгæ дæр кæй кæны, уый нæ бон ныфсджынæй зæгъын у, цы арфæйы фыстæджытæ райсæм комкоммæ æмæ нæ социалон хызæджы фæрсты, уымæ гæсгæ. Нæ сæйраг нысан у адæмы зæрдæтæ нæ аивадæй барухс кæнын. Цæмæй-иу, нæ къæсæрæй куы æрбахизой, уæд сæ ферох уой сæ сагъæстæ, сæ катай. Мах кæдфæнды дæр цæттæ стæм ахсджиаг æмæ бæрнон ныхас æмæ хъуыддæгтæм.

***– Цал артисты ис абон Ирон театры?***

– Театры абон ис 157 кусæджы. Уыдонæй 66 сты артисттæ.

***– Режиссертæ та?***

– Сæбанты Тамерлан, Цæриаты Валери, Мерденты Марат.

***– Ирон театр кæддæриддæр хъуыстгонд уыд куыд йæ куырыхон хистæртæй, афтæ æрыгон курдиатджын артисттæй дæр. Хистæртæ сæ фарнæй хайджын кодтой кæстæр фæлтæры, æмæ уый ахадыдта театры рæзтыл. Цавæр бастдзинæдтæ ис абон та театры фæлтæрты 'хсæн, цавæр традицитæ дзы сфидар?***

– Театр у царды айдæн. Цыдæриддæр дзы цæуы, уый æвдисы цард алывæрсыгæй. Фæлтæрты 'хсæн цы æнгом бастдзинæдтæ ис, уыдонæн быдур сæвæрдтой фыццаг студийы рауагъдонтæ, Ирон театр абон ирон кæй уды фарн æмæ хъаруйæ у, уыдон, æмæ кæмæн ис бар уыдон фехалынæн? Никæмæн!

Театрæн йæ цард чи снывонд кодта, уыцы хистæртæ цалдæрæй ацы юбилейыл нал сæмбæлдысты. Сæ цардæй ахицæн сты нæ уарзон артисттæ, Ирон театры астæуккаг цæджындзтæ кæй хуыдтам, уыдон: Тлаттаты Бексолтан, Дзытиаты Лактемыр, артисттæ йæ сæхимидæг фырбуцæн "Батя" хуыдтой. Нал райхъуысдзæн сценæйæ Бытъæты Роберты бирæмырон зæлланггæнгæ хъæлæс дæр. Цы зæгъа лæг?.. Ахæм æмвæзады артисттæн вæййы æрмæстдæр райгуырæн бон. Сæ нæмттæ та цæрдзысты нæ зæрдæты. Уыдонæй алчидæр кад æмæ радæй хаста артисты ном æмæ йын нæ бафсæст лæггад кæнынæй йæ царды фæстаг бонмæ.

Дунейыл цы рын æртыхст, уый ныххæлиу кодта адæмы, къуылымпы кæны алы къабазы куыст дæр. Адæмы æнæниздзинад у æппæты сæйрагдæр. Абон театр кусы. Кæд спектакльтæ не 'вдисы, уæддæр ар-

тисттæ сæхи цæттæ кæнынц театрдзаутимæ фембæлынмæ ног премьерæтимæ. Ам цæстытыл ауадысты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азтæ. Уæд артисттæ, хæстонтæ æмæ фæсчъылдымы архайджытæ, немыцы ныхмæ тох кæныны æмæ Уæлахизмæ разæнгард кæныны хъуыддагмæ сæ аивады руаджы цы стыр æвæрæн бахастой, уый.

***– Абон кæд рæстæг хуымæтæг нæу, уæддæр къухы дзæвгар бафтыд. Артистыл цыфæнды зын рæстæг куы скæны, уæддæр æнæ сценæ нæ фæразы. Йæ дзæбæхгæнæг дæр йæ рольтæ, сценæ æмæ театрдзауты къухæмдзæгъд сты. Цæуыл кусут? Куыд райдыдта юбилейон азы куыст?***

– Райдыдтам æй У.Шекспиры "Ричард III"-æй. Сæвæрдта йæ режиссер Уалыты Гиви. Ирон æвзагмæ йæ ратæлмац кодта Кокайты Тотрадз. Йæ хæдфæстæ нæм уыд ног премьерæ. Кæсæг-Балхъарæй хуынд режиссер Роман Дабагов сæвæрдта зындгонд драматург, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг Виктор Розовы пьесæ "Æнустæм цардæгас". Ирон æвзагмæ йæ ратæлмац кодта Айларты Асæхмæт. Пьесæ сæвæрдтам Стыр Уæлахизы 75 азы бонмæ.

Дарддæр театрдзауæн цæттæ кæнæм нæ уарзон драматургты комедитæ. Ныртæккæ куыст цæуы Хуыгаты Георы "Мæ усы мад"-ыл. Сценæйы йæ æвæры театры сæйраг режиссер Сæбанты Тамерлан. Хуыцауы фæрцы, йæ премьерæмæ нæ уарзон театрдзауты фæхондзыстæм декабры. Уый сын уыдзæн нæ лæвар Ног азмæ. 3 январы та сæм æнхъæлмæ кæсы Туаты Дауыты "Пæсæйы фæндон". Йæ режиссер – Цæриаты Валери. Уый æрæджы æрбаздæхт нæ театрмæ, æмæ йæ куыст йæ разæй фæцис. Нæ чысыл театрдзаутæм Ног азы аргъаумæ æнхъæлмæ кæсæм 15 декабры. Не 'рыгон режиссер Хъæцмæзты Ацæмæз сын цæттæ кæны спектакль "Хъæлдзæг музыканттæ".

***– Уырыссаг классикæйæ та цæуыл кусут?***

– Æнæ уымæй размæ цæуæн нæй кæцыфæнды театрæн дæр. 1961 азы 27 мартъийæ ЮНЕСКО-йы уынаффæмæ гæсгæ бæрæг кæнынц Театры дунеон бон. Уæдмæ сæвæринаг стæм Островскийы пьесæ "Амонды дыргъдон" ("Правда – хорошо, но счастье лучше"). Йæ режиссер уыдзæн Мæскуыйæ хуынд Валери Маркин. Ирон æвзагмæ йæ ратæлмац кодта Касаты Батрадз. Островскийы сфæлдыстадыл дзургæйæ, арфæ ракæнын хъæуы Тедтойты Зинаидæйæн, æрæджы фыссæджы пьесæтæ ирон æвзагмæ тæлмацæй хицæн чиныгæй кæй рауагъта, уый тыххæй. Фыццаджыдæр, уый у стыр лæвар Ирон театрæн, æмæ 27 мартъийы



нæ зæрды ис ацы чиныгæн аккаг аргъ скæнын презентацийы хуызы.

Нæ иннæ лæвар театрдзаутæн ацы театралон сезоны уыдзæн У. Шекспиры "Къарол Лир". Уый дæр сæвæрдзæн Мæскуыйæ хуынд режиссер Олег Нагорничных. Артистты рæстæн ахъаз у канд нæхи режиссертимæ нæ, фæлæ хуынд режиссертимæ кусын дæр. Уыимæ ма фидардæр кæнынц театртимæ бастдзинæдтæ дæр.

***– Театрæн ис стыр ахадындзинад кæстæрты хъомылады...***

– Абон телеуынынад æмæ Интернеты тыгъдадæй цы бирæ диссæгтæ æвдисынц, уыдонæй сывæллæтты атонын ссис тынг зын. Уæлдайдæр та сæ театрмæ æрбахонын. Уый тыххæй хъæуы, цымыдисаг сын чи уа, ахæм репертуарыл бакусын. Алы театралон сезоны дæр сын бацæттæ кæнæм дыууæ ног аргъауы. Зæгъæн ис, нæ режиссертæ кæй ссарынц нырыккон мадзæлтты фæрцы сæ зæрдæмæ фæндаг. Нæ аргъæуттæ канд Ирон театры нæ февдисæм, фæлæ Дзæуджыхъæуы æмæ республикæйы хъæуты скъолатæ æмæ рæвдауæндæтты дæр. Абон мах нæ сомбоны театрдзауты нæхæдæг куы нæ бахъомыл кæнæм, театралон аивад сын куы нæ бауарзын кæнæм, уæд театрæй адард уыдзысты. Уымæ гæсгæ, нæ бон цас у, уыйбæрц архайæм сæ зæрдæты сын ирондзинад тауыныл, ирон аив ныхас сын бауарзын кæныныл.

***– Владислав, национ театрыл ирон драматургийы раз цы стыр хæс æвæрд ис, раст ирон драматургийыл дæр театры раз – афтæ. Куыд аразы театр йæ куыст нырыккон автортимæ?***

– Кæдфæнды дæр æй фæзæгъын, Ирон театр ирон драматургийыл кæй хъуамæ æнцой кæна. Уый у нæ театры цæсгом, уый нæ кæны национ, уый нын дæтты хъару. Уымæ гæсгæ, кæд нырыккон драматургтæ боныгон рухсимæ агургæ сты, уæддæр нæ бон рахъаст кæнын нæу, стæй хъаст дæр кæмæн кæнæм. Уæвгæ, уыцы уавæры сты иннæ адæмыхæттытæ дæр. Хъыгагæн, рæстæджы ног домæнтæ сæ кæнон кæнынц. Фæлæ, табу Хуыцауæн, нæ зындгонд драматургтæ нын хъæздыг сфæлдыстадон бынтæ кæй ныууагътой, уый тыххæй мæрдты сыгъзæрин талатæ суадзæнт. Нæ фыдæлтæ-иу афтæ загътой, фыдлæг æмæ, дам, фыдрæстæг бирæ нæ хæссынц. æз дæр мæ зæрдæ дарын, уырнгæ дæр мæ кæны, нæ фæсивæды ‘хсæн рæхджы драматургтæ дæр кæй фæзындзæн. Фидæны та уал нæ зæрды сæвæрын ис Джусойты Нафийы пьесæтæй иу – "Кæм дæ, ме ‘фсымæр Абель?". Нафийæн уый уыд йæ бæллицтæй иу. Дарддæр дæр нæ хъус фылдæр дардзыстæм, ирон пьесæтæй сценæйы æвæрд чи нæма æрцыд, уыдонмæ. Ныхас

цæуы Дзантиаты Анатолийы "Анахарсис" сæвæрынил дæр.

***– Фæндзай азæй фылдæр нæ паддзахадон театры цалцæггæнæн куыстытæ кæй нæ уыд, уымæ гæсгæ дзы лыгæнинаг фæрстытæ – хæрх. Бындуронæй бавналын хъæуы бирæ хъуыддæгтæм.***

– Нæ республикæйы Сæргълæууæг Битарты Вячеслав Ирон театры фæрстытæм йæ хъус лæмбынæгæй дары. Ныфс бавæрдта, театр тагъд рæстæджы цалцæггонд кæй æрцæудзæн, уымæй. Ныридæгæн уал цæттæ кæнынц æхцайы хæрдзты гæххæттытæ. Фарон Битары-фырты руаджы раивтам нæ рудзгуытæ дæр. Уый стыр лæггæдты бацыд Ирон театры хистæр кары артисттæн. Сæ мыздæн сын скодта зæрдæмæдзæугæ ‘фтиæгтæ, кæд бирæтæ куыстмæ рагæй нал цæуынц, уæддæр сты æдыхст бирæ хъуыддæгты республикæйы Сæргълæууæджы æрхъуыдыдзинад æмæ цæстдарды руаджы.

Хорз уаид, тæлмацгæнæн хъусылдарæн аппараттæй театр ифтонггонд куы ‘рцæуид, уый дæр. Цы æнæбары аппаратурæтæ нæм ис, уыдон хъыгдарыны хос йеддæмæ абон ницыуал сты. Нæхи бон сæ балхæнын нæ бауыдзæн, уымæн æмæ аслам не сты. Иу аппараты аргъ хæццæ кæны 10 минæй 25 мин соммæ. Нæ иннæ риссаг фарст у, декорацитæ ласынæн нын машинæ кæй нæй, уый. Гастрольты куы фæцæуæм, уæд нæ бахъæуы машинæ баххуырсын. Уыдон та гыццыл хæрдзтæ не сты.

***– Нæ республикæйы Сæргълæууæджы фæдзæхстытæй иу уыд, цæмæй Ирон театр бабæрæг кæна, клубтæ кæм ис, уыцы хъæутæ иууылдæр æмæ сын равдиса спектакльтæ. Куыд цæуы æххæстгонд ацы хъуыддаг та?***

– Цалынмæ нæ карантин нæ фæкъуылымпы кодта, уæдмæ бабæрæг кодтам бирæ хъæутæ, районты центртæй алкæцы дæр Мæздæгæй фæстæмæ, кæцыдæр рæтты та суанг цыппæргай хæттытæ дæр. Ныр, рæстæг куыддæр фæхуыздæр уа, афтæ фыццаг нæ фæндаг Мæздæгмæ акæндзыстæм.

***– Куыд фæзынд карантин театры куыстыл?***

– Къæппæджы нæ баппæрста. 2018 азы нæ къухы бафтыд 208 спектаклы равдисын. Театрдзауты нымæц нæ хъазуатон куысты фæрцы схызт бæллиццаг æмвæзадмæ – 50 минæй ахызт, æмæ театр йæхи хъарутæй бакуыста 6 000 550 сомы. Ацы нымæцтæ иууылдæр ахызтысты, нæ размæ цы хæстæ æвæрд уыд, уыдоны сæрты. Ома, фагæй фылдæр.

2019 азы равдыстам 220 спектаклы. Театрдзауты нымæц – 48 964 адæймаджы. Нæ бакуысты бæркад уыд 5 422 460 сомы.



2020 азы, нæ уавæртæ нæхи бар кæй нæ уыдысты, уымæ гæсгæ нæ куыст тынг фæкъуылымпы. Фæлæ уæддæр иу ран нæ бадтыстæм.

Абоны онг равдыстам 55 спектаклы. Театрдзауты нымæц – 6 100. Нæ бакуысты бæркад – 1 000 829 сомы.

Ацы нымæцтæ дзуапп дæттынц дæ алы фарстæн дæр.

***– Иу театралон сезонмæ цал спектаклы сæвæры Ирон театр?***

– Паддзахады пъланмæ гæсгæ – æхсæз.

***– Цавæр ног спектакльтæ фæзынд уæ репертуары а фæстаг рæстæг?***

– 2018 азы сæвæрдтам Плиты Грисы "Чермен", режиссер – Сæбанты Тамерлан; Айларты Асæхмæты "Рæстæгмæ ус", режиссер – Айларты Асæхмæт; Хуыгаты Георы "Æрдхорд æфсымæртæ", режиссер – Уалыты Гиви; Саламты Къолайы "Зæлийы чындзытæ", режиссер – Дзгойты Аллæ; Æлбегаты Аланы инсценировкæ æмæ æвæрд аргъау сывæллæттæн "Нæ хъæды сырдтæ"; А. Бартеневы аргъау "Митæ", режиссер – Æлхъацаты Мæдинæ.

2019 азы: Гоголы "Ревизор", режиссер – Уалыты Гиви; Айларты Асæхмæты "Ирæттæ", режиссер – Сæбанты Тамерлан; Рей Куниййы "Фыдуаг лæппутæ", режиссер – Челæхсаты Эдуард; азербайджайнаг драматург Али Амирлийы "Хъæздыг сылгоймаг", режиссер – Бахрам Османов; сывæллæттæн – "Æрсойы митæ", режиссер – Æлхъацаты Мæдинæ.

2020 азы: У. Шекспиры трагеди "Ричард III", режиссер – Уалыты Гиви; Виктор Розовы драмæ "Æнустæм – цардæгас", режиссер – Роман Дабагов.

Кусæм дарддæр дæр. Фæндтæ – Хуыцаумæ!

***– Владислав, куыд хъуыды кæныс, цæмæй сывæллон театрыл æнувыд уа, уый тыххæй йæ цал азæй хъæуы театрмæ хонын? Дæ интервьютæй иуы загътай, Ирон театрмæ дæхæдæг цæуын кæй райдыдтай, æртæ азы дыл куы цыд, уæдæй фæстæмæ.***

– Уый æцæг афтæ уыд. Мæ фыд æмæ мæ мад иунæг спектаклы премьерæ дæр никæд фæцух кодтой. Театрмæ цыдыстæм æгас бинонтæй. Нæхи-иу цæттæ кодтам рагацау. Абонау хъуыды кæнын мæ мады райст-бавæрды аив дзаумæттæ, мæ фыды уæлæдарæс. Уый-иу уыд бæрæгбон. Арæх-иу нæ хæдзары уазæгуаты уыдысты Ирон театры артисттæ дæр. Мæ фыд Музыкалон театры зарæггæнæг кæй уыд бинонты хъуыддаг бакæныны размæ, уый та базыдтон æрæджиау.

***– Театры аивадон разамонæджы размæ стыр хæстæ æвæрд ис.***

***Сфæлдыстадон адæмимæ кусын уæлдай зындæр кæй у, уый сусæг-гаг нæу. Фæлæ де 'рбацыдæй театр ныфсджын къахдзæфтæ кæй кæны, ивгъуыд аз иу иннæйы фæдыл спектакльтæм къух бакæнæн дæр кæй нæ уыд, уымæн æвдисæн уыдыстæм мах дæр. Цы дын æххуыс кæны дæ куысты?***

– Фыццаджыдæр, мæ алыварс цы зæрдæхæлар, куыстуарзаг æмæ цæстуарзон æмкусджытæ ис, уыдон. Адæмы уарзондзинад. Сæйрагдæр та – мæ уарзондзинад театралон аивадмæ, цардмæ, адæммæ.

Зындзинæдтæ адæймагимæ æмдзу фæкæнынц цæрæнбонты, фæлæ сыл лæг хъуамæ йæ зонд æмæ лæгдзинады руаджы уæлахиз кæна. Сфæлдыстадон адæймаг та хъуамæ йæхицæн ма лæггад кæна, фæлæ аивадæн! Уæд дзы æнтыстытæ дæр уыдзæн æмæ уæлахизтæ дæр. Хицауы бандон адджын кæмæн у, уыдон та аивадæй тынг дард сты.

***– Куыд дæм кæсы, цы хъæуы абоны театрдзауы?***

– Театрдзауы хъæуы æнкъарæнтæ, зæрдæйы хъарм, мидбылхудт, фæнды йæ артисты æцæг дунейы февзæрын, йæ цардæй ацæрын. Адæм тынг бафæлладысты царды цæхгæр фæзилæнтæй æмæ сæ фылдæр-хатт фæфæнды, театрмæ æрбацæугæйæ, удæнцой райсын. Фæлæ уый ууыл дзурæг нæу, æмæ театр йæ репертуарæй кæй сисдзæн трагедион пьесæтæ. Нæ.

***– Владислав, цæуыл дæ сахуыр кодтой Ирон театры цæлхдуртæ?***

– Барын, уарзын æмæ быхсондзинадыл.

***– Алы адæймаг дæр царды цæмæдæрты фæбæллы. Цавæр æртæ хорзæхы ракурис Хуыцауæй дæ адæмæн?***

– Адæмы æнæниздзинад, хæлардзинад æмæ сæрибардзинад. Стæй ма дзы ракурин РÆСТДЗИНАД!

Фыццаджыдæр та мæ арфæ ракæнын фæнды ме 'мкусджытæн, нæ зынаргъ театрдзаутæн, нæ республикæйы цæрджытæн. Уымæн æмæ Ирон театр у нæ иумæйаг хæдзар! Нæ цинтæ, нæ бæрæгбæттæ дæр сымахимæ иу сты.

Иууылдæр Хуыцауы фæдзæхст ут! Фарн – уæ алкæй хæдзары дæр. Сæрмагондæй мæ бузныг зæгъын фæнды нæ республикæйы дзыллон хабархæссæг фæрæзтæй газеттæ "Рæстдзинад", "Северная Осетия", журнал "Мах дуг", ПТРК "Алани"-йæн, 85 азы фæндагыл немæ æмд-зу кæй кæнынц æмæ нын нæ алы æнтыст дæр бæркадкъух æфсинау адæмы размæ кæй хæссынц, уый тыххæй.

***Интервью райста ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ***









***Актерæн сценæ дæтты***
***æнæниздзинад, хъару, тых!***
***Сценæмæ куы нæ рацæуа,***
***уæд актер нал у.***

***ТЛАТТАТЫ***
***Бексолтан***



# НЫМÆЦТÆ, ЦАУТÆ, ЗОНИНÆГТÆ

**1908 азы** Дзæуджыхъæуы райдыдта кусын ирон драмон къорд Тотраты Бесæйы разамындæй. 15 августы фыццаг спектакль «Худинаджы бæсты – мæлæт» уыдис цæттæ. Фенынмæ йæм æрбацыдысты канд горæты интеллигенци нæ, фæлæ ма хъæутæй дæр.

**1924 азы** Тотраты Бесæйы фæндонмæ гæсгæ Дзæуджыхъæуы кусын райдыдтой æхсæзмæйон драмон курсытæ. Уым Уырыссаг драмон театры разамындæй ахуыр кодтой ссæдз лæппуйы æмæ чызджы. Сæ ахуыргæнæг уыди Тотраты Бесæ.

**1924 азы** Бæрæг кодтой, Ирыстоны фыццаг драмон къордтæ куы фæзындис, уæдæй ссæдз азы кæй рацыд, уыцы кадджын бæрæгбон. Арæзт æрцыд юбилейон изæр. Ирон историон-филологон æхсæнад Тотраты Бесæйæн цы арфæты гæххæт радтой, уым фыст ис:

*«Зынаргъ, Бесæ!*

*Ирон историон-филологон æхсæнад абон, ирон аивад рæзын кæныныл зæрдиагæй куы архайыс, ууыл ссæдз азы сæххæсты бон, арфæ кæны дæуæн, фыццаг профессионалон актерæн. Кæд æмæ нæм абон театралон аивад ис, уæд æрмæстдæр дæу фæрцы. Зындзинæдтæй нæ фæтæрсгæйæ, ды арæзтай фыццаг драмон къордтæ. Дæу фæрцы ирон адæм фехъуыстой сæ мадæлон ирон æвзаг сценæйæ. Ирон адæммæ фæзындис сæхи драматургтæ. Уыдзæнис нæм профессионалон актертæ дæр. Мах фидарæй уырны, тагъд рæстæг дæ фарсмæ кæй æрбалæудзысты професионалон актертæ ирон адæмæй. Фидарæй нæ уырны, рæхджы нæм кæй фæзындзæнис нæхи профессионалон ирон театр дæр...»*

**1925** азы райдианы Тотраты Бесæ æрзылдис Ирыстоны хъæутыл æмæ хихъæппæрисадон къордты архайджытæй равзæрста тæккæ курдиатджындæрты. Афтæмæй сарæзта драмон къорд « Хæхты цот».

**1931 азы** октябры Мæскуыйы Луначарскийы номыл театралон институтæй Ирыстонмæ ссыди къамис æмæ дæс боны дæргъы æвзæрстой Цæгат Ирыстоны скъолаты æмæ куыстуæтты драмкъордты курдиатджындæр фæсивæдæй 30 адæймаджы.

**1931 азы 21 ноябры** 12 чызджы æмæ 18 лæппуйы æрвыст æрцыдысты Мæскуымæ ахуырмæ. Хистæрæн сын ацыд Тотраты Бесæ.



**1935 азы 7 июны** Мæскуыйы Луначарскийы номыл театралон институт рауагъта фыццаг национ театры кусджыты – ирон паддзахадон театры артистты къорд.

**1935 азы 25 июны** ирон профессионалон артисттæ ссыдысты Ирыстонмæ æмæ кусын райдыдтой Цæгат Ирыстоны Паддзахадон Драмон театры.

**1935 азы 10 ноябры** бæрæгбонмæ цæуæгау алы хъæутæй фæцыдысты адæм Дзæуджыхъæумæ. Зын бахауæн уыд театрмæ, фæлæ уыцы амонд кæй къухы бафтыд, уыдон уыцы цау цæрæнбонмæ сæ зæрдыл бадардтой… Сæххæст ирон адæмы рагон бæллиц – райгуырд ирон профессионалон театр! Фыццаг хатт байгом ирон театры æмбæрзæн. Уый уыдис Ирыстоны национ бæрæгбон. Бесæ куыддæр сценæмæ рацыд, афтæ театрдзаутæ тыхджын къухæмдзæгъд систой. Къухæмдзæгъд басабыр, фæлæ уæддæр Бесæйæн арфæйы ныхас зæгъын йæ бон нæ бацис. Æрмæст йæ рустыл уадысты цины цæссыгтæ.

Равдыстой Корнейчукы пьесæ «Платон Кречет» (режиссер В. Станицин). Спектаклы хъазыдысты Таутиаты Солæман – Платон Кречет, Икъаты Серафин – Лида Коваль, Дзукъаты Аня – Мая, Борыхъуаты Барис – Берест, Кокайты Исай – Бублик, Токаты Асæх – Аркадий æмæ а.д.

Ирон театры «авдæн» чи ауызта ирон сценæйы, уыдон уыдысты, Мæскуыйы фыццаг ирон студи каст чи фæци, уыцы курдиатджын фæсивæд: Баллаты Валодя, Бирæгъты Алыксандр, Хъариаты Тамарæ, Хъæрджынты Варварæ, Цырыхаты Петя, Цæлыккаты Мæирбег, Къомайты Василисæ, Кокайты Иссæ, Есерыхъуаты Минкæ, Икъаты Серафин, Дзукъаты Аня, Плиты Грис, Дзугкойты Афассæ, Токаты Асæх, Баймæтаты Минтæ, Магкæты Арсен, Тотраты Бесæ, Гаджиты Хетæг, Хуыгаты Самсон, Дулаты Алмахситт, Борыхъуаты Барис, Тæбæхсæуты Бало æмæ иннæтæ

Адон дысвæлдæхтæй бавнæлдтой ирон театрæн бындур æвæрынмæ. Æмæ уæд ирон сценикон аивады фæзындысты æцæг бындурон спектакльтæ: Брытъиаты Елбыздыхъойы «Дыууæ хойы», Мамсыраты Дæбейы «Бæтæйы фырттæ», Туаты Дауыты «Хистхортæ», Хетæгкаты Къостайы «Фатимæ» æмæ бирæ æндæртæ. Ацы спектакльты ирд стъалыйау ферттывтой Солæманы Кречет æмæ Къоста, Дзукъаты Аня æмæ Есерыхъуаты Минкæйы Асиат, Тæбæхсæуты

Балойы Тæтæрхъан, Баймæтаты Меретхан æмæ Икъаты Серафины Ханысиат, Балойы Отелло, Цæлыккаты Мæирбеджы Яго, Хъариаты Тамарæйы Дездемонæ…

**Тотраты Бесæ** – фыццаг ирон профессионалон артист, театры бындурæвæрджытæй иу. Ирон театры сценæйы фæкуыста зæронды бонтæм. Цыдис ыл 89 азы, уæддæр ма хъазыдис спектаклыты.

**Ф.И. Ткаченко** æмæ **Туаты Азæ** уыдысты театрæн йæ фыццаг декоратор-нывгæнджытæ.

**1935** азы Ирон профессионалон театры сценæйы æвдыст æрцыдысты, æрыгон артисттæ кæм архайдтой, ахæм спектакльтæ: Корнейчукы «Платон Кречет», Циновскийы «Амонд», Мольеры «Тæхæг дохтыр», францаг адæмон фарс «Адвокат Патлен» æмæ К. Гольдонийы «Фæлывд». Уый уыдис театры фыццаг сезоны репертуар.

**1936 азы** театр фыццаг хатт ацыд гастрольты республикæйы хъæутæм.

**1936 азы 15 ноябры** Ирон профессионалон театры сценæйы фыццаг хатт æвæрд æрцыд ирон пьесæ. Уый уыд Брытъиаты Елбыздыхъойы «Дыууæ хойы».

**1936 азы 15 ноябры** Ирон театры сценæмæ бакъахдзæф кодта артист Тæбæхсæуты Бало:

*...Режиссер Магкæты Арсен йæ гæххæттытæм æркаст… Репетици кодтой Елбыздыхъойы «Дыууæ хойы».*

*– Хъыгаг у, Цырыхаты Петя рынчын. Тæтæрхъаны роль чи ахъаздзæн?*

*– Сæфæм… Билеттæ уæйгонд, – бакатай кодта Тотраты Бесæ. Тотры-фырт тынг æнувыд уыд куыстыл.*

*Артисттæ иугай-дыгай кæртмæ рахызтысты. Фæстагмæ сæ фæдыл рахызт Таутиаты Солæман дæр. Тæбæхсæуты Бало уæд театры декорацитæгæнæн цехы куыста æмæ къуымы, бандоныл бадгæйæ, зырнимæ архайдта. Солæман æм фæкомкоммæ. Уый хорз зыдта, Бало Тæтæрхъаны ролы ныхæстæ кæрæй-кæронмæ кæй зоны, уый. Стæй канд Тæтæрхъаны нæ, фæлæ се 'ппæты рольтæ дæр: Хазби, Ислам, Биайы-фырт, Платон Кречет, Ханысиат, Хъамболат… Солæман уыцы тæккæ фæдзыртæ иннæ актертæм дæр, æмæ байхъуыстой Баломæ.*

*– Хуыцауæхсæв – спектакль! – фидарæй загъта Магкæты Арсен, æмæ иуукылдæр схор-хор кодтой.*



Спектакль ацыд тынг æнтыстджынæй. Тæтæрхъаны роль, Тæбæхсæуты Балойы раз байгом кодта уæрæх фæндаг. Ирон театры сценæйы та ферттывта ног стъалы æмæ йын йæ æвæджиауы курдиатæй ныррухс кодта йæ фæндаг, йæ ном дунейыл айхъуысын кæнгæйæ. Ссис ССР Цæдисы адæмон артист, К.С. Станиславскийы номыл Паддзахадон премийы лауреат. Хорзæхджынгонд æрцыд Ленины орден, Октябры революцийы орден, фæллойадон Сырх тырысайы дыууæ ордены æмæ майдантæй. Йæ номыл ис уынгтæ Дзæуджыхъæуы æмæ Æрыдоны. Абон Ирон театр хæссы йæ рухс ном.

Балойы сценикон ныхасмæ бирæтæ кодтой тæхуды, архайдтой, уый куыд дзырдта, афтæ дзурыныл царды, сценæйы, телеуынынад æмæ радиойы уыд ирон æвзаджы хъæздыгдзинад æмæ аивдзинады ирддæр æвдисæнтæй иу. Сценикон ныхасы дæсны Иринæ Козлянинова афтæ загъта: «Тæбæхсæуы-фырты ныхасмæ хъусгæйæ, фидарæй зæгъæн ис, ирон æвзаг кæй у дунейы адæмты æвзæгтæн сæ рæсугъддæртæй иу».

Бало Ирон театры сценæйы цы бирæ фæлгонцтæ сарæзта, уыдонæй æппæты зынгæдæр бынат бацахста, зæгъæн ис, Шекспиры Отелло. Тæбæхсæуты Балойы ном хаст æрцыд, цыппар æнусы дæргъы дунейы театрты Отеллойы ролы æппæты хуыздæр чи ахъазыд, уыдоны кадджын номхыгъдмæ. Хуымæтæджы дзы Англисы театралон аивадиртасджытæ нæ загътой, Шекспиры пьесæты æппæты хуыздæр чи ахъазыд, уый англисаг нæ уыд, фæлæ – ирон.

**1937 азы** Ирон театры сценæйы фæзынд фыццаг ирон советон пьесæ хъæууон царды тыххæй. Уый уыд курдиатджын драматург Джимиты Георгийы комеди «Чындзæхсæв».

**1940 азы 28 декабры** Ирон театр сбæрæг кодта йæ фыццаг юбилей. Фыццаг фондз азмæ Ирон театр сæвæрдта 38 пьесæйы. Уыдонæй 16 уыдысты ирон драматургты пьесæтæ, 3 – æфсымæрон республикæты авторты, 12 – уырыссаг æвзагæй тæлмацгонд, 7 – фæсарæйнаг классикты уацмыстæ.

**1940 азы** Ирон театры фыццаг юбилеймæ В.С. Фотиев сценæйы сæвæрдта У. Шекспиры «Отелло», æмæ йæ кой айхъуыст дунейыл.

**1940 азы 28 декабры** театрыл фондз азы сæххæсты бæрæгбоны Цæгат Ирыстоны сæйраг советы фыццаг Президиум радта фыццаг кадджын нæмттæ Ирыстоны аивад æмæ культурæйы архайджытæн:

Республикæйы адæмон артисты ном – Таутиаты Солæман æмæ Тæбæхсæуты Балойæн.

Республикæйы сгуыхт артисты ном – Икъаты Серафин, Хъæрджынты Варя, Кокайты Исай, Борыхъуаты Барис, Магкæты Арсен æмæ Цæлыккаты Мæирбегæн.

Республикæйы аивæдты сгуыхт архайæджы ном – Тотраты Бесæйæн.

**1944 азы** Ирон театры сценæйы курдиатджын режиссер Борыхъуаты Бимболат сæвæрдта Туаты Дауыты лирикон комеди «Пæсæйы фæндон». Сценæйы йæ хъазыдысты 30 азæй фылдæр.

**1947 азы** сæрды Мæскуыйы уыдис Уæрæсейы Федерацийы театрты фæсивæды сфæлдыстадмæ æркасты æртыккаг тур. Уырдæм хуынд æрцыдысты, УСФСР-йы театртæй йæхи хуыздæр чи равдыста, уыдонæй 300 адæймаджы бæрц – алы театрæй дæр цалдæр актеры. Æнæхъæн коллективтæй хуынд æрцыдысты æрмæстдæр дыууæ театры – Таганроджы А.П. Чеховы номыл театр æмæ Цæгат Ирыстоны паддзахадон Ирон драмон театр.

**1947 азы** уыд æппæтцæдисон конкурс хуыздæр нырыккон пьесæ ныффыссыны тыххæй. Архайдтой дзы Ирыстоны фысджытæ дæр.

**1948 азы** Еленæ Маркова сæвæрдта У.Шекспиры «Къарол Лир». Ирон æвзагмæ йæ ратæлмац кодта Плиты Грис.

**1955 азы** Цæгат Ирыстонмæ уазæгуаты ссыдысты уазджытæ Англисæй. Уый фæстæ Лондоны рацыд чиныг. Британаг делегацийы уæнг Лесли Кредлен фыста: *«Однажды вечером в декабре 1955 года мне посчастливилось сидеть в переполненном зале театра за тысячи миль от Лондона и смотреть представление шекспировского «Отелло» на языке, из которого я не понимал ни одного слова. Все же с самого начала я почувствовал, что спектакль захватил мое внимание самым неожиданным образом, и это же почувствовали все мои коллеги... Хороши были, конечно, и костюмы, и постановка, но игра была блестящей...»*

**1959 азы** Ирон театр Хицауады уынаффæмæ гæсгæ ивд æрцыд музыкалон-драмон театры хуызмæ.

**1960 азы** Тæбæхсæуты Бало хорзæхджын æрцыд ССР-ы Цæдисы адæмон артисты каддживн номæй.

**1964 азы** Англисы Шекспиры 400 азы юбилей кадджын уавæры куы бæрæг кодтой, уæд Лондоны Паддзахадон театры Тæбæхсæуты



Балойæн стыр аргъ скодта ус-паддзах Елизаветæ. Загъта, Бало кæй у, дунейыл Отеллойы роль æппæты хуыздæр чи ахъазыд, уыцы стыр курдиаты хицау.

Зындгонд советон поэт Лев Озеров Мæскуыйы, Бало-Отелломæ кæсгæйæ, ахæм рæнхъытæ ныффыста:

*Слежу за тем, как мечется Отелло,*
*Как гнев бежит от сердца по руке –*
*К возлюбленной, к высокой шее белой.*
*Старик Шекспир, видать, писал умело*
*На звонком осетинском языке...*

Бало театр йæ удæй фылдæр кæй уарзта, уымæн æвдисæн уыд Æрыдонæй-иу боныцъæхтыл фистæгæй кæй рараст Дзæуджыхъæумæ, изæрæй та-иу спектаклы фæстæ ногæй фистæгæй йæ фæндаг Æрыдонмæ кæй акодта, уый дæр.

Уый райгуырдис театрæн, æмæ йын йæ хъарутæ, йæ тыхджын курдиат лæвар кодта йæ царды фæстаг боны онг.

**1965 азы** театр сбæрæг кодта йæ 30 азы юбилей. Уыцы бон УФ-йы адæмон артисты кадджын номæй хорзæхджынгонд æрцыдысты Икъаты Серафин, Хъариаты Тамарæ, Хъæрджынты Варварæ; УФ-йы аивæдты сгуыхт архайæджы номæй – Цæлыккаты Мæирбег; УФ-йы сгуыхт артисты номæй – Цырыхаты Петя; Цæгат Ирыстоны аивæдты сгуыхт архайæджы номæй – Магкæты Арсен; Уататы Бибо – Хетæгкаты Къостайы номыл Паддзахадон премийæ.

**1984 азы** спектакль «Тимон Афинаг»-æн лæвæрд æрцыд театралон аивады стырдæр хæрзиуæг – Станиславскийы номыл Паддзахадон премиі. Йæ лауреаттæ систы спектакль æвæрæг – Хуыгаты Геор, артисттæ – Саламты Къола, Сланты Къоста, Годжыцаты Исахъ, Мерденты Юри æмæ спектаклы нывгæнæг – Челæхсаты Магрез.

**1985 азы** Ирон театр, Советон театралон аивады рæзтмæ стыр æвæрæн кæй бахаста, уый тыххæй хорзæхджынгонд æрцыд Фæллойы Сырх Тырысайы орденæй.

**1985 азы** театр йæ 50 азы юбилей байгом кодта А. Толстойы пьесæ «Власть тьмы»-йæ. Режиссер – Хуыгаты Геор.

**1991 азы** Цæгат Ирыстоны Хицауады уынаффæйæ Ирон театрæн лæвæрд æрцыд Тæбæхсæуты Балойы ном.

**2000 азы** Хуыгаты Геор бындур сæвæрдта Цæгат Кавказы национ театрты фыццаг фестиваль «Сцена без границ»-æн.

# ТЕАТРАЛОН СТУДИТЫ РАУАГЪДОНТÆ

**1935 аз.** Мæскуыйы А.В. Луначарскийы номыл фыццаг ирон театралон студи 1935 азы 6 июны каст фесты 18 лæппуйы æмæ 12 чызджы: Таутиаты Солæман, Магкæты Арсен, Борыхъуаты Барис, Токаты Асæх, Цырыхаты Петя, Хуыгаты Самсон, Дулаты Алмахситт, Кокайты Исай, Сопойты Уырысхан, Цæлыккаты Мæирбег, Бирæгъты Зауыр, Хъуппеты Мысост, Баллаты Володя, Плиты Грис, Саламты Къола, Икъаты Серафин, Баймæтаты Меретхан, Дзугкойты Афассæ, Къомайты Василисæ, Дзиойты Рая, Есерыхъуаты Минкæ, Дзукъаты Аня, Тотиты Люся, Хъариаты Тамарæ, Хъæрджынты Варя… Сæ ахуыргæнджытæ – В.Я. Станицын æмæ И.М. Раевский...

**1958 азы** Мæскуыйы Б.В. Щукины номыл уæлдæр театралон училищейы рауагъдонтæ: Дауыраты Харитон, Тъуриты Махар, Беккуызарты Орзетæ, Хуырымты Уырызмæг, Хъалæгаты Федыр, Икъаты Мæирбег, Цихиты Мæирбег, Тæбæхсæуты Зариффæ, Хъулаты Верæ, Тыбылты Чермен, Дзуццаты Рая. Фæстæдæр ма сæм бафтыдысты Ю. Любимовайы скъола-студийы ахуырдзаутæ Уататы Бибо æмæ Бирæгъты Къоста. Се 'ппæтæн дæр сæ нæмттæ хаст æрцыдысты Ирыстоны театралон аивады сызгъæрин фондмæ.

Сæ ахуыргæнджытæ: Т. Шумхина-Щукина, А. Орочко, Ц. Мансурова, Д. Андреева, М. Синельникова.

**1970 аз.** Мæскуыйы Луначарскийы номыл театралон аивады институты ирон студийы рауагъдонтæ Гæлæуты Анатоли, Суанты Хъазыбег, Бекмæрзты Æхсар, Сæлбиты Маргаритæ, Бокоты Хъазыбег, Дзгойты Аллæ, Медойты Светланæ, Хъабанты Тамарæ, Хъариаты Къоста, Къуымæллæггаты Бимболат, Дзиуаты Анатолий, Баскаты Уырызмæг, Хъантемыраты Терезæ, Таутиаты Зарæ, Хæдарцаты Батрадз, Томайты Хъазыбег.

Сæ ахуыргæнджытæ уыдысты: Н.В. Пажитнов, В.И. Циганков, В.И. Гутьеррес, Н.С.Михоэлс.

Сæ дипломон куыстытæ: Польшæйаг драматург А. Фредройы æртæархайдон музыкалон комеди-водевиль «Æхсинтæ æмæ гусартæ», Максим Горькийы «Мещантæ», Лопе де Вегайы комеди «Кæфтыты ахуыргæнæг».





Сæ нæмттæ амынд сты 160-æм фарсыл

**1980 аз.** Б.Щукины номыл театралон институты рауагъдонтӕ: Ӕхболатты Эльбрус, Фидараты Альберт, Хъӕцмӕзты Лазарь, Ӕлбегаты Олег, Гуыбиаты Хъазыбег, Цӕриаты Валери, Дзуццаты Артур, Кундыхаты Къола, Дзытиаты Лактемыр, Зӕнджиаты Верӕ, Сӕбанты Тамерлан, Мерденты Марат, Бесолты Лидӕ, Гугкаты Ритӕ, Годжиты Ларисӕ, Мелыкаты Замирӕ, Къубалты Ларисӕ, Рӕмонаты Ритӕ, Хӕмыцаты Дзембад, Цъебойты Ларисӕ, Валентина Смольникова. Сӕ ахуыргӕнджытӕ: Л.А.Пашкова, Б.Е.Захарова, Л.В. Ставская, А.В. Борисов, Ю.А. Стромов.

**1991 аз.** Сӕрмагондӕй Ирон театрӕн Дзӕуджыхъӕуы аивӕдты училище бацӕттӕ кодта хицӕн рауагъд театры разамонджыты хъӕппӕрисӕй. Уыдон уыдысты: Къуымӕллӕгкаты Владимир, Косты Георги, Косты Чермен, Коцойты Феликс, Олег Харламов, Гуыриаты Ирлан, Джиоты Маирбег, Магкӕты Руслан, Хуыбаты Неля, Дзасохты Иринӕ, Гӕбуты Жаннӕ, Гӕлӕуты Зӕлинӕ, Черчесты Дианӕ, Малхъарты Зӕлинӕ, Ӕлбегаты Ларисӕ, Тыбылты Анжелӕ, Хъайттаты Маринӕ. Сӕ ахуыргӕнджытӕ: УФ-йы адӕмон артисткӕтӕ Брытъиаты Зарифӕ ӕмӕ Беккуызарты Орзетӕ, РЦИ-Аланийы адӕмон артист Гӕлӕуты Анатоли.

**1996 аз.** ЦИПУ-йы аивӕдты факультеты театралон хайады фыццаг рауагъдонтӕ.

**2002 аз** Б. Щукины номыл Театралон училищейы рауагъдонтӕ: Битарты Алыксандр, Дзгойты Марат, Лӕцойты Зитӕ, Цӕрикъаты Римӕ. Режиссеры дӕсныйад райстой: Колыты Владислав ӕмӕ Гӕлӕуты Аслан. Сӕ ахуыргӕнджытӕ: Советон Цӕдисы адӕмон артист В.А. Этуш, УФ-йы адӕмон артист Ю.Н. Афшаров ӕмӕ иннӕтӕ.

**2013 аз.** Хуссар Ирыстонӕй Щукины номыл Театралон училище йы ирон студи каст чи фӕцис, уыдонӕй абон Ирон театры кусынц: Пӕррӕстаты Вовӕ, Токаты Зауырбег ӕмӕ Туаты Михаил.



## ТЕАТРЫ АИВАДОН РАЗАМОНДЖЫТӔ:

1935 – 1939 азты – Еленӕ МАРКОВА
1939 – 1944 азты – Васили ФОТИЕВ
1944 – 1950 азты – Елена МАРКОВА
1950 – 1966 азты – БРЫТЪИАТЫ Зарифӕ
1966 – 1976 азты – ХУЫГАТЫ Геор
1976 – 1980 азты – БРЫТЪИАТЫ Зарифӕ
1980 – 1988 азты – ХУЫГАТЫ Геор
1988 – 1992 азты – ГӔЛӔУТЫ Анатоли
1992 – 1998 азты – ХУЫГАТЫ Геор
1998 – 2000 азты – УАТАТЫ Бибо
2000 – 2005 азты – ХУЫГАТЫ Геор
2005 – 2009 азты – ЦӔРИАТЫ Валери
2009 – 2018 азты – ГУЫБИАТЫ Хъазыбег
2018 азӕй нырмӕ – КОЛЫТЫ Владислав





**Спектакль “Пæсæйы фæндон”-æй.**
**Мысырханы ролы – Годжыцаты Исахъ**



# ЗАРÆГÆЙ – ЗАРÆГМÆ

## ЗАРДЖЫТÆ СПЕКТАКЛЬТÆЙ

*Адæмон ныхæстæ*
*æмæ музыкæ*

Æнæрай фæуай, цы сау лæппу дæ, гъей, гъей,
Ацы сагъæстыл мæн чи бафтыдта, гъей, гъей!
Чи-иу мæм ныккаст йæ худы бынæй, гъей, гъей,
Æнæ мæн кафын чи нæ-иу куымдта, гъей, гъей!

Чи-иу ныззылдис мæ разы цъилау, гъей, гъей,
Ныуулæфыд-иу йæ къæхты бынæй, гъей, гъей!
Чи-иу мæм бахудт уалдзыгон хурау, гъей, гъей,
Айдзаг-иу кодта мæ зæрдæ цинæй, гъей, гъей!

Гъеныр цы кæнон, мæ хъару нал у, гъей, гъей,
Хъæбысæй хæцын дæуимæ, зæрдæ, гъей, гъей!
Зынгау мæ риуы æдзух куы судзыс, гъей, гъей,
Фыр уарзтæй риуы куынæуал цæуыс, гъей, гъей!

Цæй-ма, лæппу, кæдæм фæцыдтæ, гъей, гъей,
Куыд мæ ныуугътай, дзыназгæ хурмæ, гъей,гъей!
Цæй-ма, нана, ды та цы фæдæ, гъей, гъей,
Фæзын ма иу хатт дæ буц хъæбулмæ, гъей, гъей!

### МЫСЫРХАНЫ ЗАРÆГ

Дæлæсыхæй уæлæсыхмæ
Пæсæ-рæсугъд кæй фæци?
Бафæрсут-ма Мысырханы –
Бæлвырд уын æй зæгъдзæни.

Дæлæсыхæй уæлæсыхмæ
Нæ чындзæхсæв – къæрцц-къæрццæй.
Кæй цæст нын æй нæ бауарза,
Уый йæ фенæд йæ цæстæй.

Дæлæсыхæй уæлæсыхмæ
Зæлдаг къаба кæмæн ис?
Куы йæ фена нанайы чызг,
Хæлæгæй мæм мæлдзæнис.

Дæлæсыхæй уæлæсыхмæ
Цола лæгæй цы кодтон?
Кæм уыдысты мæ цæстытæ,
Мæхæдæг æй куы 'взæрстон?

Дæлæсыхæй уæлæсыхмæ
Цы не скæндзæн Мысырхан?
Фæхæссын дæ Бечмырзæйæн,
Уæ, нæ рæсугъд Пæсæхан!

Дæлæсыхæй уæлæсыхмæ
Нæ чындзæхсæв – къæрцц-къæрццæй.
Кæй цæст нын æй нæ бауарза,
Уый йæ фенæд йæ цæстæй!

## СÆЛИМÆТЫ ЗАРÆГ

Æхсæрыл сыфтæр нал хæцы,
Уый, дам, уазалы тыххæй у.
Æхсæв мыл хуыссæг нал хæцы,
Уый, дам, уарзоны тыххæй у.
Нæ бæхтæн бæхгæс уæд хъуыдис,
Сырхбарц бæх семæ куынæ уыд.
Лæппу, лæгъстæ мын уæд хъуыдис,
Мæ зæрдæ демæ куы нæ уыд.
Дари быдæн кæй уафынц,
Уый мæ ронæн куы уаид.



Адæм се 'ппæт кæй уарзынц,
Уый мæ мойæн куы уаид.
Никуы ницы банызтон
Хуымæллæгдоны йеддæмæ.
Никуы дæ ферох кæндзынæн,
Мæ амæлæты бон йеддæмæ.
Мæ цæстытæн ма цы кæнон,
Нал фæразын сæ зыдæй!
Рæсугъд лæппуйы куы фенынц,
 Баззайынц мын дзагъырæй.
Æхсæрыл сыфтæр нал хæцы,
Уый, дам, уазалы тыххæй у.
Æхсæв мыл хуыссæг нал хæцы,
Уый дам, уарзоны тыххæй у.

***

Горæты файтон – къареты хуызæн,
Тæхуды, гъе уым цæуынæй бафсæд!
Мæнæн мæ уарзон – къафетты хуызæн,
Тæхуды, йемæ цæрынæй бафсæд!
Дæлæ машинæ зæгæлтыл лæууы,
Зæгæлтыл лæууы, æфсæнтыл уайы.
Мæнæн мæ уарзон мæ зæрдыл лæууы,
Мæ зæрдыл лæууы, мæ цæстыл уайы.
Сæ рудзынгыл, дам, – дари æмбæрзæн...
Хуры æрттывдмæ тæмæнтæ калы,
Сæ рæсугъд чызгыл – ме 'лхæд кæлмæрзæн,
Фæлæ мæм уæддæр йæ хъус нæ дары.
Дæргъæвсы фыййау йæ фосы дзугтæ
 Æрæгвæззæгмæ цæгаты хизы.
Нæ усгур лæппу ирæд кусынмæ
Нæ Иры бæстæй Харбинмæ лидзы.
Булæмæргъ-цъиу, дам, нæ мусы фæстæ
Æппынæдзухæй къалиуæй уасы.
Нанайы буц чызг лæппуты цæстмæ
Йæ хъуымбыл дзыкку галиумæ фасы.

## ÆХСАРБЕДЖЫ ЗАРÆГ

Æмбисонд æрбауай, Цæлойтæн сæ рæсугъд, гъей,
Мæ уд мын фæхæссы дæ бакаст, дæ бахудт, гъей.
Æз нал дæн хæдзарæй, æмгæрттæй фæцух дæн, гъей,
Æррайау дæ фæстæ куы зилын æдзухдæр, гъей.
Фæлæ мæ нæ уыныс, нæ цæуыс мæ цурмæ, гъей,
Мæ сагъæс, мæ рыст мын нæ дарыс æрдумæ, гъей.
Мæ курæг фæцæуа – ысдзырд æй нæ уадзыс, гъей,
Æдзух æй æгадæй фæстæмæ ыздахыс, гъей.
Æрцæут, хæлæрттæ, æрцæут мæ размæ, гъей,
Æмгарæн йæ сагъæс фæсурут, цæй, дардмæ, гъей.
Пæсæйы рæсугъдмæ мæ бæсты фæцæут, гъей,
Мæ зарæг, мæ кадæг йæ разы фæкæнут, гъей.
Зæгъут ын, хæлæрттæ, зæгъут ын мæ номæй, гъей.
Мæнæн дæр мæ фæрстæ кæй не 'сты æндонæй, гъей.
Мæ зæрдæ йæ мæтæй кæй судзы, кæй риссы, гъей.
Мæ хъару, мæ тых мын кæй сæтты, кæй исы, гъей.
Зæгъут ын æргомæй, бирæ йæ кæй уарзын, гъей,
Æнæ уый цæрын æз кæй нæуал фæразын, гъей.
Мæ сомы йæ номæй æдзух æз кæй кæнын, гъей,
Йæ дзырдмæ – «цæуын дæм» – æнхъæлмæ кæй кæсын, гъей.

## МЫСОСТ ÆМÆ СÆЛИМÆТЫ ЗАРÆГ

*Мысост:*
Уæд та мæм равдис дæ дыууæ дзыккуйы,
  дæ дыууæ дзыккуйы, гъей.
Адæм æмбисондæн уыдон куы хæссынц,
  уыдон куы хæссынц, гъей.
Сæнт сау тæмæнтæ уыдон куы калынц,
  уыдон куы калынц, гъей.
Суанг зæвæттæм уыдон куы 'рхауынц,
  уыдон куы 'рхауынц, гъей.




Спектакль «Пæсæйы фæндон»-æй. 1944 аз.
Сæлимæт – Икъаты Серафин, Æхсарбег – Баллаты Валодя


Спектакль «Пæсæйы фæндон»-æй. 1944 аз.
Мысырхан – Хъæрджынты Варварæ, Нана – Дзугкойты Афассæ

*Сæлимæт:*
– Дæ-дæй!.. Æдылы ныхæстæ та йын фæкæндзынæн! *(Заргæйæ.)*
Сау сæгъы боцъо, гъе уый дын мæ дзыкку,
гъе уый дын мæ дзыкку, гъей,
Адæмæн сæ кадæг, нæ зонын, цæуыл у,
нæ зонын, цæуыл у, гъей.
Уый дæр мын урс рыг куы свæййы къуыримæ,
куы свæййы къуыримæ, гъей.
Чи мын æй æхса, нæ вæййын нæхимæ,
нæ вæййын нæхимæ, гъей.
*Мысост:*
Уæд та мæм равдис дæ дыууæ 'рфыджы,
дæ дыууæ 'рфыджы, гъей.
Рæсугъддæр æрфгуытæ нæ уыдис æрæджы,
нæ уыдис æрæджы, гъей.
Адæм æмдзыхæй афтæ куы зæгъынц,
афтæ куы зæгъынц, гъей.
Æмбисондæн сæ дардыл куы хæссынц,
дардыл куы хæссынц, гъей.
*Сæлимæт:*
Адæм рæдигæ арæх фæкæнынц,
арæх фæкæнынц, гъей.
Диссаг цы нæ уа – диссаг ыскæнынц,
диссаг ыскæнынц, гъей.
Федтаис искуы ды сау кæлмытæ,
ды сау кæлмытæ, гъей,
Гъе уыдонау сты мæ сау æрфгуытæ,
мæ сау æрфгуытæ, гъей.
*Мысост:*
Уæд та мæм равдис дæ дыууæ цæсты,
дæ дыууæ цæсты, гъей.
Æви та уынд аккаг уыдон дæр не сты,
уыдон дæр не сты, гъей.
Рагæй æрра мæн уыдон куы кæнынц,
уыдон куы кæнынц, гъей.
Лæппуйы зæрдæ уыдон куы сайынц,
уыдон куы сайынц, гъей!



*Сæлимæт:*
Ахæм цæстытæ мæнæн куы уаид,
мæнæн куы уаид, гъей,
Мæнæй уæд хъалдæр ничиуал уаид,
ничиуал уаид, гъей.
Дæ цæстытыл уайынц кæйдæр цæстытæ,
кæйдæр цæстытæ, гъей.
Мæнонтæ фесты дзагъыр-дзыгъуыртæ,
дзагъыр-дзыгъуыртæ, гъей.

## ПÆСÆ ÆМÆ ÆХСАРБЕДЖЫ ЗАРÆГ

*Пæсæ:*
Æз кæсаг фестдзынæн,
Терчы малы хъаздзынæн,
Уæд та ма мын цы кæндзынæ, гъей?
*Æхсарбег:*
Æз æнгуыр фестдзынæн,
Теркæй дæ ысласдзынæн,
Уæд та ма мын цы зæгъдзынæ, гъей?
*Пæсæ:*
Æз бæлон фестдзынæн,
Арвы цъæхмæ ыстæхдзынæн,
Уæд та ма мын цы кæндзынæ, гъей?
*Æхсарбег:*
Æз цæргæс фестдзынæн,
Арвæй уæлдæр ыстæхдзынæн,
Уæд та ма мын цы зæгъдзынæ, гъей?
*Пæсæ:*
Фатхъæд бæлас æз фестдзынæн,
Тар хъæдмæ фæцæуудзынæн,
Уæд та мын цы кæндзынæ, гъей?
*Æхсарбег:*
Æндон фæрæт фестдзынæн,
Хъæд бындзарæй ныццæгъддзынæн,
Уæд та ма мын цы зæгъдзынæ, гъей?
*Пæсæ:*
Лыстæг судзин фестдзынæн,

Мады тары ныллæсдзынæн,
Уæд та ма мын цы кæндзынæ, гъей?
*Æхсарбег:*
Цыллæ æндах фестдзынæн,
Судзины бын ыслæсдзынæн,
Уæд та ма мын цы зæгъдзынæ, гъей?
*Пæсæ:*
Тауинаг хор фестдзынæн,
Хуымы тыд æз æрцæуудзынæн,
Уæд та ма мын цы кæндзынæ, гъей?
*Æхсарбег:*
Цъиуджын карк æз фестдзынæн,
Гагагай дæ æруидздзынæн,
Уæд та ма мын цы зæгъдзынæ, гъей?
*Пæсæ:*
Мæхи рынчын ыскæндзынæн,
Мæлæт-къахыл ныллæудзынæн,
Уæд та ма мын цы кæндзынæ, гъей?
*Æхсарбег:*
Дохтыр мæхи ыскæндзынæн,
Дæуæн дæ низ фæсурдзынæн,
Уæд та ма мын цы зæгъдзынæ, гъей?
*Пæсæ (иуварсмæ).* Цæмæй ма йæ акъахон? *(Зары.)*
Чызгай, мыййаг, куы амæлид,
Уæд сау лæппу цы бакæнид?
Хæрзаг, æндæр уый равзарид уæд!
*Æхсарбег:*
Цæрæд чызгай мæ фæндиаг,
Мæ уд фæуæд йæ хæринаг,
Йæ низ фæуæд мæ суринаг, гъей!
Æз зæлдагæй уæд азилин,
Мæ уарзоны уым батухин,
Мæрдтæм йемæ фæраст уаин уæд.
Фæлæ мæлæт нæ бауæнддзæн
Мæнæй дæумæ æрбацæуын,
Чызгай мæнæн куы бакомдзæн, гъей.







**Бадынц (галиуырдыгæй рахизырдæм): Мерденты Юри,
Торчынты Эммæ, (бæрæг нæу), Дзукъаты Аня, Сланты Къоста.
Лæууынц: Есерыхъуаты Минтæ, Цæболты лæппу,
Туменаты Еленæ, Кочысаты Зоя**



**Елена Маркова**



**Спектакль «Æфсымæртæ»-йæ**



**Сланты Къоста, Дзукъаты Аня, Баллаты Валодя, Саламты Къола,
Къомайты Василисæ æмæ Дзугкойты Афассæ**



Спектакль «Æфсымæртæ»-йы фæстæ



Спектакль «Чермен»-æй



Æхсызгон фембæлд



Спектакль «Царды бын»-æй. 1980 аз



Спектаклы фæстæ



Спектакль «Æрæджиауы хорзæх»-æй Персаты Тамарæ, Дзытиаты Лактемыр, Бекмæрзты Æхсар æмæ Хъесаты Светланæ



**Спектакль «Царды бын»-æй**
**Хуырымты Уырызмæг æмæ Икъаты Мæирбег**



**Спектакль «Царды бын»-æй**
**Дзгойты Аллæ æмæ Саламты Къола**



Спектакль «Усгур Гаци»-йæ
Ælбегаты Ларисæ æмæ Тлаттаты Бексолтан



Спектакль «Уарзæттæ»-йæ
Мелыкаты Замирæ æмæ Тлаттаты Бексолтан



Спектакль «Усгур Гаци»-йæ. 2005 аз
Заойты Эльбрус æмæ Дзытиаты Лактемыр



Спектакль «Ӕрдхорд æфсымæртæ»-йæ. 2018 аз



Спектакль «Ӕрдхорд æфсымæртæ»-йæ. 2018 аз
Битарты Алыксандр æмæ Токаты Зауырбег



Спектакль «Фатимæ»-йæ. 2018 аз



Спектакль «Ревизор»-æй
Еналдыты Дмитри æмæ Мыртазты Тимур



Спектакль «Ирæттæ»-йæ. 2020 аз
Бобо – Уаниты Валери



Спектакль «Ревизор»-æй
Бæцæзаты Индирæ, Гуыбиаты Хъазыбег æмæ Гæбуты Жаннæ



Спектакль «Зæлийы чындзытæ»-йæ. 2018 аз



**Спектакль «Ӕнустӕм цардӕгас»-ӕй. 2020 аз**



**Спектакль «Ӕнустӕм цардӕгас»-ӕй. 2020 аз**

Мемӕ бирӕ куы фӕцӕрдзӕн,
Кадӕггӕнӕг нӕ уарзоныл
Рӕсугъд кадӕг куы сараздзӕн, гъей.
Гъе ныр та ма мын цы зӕгъдзынӕ, Пӕсӕ?

*Фыццаг хатт ӕй азарыдысты*
*Туменаты Еленӕ ӕмӕ Баллаты Валодя*

## ӔХСАРБЕДЖЫ ЗАРӔГ

Калачы идон балхӕдтон,
Гуры мын дзылар разындис.
Сусӕгӕй  уарзон равзӕрстон,
Ӕмӕ мын уый дӕр базыдтой.

Цы фӕдӕ, хосдзау, цы фӕдӕ? –
Дӕ кӕрдӕг бынтон ныххус и.
Цы фӕдӕ, лӕппу, цы фӕдӕ? –
Мӕ цӕст дӕм бынтон ныуурс и.

Хуссары мӕ хуым куы кодтон,
Гъе уӕд куы фехӕлд йӕ нӕуу-цъар.
Чызгай, фыццаг дӕ куы федтон,
Гъе уӕд куы фехӕлд мӕ хӕдзар.

Ма мыл фӕхудут, хорз адӕм,
Ма мыл ыскӕнут зарджытӕ.
Зӕгъут-ма уыцы ӕррайӕн,
Ӕрбарвитӕд фидауджытӕ.

## МӔ УАРЗОН СТЪАЛЫ

*Хуыгаты Георы ныхӕстӕ,*
*адӕмон музыкӕ*

*Чызг:*
Мӕ уарзон ыстъалы,
Германы хӕстӕй мын кӕд ссӕудзынӕ
Ӕмӕ мын хибарӕй
Дӕ сусӕг ныхӕстӕ кӕд фӕкӕндзынӕ?

*Лæппу:*
Мæ зæрдæфæлæууæн,
Судзгæ уарзондзинад мæ риуы нæ мæлы,
Уæззау тохы бон дæр
Æфсæддоны зæрдæ дæ уындмæ куы бæллы.
*Чызг:*
Мæ зæрдæ æнæ дæу
Бынат куы нæ ары æппындæр йæхицæн,
Иунæг минуты бæрц
Мæ рæзгæ зæрдæйæ нæ комыс фæхицæн.
*Лæппу:*
Мæхи дæр куы фæнды
Дæуимæ ныхæстæ, зæрдæйы уарзон,
Фæлæ тохы арты
Мæ хæстон æмбæлтты æз куыд ныууадзон?
*Чызг:*
Æнæхатыр ызнаг,
Мæ уды тæригъæд йæ фæдыл æфтыд уа,
Уарзоны уындæй мæ
Цыппар азы дæргъы æнæхай фæкодта.
*Лæппу:*
Нæнайы рæсугъд чызг,
Нæ сабыр дугæн та йæ рæстæг æрцæудзæн,
Тыхсгæ ма кæ, мæ бон,
Къæвдайы фæстæ та хур бон дæр скæсдзæн.
*Чызг:*
Кæд уыдзæн уыцы бон,
Кæд мæм ссæудзынæ, мæ зæрдæдарæн?
Дæхи аххос уыди:
Цæмæн мæ æвзæрстай царды æмбалæн?
*Лæппу:*
Æнхъæлмæ кæс, чызгай,
Знаджы æфсæдтæн лæгау цæф ныккодтам,
Дысоны изæр дын
Берлины стыр уынджы ирон симд æркодтам.



*Чызг:*
Сыгъдæг уарзондзинад
Зæрдæйы къултæ æргом æлвасы,
Хæрзбон уал, мæ уарзон,
Мæ сусæг писмо дæм поезд фæласы.
*Лæппу:*
Æнхъæлмæ кæс, чызгай,
Уæлахизимæ дæм æз дæр зындзынæн…

## ХЪÆЛДЗÆГ ЗАРÆГ

*Спектакль «Сæтти æмæ Бæдти»-йæ,*
*Хуыгаты Георы ныхæстæ,*
*Гæздæнты Булаты музыкæ*

Æргуыбыр кодтон къæцæлмæ,
Уый та мын разынд æлвисæн,
Ма мын кæс, чызгай, мæ сæрмæ,
Мæ карæн нæу уый æвдисæн.

Сыхаг ус йæхи фæмары:
Зыгуымы фесæфт йæ судзин.
Чи загъта, æмæ мæ кары
Зæрдæйы цырагъ нæ судзы?

Æхсæвæй-бонæй мæ зæрдæ
Куы нæ 'нцайы йæ рыстæй.
Тæхуды, чызгай, кæмæн дæ
Йæ амонд æмæ йæ диссаг!

## ХИВÆНД ЧЫЗДЖЫТÆ

*Спектакль «Хивæнд фыййæуттæ»-йæ,*
*Беккуызарты Орзетæйы ныхæстæ,*
*Гæздæнты Булаты музыкæ*

О цардамонд, кæдæм фæлыгътæ?
Æрттивы дардæй мæ Бонвæрнон.
А хæхтæ нæ фембæлын кодтой.
Хъуамæ сын арфæ кæнон.

*Базард:*
Уарзгæ уæ чи кодта,
Макуы-иу бахудæнт
Хивæнды сонт уарзтыл!

О сахъ лæппу, фæзын-ма иу хатт,
Ракæс мæм сæрвæтты хъæлдзæгæй.
Дæ мидбылхудт ма кæн æвгъайуаг,
Æмæ мыл скæса ног хур.
*Базард.*
О мæ зынаргъ, цæуыл æнкъард дæ,
Ма мæм кæс афтæ, мæ бон.
А хæхты нæ амонд ыссардтам,
Ныр ыл куыд кæнæм фæсмон?
*Базард.*

## МÆ ЗÆРДÆ

*Спектакль «Нафи æмæ*
*Нафигæйы чызджытæ»-йæ,*
*Хуыгаты Георы ныхæстæ,*
*Гæздæнты Булаты музыкæ*

Мæ зæрдæ та мæ зондыл худы, худы, худы,
Æхсæвæй-бонæй дуды,дуды,дуды.
Æддæмæ риуæй тоны, тоны æмæ тоны,
Нæ хъысмæт нæ кæдæмдæр хоны, хоны, хоны.

Кæдæм, кæдæм, кæдæм æмæ кæдæм?
Нæ амондмæ цы фæндагыл цæуæм?
Тыхсæм, быхсæм, куы худæм, куы кæуæм
Æмæ нæхи хъысмæты бар кæнæм.

Фыдбоны зæрдæ риуы дуды, дуды, дуды,
Куы риссы, куы фæкафы, куы фæцуды, цуды,
Куы та ныккæсы хуры тын мæ риу, мæ риумæ,
Æмæ фæзæгъын, кæд, кæд бахуддзыстæм иумæ?



Кæдæм, кæдæм, кæдæм æмæ кæдæм?
Нæ амондмæ цы фæндагыл цæуæм?
Тыхсæм, быхсæм, куы худæм, куы кæуæм
Æмæ нæхи хъысмæты бар кæнæм.

## ÆРÆДЖИАУЫ УАРЗОНДЗИНАД

*Спектакль «Нафи æмæ*
*Нафигæйы чызджытæ»-йæ,*
*Дзасохты Музаферы ныхæстæ,*
*Гæздæнты Булаты музыкæ*

*Лæппу:*
Дæуæй мын нæй фæхицæн,
Мæ уарзтæн та – фæуæн.
Тæрсын дæуæй мæхицæн,
Мæхицæй та – дæуæн .
*Иумæ:*
Дæ дыууæ цæсты – хуртæ,
Цæхæркалгæ тæмæн.
Дæ дыууæ цæсты – фурдтæ,
Фæдæлдон кодтой мæн.
*Чызг:*
Сæ рухсæй ачынд риумæ
Налхъуыт фæрдгуытæй фæд.
Тæхуды, ууыл иумæ
Дыууæрдæм тын нывæнд.
*Иумæ:*
Уæд дуне фестид аргъау,
Æрттивид, куыд зæрин,
Ыстæхид арвмæ маргъау
Рæубазыртыл мæ цин.
*Лæппу:*
Фæлæ тæрсын мæ карæй,
Ыстæй дæ карæй тынг…
Куыд хуыссын кæнон барæй
Мæ бæллицты сырх зынг?!

*Иумæ:*
Нæма мыл кæнынц азтæ
Сæ бæрц, сæ уаргъæй уæз,
Мæ буц сæнтты зыд хъазтæн
Йæ дугъгæнæн – цъæх фæз…

Нæ дыууæйæн фæхицæн
Уæлæуыл нæй уæвæн,
Уæддæр тæрсын мæхицæн,
Уæддæр тæрсын дæуæн.

Дæуæй мын нæй фæхицæн,
Мæ уарзтæн та – фæуæн.
Тæрсын дæуæй мæхицæн,
Мæхицæй та – дæуæн.

## НАЛАТ ДÆН ÆЗ, ГЫЦЦИ…

*Спектакль «Нафи æмæ*
*Нафигæйы чызджытæ»-йæ,*
*Хуыгаты Георы ныхæстæ,*
*Гæздæнты Булаты музыкæ*

Налат дæн æз, гыцци, налат, –
Мæ зæрдæ нал кæсы мæ коммæ.
Мæхицæн нал арын бынат,
Хуыссæг мыл нал фæхæцы бонмæ.

*Базард:*
Ныккаст мæм дысон мæй, ныккасти,
Æз, дам, дын сусæгæй зæгъон:
Дæуæн дæ налаты – дæ уарзт и,
Æмæ йыл ма фæкæн фæсмон!

Налат дæн æз, гыцци, налат, –
Мæ зæрдæ нал кæсы мæ коммæ.
Æмæ мын исты хостæ ратт,
Кæннод дын рындзæй хауын коммæ.



*Базард:*
Налат дæн æз, гыцци, налат, –
Мæ зæрдæ нал кæсы мæ коммæ.
Мæхи дæр нал фæзонын хатт,
Фæзæгъын, амæлдзынæн соммæ.

*Базард:*
Вæййы мын уазал бон æнтæф,
Æнтæф бон ихæнæй фæмæлын.
Ныллæууы зæрдæйæн йæ цæф,
Ыстæй та райдайы цæвын.
*Базард:*

## ЦОЛАЙЫ ЗАРÆГ

*Спектакль «Цола»-йæ,*
*Чеджемты Георы ныхæстæ,*
*Гæздæнты Булаты музыкæ*

Бауырнæд уæ, хорз чызджытæ,
Гоби дæн, къуырма дæн!
Уымæн æмæ абоны онг
Бинонджын нæма дæн.

*Базард:*
Цæй, цы худут, чызджытæ, –
Саутæ, буртæ, мыдхуызтæ?
Уе ‘ппæт дæр дзæбæх ыстут,
Стъалытæ, зæххыстæн!

Чи ‘рцæудзæн мæ талынг уатмæ,
Чи йæ срухс кæндзæни?
Къулсæрæй, цымæ, мæ номыл
Цавæр чызг лæудзæни?

*Базард:*
Хызы бынты сылгоймæгтæ
Уый кæмæ кæсдзысты?
Чындзытæ, фыдынд у, зæгъгæ,
Уый кæмæй зæгъдзысты?!

*Базард:*
Боныцъæхæй сау изæрмæ
Хуры тынтæ ахсын.
Хуры тынтæй чындзы ног уат
Аив кæнын ахсæв.
*Базард:*

## ФЫДЫНДТÆ ЦЫ ФÆУОЙ?

*Спектакль «Æртæ рæсугъды»-йæ,*
*Цæгæраты Гигойы ныхæстæ,*
*Гæздæнты Булаты музыкæ*

Лæппутæ, рæсугъдты ‘взарут,
Лæппутæ, рæсугъдтыл зарут,
Рæсугъдтыл – уæ цин, уæ мæт,
Фыдындтæ цы фæуой уæд?

Лæппутæ, куы вæййут хъазты,
Рæсугъдтæм гъе уæд уæ каст у.
Рæсугъдтыл уæ цин, уæ мæт,
Фыдындтæ цы фæуой уæд?

Рæсугъдты мæимæ барут,
Рæсугъдтыл уæхи фæмарут,
Рæсугъдтыл – уæ цин, уæ мæт,
Фыдындтæ цы фæуой уæд?

Рæсугъдты кинотæм хонут,
Рæсугъдтæн дидинтæ тонут,
Рæсугъдтыл – уæ цин, уæ мæт,
Фыдындтæ цы фæуой уæд?



Рæсугъдты уынут уæ фыны,
Рæсугъдты аипп нæ зыны,
Рæсугъдтыл – уæ цин, уæ мæт,
Фыдындтæ цы фæуой уæд?

Фыдындтæн дæр ис зæрдæтæ,
Фыр уарзтæй калынц цæхæртæ,
Рæсугъдтыл уæддæр – уæ мæт,
Фыдындтæ цы фæуой уæд?

## ЗАРÆГ ХÆСТОНТЫЛ

*Спектакль «Зæххон хуыцæуттæ»-йæ,*
*Гаглойты Валодяйы ныхæстæ,*
*Гæздæнты Булаты музыкæ*

Арвæй стъалы, арвæй стъалы, стъалы рахауди, гъей!
Дæлæ мын комы, дæлæ мын комы, комы байсæфти, гъей!
Мæ цæргæс хохæй, мæ цæргæс хохæй, хохæй атахти, гъей!
Дæлæ мын тохы, дæлæ мын тохы, тохы байсæфти, гъей!

Иры чызджытæ, Иры чызджытæ, хъарæг ма кæнут, гъей!
Хъарæг не ‘мбæлы, хъарæг не ‘мбæлы, цæргæсыл хъарæг, гъей!
Уæлæ нæм арвæй, уæлæ нæм арвæй, стъалытау арвæй, гъей!
Уыдон фæлгæсынц, уыдон фæлгæсынц, махмæ фæлгæсынц, гъей!

Уарзтæй уæ хицæн, уарзтæй уæ хицæн, хицæн чи фæци, гъей!
Уый сонт зæрдæхæлд, уый сонт зæрдæхæлд у цæрæнбонты, гъей!
Уый куы фæдзуры, уый куы фæдзуры йе стыр кæугæ цин, гъей!
Йæ судзгæ зарæг, йæ судзгæ зарæг, зарæг хæстоныл, гъей!

Уалдзæг куы ‘рцæуы,уалдзæг куы ‘рцæуы, уалдзæг хуссæрттæм,гъей!
Мæ уд мын мастæй, мæ уд мын мастæй, мастæй балвасы, гъей!
Уæлæ нæм хæхтæ, уæлæ нæм хæхтæ, нæ урссæр хæхтæ, гъей!
Æз дæр мæ саутæ, æз дæр мæ саутæ куынæуал хæссын, гъей!



*Цæмæй хорз актер суай, уый тыххæй хъуамæ аивадæн нывондæн æрхæссай дæ зæрдæ. Актерæн дæр æмæ режиссерæн дæр се стырдæр хæрзиуæг у театрдзауы зæрдæйы арф æнкъарæнтæ сæвзæрын кæнын, театрмæ сын сæ уарзондзинад фæфылдæр кæнын.*

***ГÆЛÆУТЫ***
***Анатоли***



КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ
1945–2020

# УЫД АИВАД СÆ ХОТЫХ...

Уыцы бон мах уыдыстæм гастролон балцы Хуымæллæджы. Хæст райдыдта, уый куы фехъуыстам, уæд нæ худын, нæ хъæлдзæгдзинад цыдæр фесты. Нæлгоймæгтæй чидæртæ загътой, сценæ рæстæгмæ ныууадзын кæй бахъæудзæн. Нæ актертæй цалдæрæй бархийæ ацыдысты хæстмæ. Мæн дæр фæндыдис тохы быдырмæ – мæ фæнд зæгъгæ дæр кодтон, фæлæ уалынмæ рацыдис сæрмагонд бардзырд актертæн фæсфронты кусыны тыххæй.

Театр хæсты фыццаг бонтæй фæстæмæ йæ куыст рацарæзта хæстон рæстæджы уагыл. Йæ репертуары хъуыдис, адæмы фашистон лæгмарты ныхмæ тохмæ разæнгард чи кодтаид, ахæм спектакльтæ. Афтæмæй 1941 азы 27 октябры Ирон театры сценæйы уыдис спектакль «Нарты Батрадз»-ы премьерæ. Батрадзы ролы – Баллаты Валодя.

Дарддæр сценæйы фæзынд Мамсыраты Дæбейы пьесæ «Фæтæг Ос-Бæгъатыр». Уый уыд, фыдыбæстæмæ уарзондзинады æнкъарæнтæ чи гуырын кодта, ахæм спектакль.

Фыдыбæстæйы стыр хæст уыд сæ тæккæ уæззаудæр фæлварæн нæ бæстæйы адæмтæн. Сæ æвæджиауы хъæбатырдзинад фыст æрцыд бирæ уацмысты. Аивад æмæ хæст… Уыдон кæддæриддæр кæрæдзийæн уыдысты æцæгæлон, æнæбафидаугæ. Алыхуызон сты сæ нысан, сæ хæс.

Хæсты темæйыл фыст æмæ æвæрд спектакльты 'хсæн Ирон театры сценæйыл æнтыстджындæр уыдысты: Темыраты Давиды «Ард», «Цыколайаг таурæгъ», «Фæндыры хъæрæг», «Æмгары мæлæт», Хуыбецты Раяйы «Мады фарн», Джимиты Георгийы «Сау мигъ»…

***БАЛЛАТЫ Валодя***

* * *

Афтæ зæгъæн ис, æмæ нæ улæфынмæ æппындæр не 'вдæлд. Уыдис ныл стыр хæс æвæрд. Æнæмæнгæй хъуамæ æххæст кодтаиккам пълан. Хохæй быдырмæ Ирыстоны хъæутыл иууылдæр æрзылдыстæм. Уыцы цæрынæн уæззау рæстæджыты артистты размæ лæууыдис стыр хæс: адæмы ног ныфс, ног хъару бауадзын, сæ зæрдæ сын барухс кæнын, сæ фæллад æмæ сын се 'рхæндæг фæлидзын кæнын.

Ирон театры артисттæ хъазуатонæй бавнæлдтой сæ куыстмæ. Къуыригæйттæ-иу хъæуты баззадыстæм нæ концертон программæтæ æмæ спектакльтимæ. Суанг ма-иу нæ хуыссæнтæ дæр немæ ахастам. Кæм скъолайы партæтыл фынæй кодтам, кæм зæххыл, фæлæ уыцы уавæрты дæр нæ куыст нæ цудыдта. Адæм не 'рцыдмæ æнхъæлмæ кастысты. Театрмæ йæхи машинæ нæ уыд, æмæ-иу уæзласæн машинæйы, дыууæрдыгæй нæ дымгæ хоста, афтæмæй араст стæм. Бирæ хъæуты Культурæйы хæдзæртты рудзгуытæ дæр нæ уыд, æмæ-иу зымæджы хъызты къултыл их сбадт, афтæмæй æвдыстам спектакльтæ. Артисттæй уыцы рæстæг бирæтæ фæнизджын сты.

***ИКЪАТЫ Бертæ,***
*1945 азы уалдзæг*

* * *

Уый уыдис 1945 азы уалдзæджы. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстаг гæрæхтæ куы бамынæг сты, ууыл къуырийы бæрц рацыдис. Адæмы цин æгæрон фурдау æнхъæвзта хæхтыл æмæ быдыртыл. Не Стыр Уæлахизыл цин кодтам хистæртимæ мах дæр – хæствæллад дуджы ахуырдзаутæ.

Уыцы бонты уæлдай хъуыддагхуыз уыдысты нæ ахуыргæнджытæ. Куы иу ран, куы иннæ ран тæрхæттæ кодтой, туджы аргъæй кæй балхæдтам, уыцы сабыр дуджы бирæ хъуыддæгтыл.

Хорз ма йæ хъуыды кæнын: сихормæ æввахс уыдаид, афтæ Хъобаны не скъолайы ахуыргæнджытæ, сæ сæргъы уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Дзуццаты Уызаир, афтæмæй сæхи бæхты бричкæйы горæтмæ ирон театрмæ цæуынмæ куыд цæттæ кодтой, уый. Къордæй бричкæйы гуыффæйы куы сбадтысты æмæ заргæ уæрдонвæндагæй сосамæ куы ахызтысты, уæд ма махæн, кæстæртæн, нæ хæлæгæн кæрон кæм уыдис… Фæстæмæ куы æрбаздæхтысты, уæд нын тынг цымыдисæй дзырдтой спектаклы тыххæй. Уæд федтой Туаты Дауыты пьесæ «Аргъау».



Рæстæг цыдис. Скъола каст фестæм. Алчи нæ агуырдта царды йæхи фæндаг. Уæд, фæндзайæм азты, æз фыццаг хатт уыдтæн Ирон театры. Федтон дзы, нæ ахуыргæнджыты тынг цымыдисы чи бафтыдта, уыцы спектакль. Ирон театр мæ уæд бакодта йæ уацары.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг Ирон театры артисттæ равдыстой 790 спектаклы æмæ концерты.

1945 азы Ирон театры артисттæ хорзæхджын æрцыдысты майдантæ «За доблестный труд» æмæ «За оборону Кавказа»-йæ.

* * *

...1941 аз æрбаскъуыдта æрыгон лæппу Саламты Къолайы сæнттæ æмæ бæллицтæ. Батылдта хæстæввонг йæ дыстæ. Хæссынæн рог, хæрынæн адджын чи у, уыцы нартхоры кæрдзын айста фæндаггагæн, дзуары чиныгау фæлмæн батыхта Станиславскийы чиныг æмæ араст Райгуырæн бæстæ хъахъхъæнынмæ цыфыддæр знагæй.

Камышины танкты скъола…

Сталингрäды хæст. Уæззау цæфтæ…Æмбæлтты мæлæт. Адард ис театр. Къола йæхæдæг йæ хæстон хабæрттæ дзурын нæ уарзта. Æрмæст-иу афтæ бакодта: «Хуыцау сын ма ныппарæд немыцæн, æртæ хатты танчы сыгътæн, æмæ Станиславскийы чиныг дæр мемæ сыгъди, гъе афтæ…»

Кæд æмæ хæсты хъæбатыр, ома, «герой» не сси, уæддæр æм хæсты цаутæй бирæ мысинæгтæ уыд.

Фыдыбæстæйы Стыр хæстыл 50 азы сæххæсты бон уыд фембæлд Сталингрäды хæстон ветерантæн Дзæуджыхъæуы. Ам уыдис сыбираг минæвар Василий Шакуров дæр. Мæнæ цы радзырдта Къолайы тыххæй:

«Уый уыдис 1944 азы Ныгуылæн фронты. Къолайы экипажæй дыууæ фæмард. Баззад иунæгæй, афтæмæй немыцæгты астæумæ бахауд. Гæнæн нал уыд, кæнæ – мæлгæ, кæнæ – цæргæ. Немыцаг æфсæддон йæхи æрхы баауон кодта, Къола йæ федта æмæ йæ уацары райста. Танчы люк сыгом кодта. Æрбаста уацайраджы æмæ фронты сæрты ахæцыд. Немыц æнхъæлдтой, се 'фсæддон советон танк æрбакæны, зæгъгæ, æмæ йæм сæ хъус не 'рдардтой, афтæмæй Къола фронты сæрты ахызт æмæ немыцаг афицеры æрбакодта. Къола уыд уæззау цæфтæ. Бахауд госпитальмæ. Уым æй фервæзын кодта мæлæтæй йæхи тугæй ирон хæстон дохтыр Реуазты Верæ».

Фæстагмæ ма Шакуров загъта: «Хæлæг уæм кæнын, ирон адæм, хъæбатыр сты уæ фæсивæд».

***ДАУЫРАТЫ Харитон***



Ирон театры артисттæ. 1945 аз.



*Хаджумар, добрый день!*

*Вот и я опять. Вот передо мной и письмо твое, в 1,5 листа бумаги, по которой на кончике толстой ручки вдоль и поперек бороздило перо, а рука посеяла зерна, от которых взошли не стебли обыкновенные, а золотые лучи солнца, согревшие душу мне. Одним словом, Хаджумар, твои письма постоянно держат меня в курсе событий, происходящих в пределах родной Осетии.*

*И Джанаев и Ардасенов пишут, что театр замечательно поставил спктакль «Олеко Дундич». Приятно, чертовски приятно! Рад за всех, за весь коллектив, за Таутиева, за Тхапсаева, за Каргинову – за всех! Молодцы! Иван Васильевич – человек взыскательный, он не так уж щедр по адресу работников искусств разбрасываться похвалами. Но раз ему понравилась постановка (как произведение искусства), значит, она действительно хороша. Это точно.*

*Только жаль, мучительно трудно, что в силу сложившейся ситуации я лишен возможности быть рядом с вами и делить радость этих успехов.*

*Но, Хаджумар, час расплаты недалек, он приближается неумолимо. Холодное дыхание смерти почуяли фрицы. Они еще более обнаглели. Они уже не чашками пьют кровь живого человека, они закалывают свои жертвы, припадают к ранам и высасывают кровь. Чудовищные звери. Вампиры! Тем быстрее требуется их истребление. И мы хорошо их истребляем. Замечательное у нас оружие. Но еще замечательней - люди. Если бы ты посмотрел на них – какой сказочный народ вырос в Армии нашей. Простой, но богатырский!*

*Из знакомых тебе людей сейчас со мной никого уже нет. Челохсаев Ал. (депут. Верх. Сов. СССР) заболел, в госпитале.*

*Сосо ног æфсад сарæзта. Æз дæр æм бахаудтон. Великое дело. На округление, на окончание, на оформление, как говорится, на довершение. Орлы! Все (кроме меня, конечно). Что поделаешь, в семье не без урода. Однако, можешь не сомневаться, что не подкачаю. Ну и будем же тузить фрицев! Додой мын сæ хæдзар! Словом, все узнаешь. Теперь, брат, дела хорошо идут.*

*А о том, какую отеческую заботу оказал ты детям и хозяйству моему, мне хорошо известно. Я ничего не забуду. Я все запомню. Если Богу будет угодно (в чем, конечно, я не сомневаюсь), то вернусь, подойду к тебе просто, как к близкому моему сердцу человеку, обниму тебя и, крепко расцеловав тебя, скажу: «Спасибо, родной!» Я доживу до этого дня. Я должен дожить. Все. Пока.*

***Твой Гриш**.*
*06.08.1943г.*

*Хаджумар, здравствуй, дорогой!*

*Получил твое письмо, читал, наслаждался - подпрыгивал ребенком, смеялся, танцевал, плакал от радости... Все, обо всем ты написал мне, что только волнует душу. Молодец!*

*За все тебе благодарен.*

*Но почему до сих пор никто мне не сообщил о большом, великом празднике нашего искусства, работников театра – о награждении передовиков орденом Советского Союза? Разве не обязательно об этом ставить меня в известность? Разве я мало потрудился с Вами, или был в чем-нибудь неискренен? Ведь на фронте не все узнаешь, не всегда послушаешь радио.*

*Совершенно посторонний человек рассказал мне о награждении Таутиева и Тхапсаева Орденом Ленина. Оказывается, дело было давно, а я не поздравил. Очень рассердился я, не на себя, нет – на тебя, в первую очередь. Решил излить на твою голову целую кучу всяческих упреков, но, благодари Бога! – радость, огромная радость о торжествах разрядила все.*

*Хорошо, честно потрудились Соломон и Володя. Слава им! Никогда они не фальшивили, всем существом отдавались делу театра, правдой, искренностью и теплотой веет от всей их сценической жизни. Образы, созданные ими, всегда пробуждали в сердцах народа нашего благородные чувства, стремление к возвышенному, прекрасному. Орлы оба, горные, наши!*



*Не могу поздравить их по достоинству – скуден язык мой. Если бы Богом было суждено мне сейчас оказаться рядом с ними, я бы без слов каждого из них крепко, по-братски расцеловал и сказал бы:*

*– Живи, Соломон! Живи, Володя! Живите оба, с нами!..*

*Я не знаю, кто еще награжден, кого конкретно надо поздравить, но хочу сказать всем, всему коллективу: если кто остался сегодня без внимания – пусть не падает духом (не все сразу делается, не все сразу награждаются), пусть эти награды будут восприняты коллективом, как общая награда, награда всему осетинскому театральному искусству! Поздравляю весь коллектив актеров с этой высокой наградой!*

*Хаджумар! Я далеко нахожусь, но и отсюда чую, какова твоя роль в успехах работы театра. Ты, просто, первый молодец! Все, что ты сеял с первого же дня своего пребывания на посту руководителя театра, теперь дает свои чудесные золотые всходы.*

*Не спускай темпов, не ослабевай напряжения. Не теряй связи с писателями. Нигер, Дабе, оба в первую очередь, – это пища театра. Опирайся на Асаха, Арсена, Мысоста, они побывали в трудностях, оборотах, они знают цену всему, они ни в чем не подведут.*

*Все, пока. Сам жив, здоров.*

*Узнал о судьбе Кодзаева, Балаева, Галазова, Хугаева. Уацар.*

*Обстоятельней сообщу в другой раз.*

*Привет Тотрову, Таутиеву, Токаеву, Тхапсаеву, Тотиевой, Тотиеву, Макоеву, Купееву, Цирихову, Икаевой, Каргиновой, Дзукаевой, Афас-джан, Борукаеву. Цаликову, Фотиеву, Ешеряковой, Марковой, – всем новичкам, которых не знаю, ну и Леве и Аланчику.*

*Обнимаю тебя и жму твою руку.*

***Твой Гриш ПЛИЕВ.***
*20.06.1944г.*






# АРТИСТТÆ ХУДЫНЦ

## ЧЫЗГСКЪÆФДЖЫТÆ

Спектакль «Чызгæскъæфджытæ» режиссер Цæриаты Валерийæн йæ дипломон куыст уыд. Хъазыдысты дзы Бекмæрзты Æхсар, Дзуццаты Рая, Цæрæкты Олег, Мелыкаты Замирæ æмæ иннæтæ. Сценаримæ гæсгæ иуафон лæгтæ сæ бинойнæгты хъуамæ сæ къухтыл сценæйæ ахастаиккой. Æхсар Раяйы йæ къухтæм рогæн фелвæста æмæ йæ ахаста. Олег, мæгуырæг, Замирæйыл схæц-схæц кæны, фæлæ йæ хъуыддагæй ницы уайы. Замирæ хабар куы бамбæрста, уæд хабæрттæ йæхæдæг ацарæзта: Оледжы йæ хъæбысмæ фелвæстæ æмæ йæ сценæйæ афардæг кодта. Театрдзаутæ худæгæй басур сты.

## ИУ ЗЫЛД МА

1992 азы Бекмæрзты Æхсар Ирон театры сценæйы сæвæрдта спектакль «Зæлийы чындзытæ». Афтæ фæрæстмæ, æмæ йæ 'вдыстой 19 азы. Мелыкаты Замирæ спектаклы хъазыд астæуккаг чындз Фаризæты ролы.

Иу сæрдыгон бон спектакль аластой Дзуарыхъæумæ дæр. Артисттæ рагацау æрцыдысты, сæхи уайтагъд ацæттæ кодтой æмæ æнхъæлмæ кастысты сæ уарзон театрдзаутæм. Хъæуы цæрджытæ цалынмæ сæ фосмæ зылдысты, уæдмæ артисттæ рæстæгивазæн кодтой. Нæлгоймæгтæ клубы чъылдыммæ кæрты тамако дымдтой. Замирæ, хъæубæсты уынгтæм иу цæстæй акæсон, зæгъгæ, куыддæр ахъуыды кодта, афтæ кæсы, æмæ уалæ иу лæппу велосипедыл æрбацæуы. Йе ´взонджы бонтæ йæ цæстытыл ауадысты. Бафæндыд æй иу цалдæр зылды клубы раз акæнын. Лæппутæн равдисын, велосипедыл куыд хъæуы рæстмæ цæуын, уый.

Фæурæдта йæ. Уазæгæн «нæ» чи загътаид, уæлдайдæр Замирæйы хуызæн артистæн. Цыбыр рæстæджы фæстæ не стъалы цæхæртæ калгæ велосипедыл куы иуырдæм фæцæйцæуы клубы пысыраты 'хсæн къахвæнддагыл, куы – иннæрдæм. Йæхицæй афтæ ныббуц, æмæ дзы

йæ фæндаг ферох. Афтæмæй, пысыраты 'хсæн дзыхъхъ нæ фенгæйæ, уым сæрбынмæ æд велосипед ныххауд.

Суанты Хъазыбег, Гуыбиаты Хъазыбег, Тыджыты Эдуард, Дзытиаты Лактемыр æй цæстæй агурынц, ныртæккæ дæр ма ацырдæм куы æрбацæйцыд, зæгъгæ. Фæфæдис сты, æмæ, бабыз доны йæ сæр куыд фæтъыссы, афтæ Замирæ – сæрдæлгом, къæхтæхъилæй дзыхъхъы. Йæ велосипеды цалх ма, йæ сæрмæ хъинцгæнгæйæ, мæнгздухæнтæ кодта. Уæдмæ йæ нæ артисттæ æд велосипед дзыхъхъæй сластой.

*Радзырдта сæ МЕЛЫКАТЫ Замирæ*

## ЗЫНДОНМÆ, БИБО, ЗЫНДОНМÆ!

Уый уыд 1988 аз. Иу сæрдыгон бон та Уататы Бибо тетры кæрты бæлæсты бын хъæлдзæг ныхæстæ кодта репетицийы хæд размæ. Йæ алыварс артисттæ къæл-къæлæй худынц. Йæ тæккæ фарсмæ та – йе стыр хæлар Бирæгъты Къоста. Бибо иурæстæг йæ цæсгомы хуыз фæивта, æмæ афтæ зæгъы:

– Дысон ахæм æнахуыр фын федтон, æмæ диссаг. Раст цыма дын дзæнæты фестадтæн. Мæ алыварс æрдз цъæх-цъæхид дары, цъиутæ зарынц. Цæст сæ уындæй не 'фсæды. Ехх, зæгъын, Бибо, уæлæуыл дзæгъæлы цас рæстæг фесæфтай, цард мæнæ кæм ис, мæнæ! Раздæр дæ амæлын хъуыд!

Уалынмæ дын кæсын, æмæ дардæй урс бæхыл æрбацæуы иу зæронд лæг урс-урсид дзаумæтты. Ай,зæгъын, Уастырджи ма уæд. Уæдмæ æрбахæццæ æмæ иу хъæр фæкодта:

– Ды Уататы Бибо нæ дæ?

– Гъе уый дæн! – бацин кодтон мæхимидæг.

– Æмæ ам цы кусыс?

– Мæнæ дзæнæтмæ цæуын!

– Дæуæн дæ бынат зындоны ис!

– Цæмæн?

– Куыд цæмæн?! Уæлæуыл сылгоймæгты зæрдæхудты цыдтæ?!

– Цыдтæн!

– Тамако дымдтай?

– Дымдтон!

– Карз нозт ныстай?!

– Ныстон.

– Уæрæсеæйы Федерацийы адæмон артист нæ дæ?



– Дæн…

– Зындонмæ, Бибо, зындонмæ!

Уалынмæ дын фæстæмæ фæкастæн, æмæ уалæ Бирæгъты Къоста дæр хъуыддагхуызæй æрбацæуы. Мæ зæрдæ куыд нæ ныррухс.

– Уалæ уыцы лæджы уыныс? Уый дæр Ирон театры артист у! – фæрæвдз дæн æз! – Уый дæр мæн хуызæн сылгоймæгты зæрдæхудты цыдис, тамако дымдта, нызта, æмæ цынæ æвзæр митæ кодта! Суанг ма Уæрæсейы Федерацийы артист дæр у.

Уастырджийæн йæ цæсгомы хуыз кæй фæивта, уый мæ зæрдæмæ фæцыд, загътон, мæ хъул сах абадт.

– Мæнæ ай… ацы дæлæмæдзыд дæр Ирон театры артист уыди? – дисы бацыд Уастырджи æмæ фæсагъæсхуыз.

Фæсныхасæн: Бибо æмæ Бирæгъты Къоста Мæскуыйы иумæ ахуыр кодтой театралон училищейы. Сæ хæлардзинад уыд æнæфехалгæ, бындурон. Фæлæ сæ хъазæн ныхæстæй кæрæдзийыл нæ ауæрстой. Фидаугæ дæр сыл кодта. Бибомæ-иу хатгай бахатыдысты, ма ма йæ дæлдзинæг кæн, зæгъгæ, тæригъæд у. Æмæ-иу уæд Бибо афтæ: "Ацы дæлæмæдзыд мæнæн, цалынмæ Мæскуыйы ахуыр кодтам,уæдмæ цы хъыцъыдæттæ бануазын кодта, уый куы зониккат, уæд афтæ нал зæгъиккат".

## ФОНДЗ ГÆРАХЫ

Баллаты Валодя царды куыд уæздан æмæ уæзбын лæг уыд, сценæйы дæр афтæ. Спектаклы рæстæг йæхицæй хид рауадза, уый йæм нæ уыд. Тæбæхсæуты Бало йæ уый тыххæй хуыдта «АнтиОх!» Иу худæг хабар та йыл ахæм æрцыд. Цæвиттон, иуизæр Валодя трагедийы хъазыд. Зал театрдзаутæй – дзаг. Фæстагмæ Валодяйы хъуамæ багæрах кодтаиккой фæскулисæтæй, æмæ зæххмæ 'рхаудаид. Театрдзаутæн сæ сыбыртт дæр нал цæуы. Æнхъæлмæ кæсынц фыдбылызмæ…

Уалынмæ режиссеры æххуысгæнæг Дзапарты Сергей фæскулисæтæй Валодяйы багæрах кодта. Валодя, куыд æмбæлд, афтæ фæцудыдта, фæлæ зæххмæ не 'рхауд. Бæрзонд лæг уыд Валодя, æмæ-иу агурын райдыдта æрхауынæн фæлмæн бынат.

Сергей æнхъæлмæ кæсы – Валодя нæ хауы. Уæдмæ та йæ ногæй багæрах кодта, уæдæ цы кодтаид. Валодя скатай, фæлæ уæддæр кæм æрхауа, уый нæ ары. Афтæ гæрæхтæ фондзмæ схæццæ сты. Фæстагмæ кулисæтæм хæстæг йæхи æруагъта,йæ фæсонтæ театрдзаутæм, афтæмæй сусæгæй Сергеймæ дзуры:

– Хуыцауы тыххæй, арс марыс, арс? Цал гæрахы мæ фæкодтай?
– Омæ-иу иу гæрахæй æрхау, иу гæрахæй!

## МАСТЕР

Хъалæгаты Федыр стыр курдиаты хицау уыд. Фæлæ уыцы бон цы спектакль репетици кодтой артисттæ, уым ын роль нæ уыд. Сценæмæ схызт, æмæ йын Бирæгъты Къоста мæстæймарæгау афтæ:

– Федыр, цу-ма уартæ залы сбад æмæ бакæс, мастертæ куыд кусынц, уымæ.

– Мастертæ? Ныртæккæ уæм бакæсдзынæн! – Ацыди. Реквизиттæм бацыди æмæ Уарзиаты Зарæйæ ракуырдта бинокль.

Залы фæсте сбадтис æмæ, сценæйы цы хабæрттæ цыд, уыдонмæ йæхи лæмбынæг кæсæг скодта. Агуырдта дзы Бирæгъты Къостайы. Уæдмæ йыл артисттæ худын райдыдтой, æмæ йæ Хуыгаты Геор залæй ратардта. Уый сценæмæ фæстæты бацыд æмæ Къостайæн афтæ:

– Кæм дæ, кæ, МАСТЕР? Агуырдтон дæ биноклтæй сценæйы æмæ дæ куынæ ссардтон!

## ÆНАХУЫР КЪÆВДА

Советон рæстæг артисттæй цалдæрæн фатертæ иу хæдзары радтой. Уыдон уыдысты Хъалæгаты Федыр, Ходы Барис, Абайты Маирбег, Хуырымты Уырызмæг, Дзиуаты Анатоли, Суанты Федыр. Иубон Абайты Маирбег æмæ Хуырымты Уырызмæг репетицимæ тагъд кодтой. Къæвда сæх-сæхæй уары. Иу рæстæг машинæ фæурæдтой æмæ Къостайы проспекты театры 'рдæм фæцæуынц. Тигъыл светофоры бынмæ куыд бахæццæ сты, афтæ кæсынц, æмæ иу æрыгон хæрзконд чызг къæвдамæ ныххуылыдз, афтæмæй фæндаггæрон лæууы. Уырызмæг æм нымдзаст ис. Æвæццæгæн ын тæригъæд дæр фæкодта æмæ дын афтæ куы бакæнид:

– Ах ты моя маленькая! Как она мочится!

*Радзырдта сæ СУАНТЫ Хъазыбег*

## МÆ КУЫДЗ САСТ ПЕЧЕНИТÆ НÆ УАРЗЫ

Хъæрджынты Варя уыд стыр курдиаты хицау артист, фæлæ йæ бинонтæй амонд нæ фæцис, цардис иу нæгæй. Дардта æмбаргæ стыр сау куыдз. Мæ мад Екатеринæ æрыгонæй куыста проспекты, дукани «Снежинка»-йы. Варя алы бон дæр уырдæм цыд йæ куыдзимæ, æмæ йын алы хатт дæр æлхæдта печенитæ. Уырдæм уарзтой цæуын иннæ артисттæй дæр бирæтæ. Фæлæ-иу Варя куыддæр æрбахызт, афтæ-иу ын Екатеринæ, йæ цыды сæр зонгæйæ, æнæдзургæйæ печенитæ абарста.

Иубон баргæ-барын къоппы бын, чи нæ уал ауæй уыдзæн, ахæм саст печенитæ дзæвгар аззад, æмæ Варя куы æрбахызт, уæд ын афтæ:

– Варя, уæддæр сæ ды дæ куыдзæн фелхæныс, æмæ дын сæстытæй абарон. Мæнæн дæр де 'руаджы мæ печенитæ ауæй уаиккой, æмæ дзы нал баззаид.

Варя уыцы ныхæстæм хорзау нал фæцис, æмæ афтæ бакодта:

– Нæааа, мæнæн мæ куыдз саст печенитæ куы нæ уарзы…

*Радзырдта йæ БИТАРТЫ Алыксандыр*

Дзытиаты Лактемыр æмæ Мелыкаты Замирæ Мæскуыйы иумæ ахуыр кодтой. Замирæ йæ зæрдæмæ цыд, æмæ иу бон куы уыд, уæд Лактемыр фæныфсджын æмæ йæ сусæг зæгъинæгтæ сфæрæзта. Дæрдтыл зилын райдыдта, стæй фæкъæртт:

– Замирæ, ницæмæй дæ стыхсын кæндзынæн æппындæр: дзаумæттæ æхсын зонын, æфснайын зонын, иту мæ дзаумæттыл æвæрын, хæринаг кæнынмæ дæр дæсны…

Замирæ йæм фæхъуыста æмæ фæрæвдз:

– Ай дæхæдæг диссаджы куринаг чызг куы дæ!

*Радзырдта йæ ДЗЫТИАТЫ Лактемыр*

## ÆЗ ÆРЫДОЙНАГ НАЛ ДÆН

Сæрды тæккæ тæвды спектаклы фæстæ рараст стæм Лескенæй нæ «цъыкзамтыл» – афтæ хуыдтам нæ хæлддзаг автобус. Тыхтæй-амæлттæй схæццæ стæм Æрыдонмæ. Сылгоймагæй-нæлгоймагæй дойныйæ мардыстæм. Баурæдтам. Иу хæдзармæ бадзурæм, иннæмæ бадзурæм, дон нын авæрут, зæгъгæ, фæлæ нын дон дæттæг нæй. Хъæуæн йæ кæронмæ ахызтыстæм, уæддæр дон нæй.

– Цы гæнæн ис, ардыгæй горæтмæ бафæразын хъæуы, – загъта Бесæ.

– Бауром-ма, Салам! – йæ дзыхыдзаг ныхъхъæр кодта Дзугаты Жорæ. Автобус æрлæууыд.

– Хорз адæм, бахатыр мын кæнут! Абонæй фæстæмæ æз æрыдойнаг нал дæн. Мæхи фыссын Джызæлыл. Уыдон дон нæ, фæлæ ма мын арахъхъ дæр раттаиккой.

Фæстагмæ куыд рабæрæг, афтæмæй уыцы бон Æрыдоны дондзæуæн хæтæлтæ цалцæг кодтой.

## ФÆЛТАУ – МÆЛÆТ!

Репетици цæуы. Урсгвардионтæ æмæ сырхыты 'хсæн бацайдагъ хæст. Сæ иутæм дæр нæмыг нал и. Хæцæнгæрзтæ акалдтой æмæ бавнæлдтой лæгæй-лæгмæ хæстмæ. Тыбылты Чермен уыд урсытæй, Цæгæраты Глеб – сырхытæй. Иумæ хæцгæ сын æрцыд. Сырхытæ хъуамæ фæуæлахиз уой. Чермен, къабазджын лæппу, Глебы йæ быны æрнорста. Режиссер æм залæй дзуры:

– Чермен, Глеб дыл хъуамæ фæуæлахиз уа, Глеб!

Чермен йе уæхсчытæ фæстæрдæм акодта, йæ фæтæн риуыл размæ рахæцыд:

– Мæныл хъуамæ мæнæ ай фæуæлахиз уа? Мæ иу цонджы тых æм куынæ ис, уæд... Ногирмæ ма цы цæсгомæй ныццæуудзынæн?

Режиссер ма йын цыдæр зæгъынмæ хъавыди, фæлæ Чермен фæразæй:

– Мацы мын дзур. Нæ уыдзæн уый. Фæлтау – мæлæт!

Æмæ сын уæд режиссер дæр сæ бынæттæ аивта.

## МАХ ЛÆУГÆ КОДТАМ

Трамвай æрлæууыди. Раззаг дуарыл бирæ адæм хызт æддæмæ, уый куы федта Къоста, уæд фæстаг дуарыл рахызт. Ауыдта Къолайы.

– Дæ райсом хорз, Къола.

– Кæй райсом у, уый хорзæх дæ уæд.

– Ацы трамвайæ рахызтæ?

– О.

– Уæдæ дæ æз куыннæ фæдтон, кæд ды дæр уым бадтæ, уæд?

– Нæ бадтæн.

– Афтæ нæ зæгъыс, уырдыгæй рахызтæн?

– О.

– Уæдæ дзы куыннæ бадтæ?

– Бадгæ кæстæртæ кодтой, мах – лæугæ.

## ДЖЫЗÆЙЛАГ ДОН

Джызæлы клубы æвдисæм спектакль «Сæрмæт æмæ йæ фырттæ». Тынг тæвд бон. Тыхсæм нæ цухъхъаты. Зонгæтæн æрбахастой хуынтæ.



Сценæмæ схизæн асины фарсмæ сæ скъаппы бафснайдтой, арахъхъы бедра та скъаппы сæр доны бедрайы фарсмæ æрæвæрдтой.

Иуафон Бало сценæйæ, йæ хид сæрфгæ, рагæпп кодта. Асины дыккаг къæпхæныл йæ къах авæрдта, кружкæ бедрайы фæтъыста æмæ йæ йæ тæккæ дзагæй æнæ сулæфгæйæ ауагъта. Йæ былтæ асæрфта æмæ дын афтæ:

– Ацы Джызæлæн сæ дон дæр арахъхъы ад кæны!

## БАНАНТÆ КЪÆДЗ ЦÆМÆН СТЫ

Бирæгъты Къоста Уататы Бибойы алыварс æртæ зылды æркодта, йæ размæ æрлæууыд æмæ йæм хæрдмæ дзуры:

– Бибо, ды дæхи æдзух зонджын куы хоныс…

– Æппынфæстаг, дæуæй æдылыдæр нæ дæн.

– Уæдæ ма мын ме 'дылы фарстæн зонджын дзуапп ратт.

– Даргъ таурæгътæ ма кæн, фæлæ бафæрс.

– Дысон-бонмæ нæ бафынæй дæн, Бибойыл, зæгъын, райсом куы амбæлон, уæд æм цавæр фарст ратдзынæн.

– Гъы, æмæ цы 'рхъуыды кодта де 'дылы къоппа?

– Зæгъон æй?

– Зæгъ.

– Банантæ къæдз цæмæн сты?

Бибо хъæлæсыдзагæй ныххудти:

– Дысон-бонмæ ууыл хъуыды кодтай? Æндæр куыст дын нæ уыд?

– Нæ уыд, фæлæ мæ æдылы фарстæн зонджын дзуапп!

Бибо ахъуыды кодта, стæй басасти:

– Нæ зонын.

– Сæттыс ыл?

– О, сæттын.

– Уæдæ æз æндæр маймулийы бафæрсон.

## ÆРÆДЖИАУЫ ХОРЗÆХ

Хуырымты Уырызмæг хуынд уыд куывдмæ. Спектаклы фæстæ Дзиуаты Анатолийы йемæ акодта, иунæгæй аив нæу, зæгъгæ.

Куывддзау адæм фæстаг сидт куыд кодтой, афтæ адон дæр кæрты дуарыл бахызтысты. Бадты адæм базмæлыдысты. Æвæццæгæн, се 'ппæт дæр базыдтой Уырызмæджы. Чидæр сæм рахъæр кодта:

– Лучше поздно, чем никогда!

Уырызмæг фынгтыл йæ цæст ахаста. Ницыуал дзы ис хорзæй, уый куы федта, уæд сæм дзуры:
– Лучше никогда, чем поздно.

## ДЫУУИССÆДЗ БОНМÆ

Мерденты Марат бацыди Хуыгаты Геормæ.
– Геор, дыууиссæдз бонмæ ацæуон?
– Ацу, – загъта Геор.
Цалдæр боны фæстæ Геор агуры Мараты, пьесæ йæм кæсынмæ раттон, зæгъгæ, фæлæ Марат зынæг нæй. Хæдзары дæр нæ разынди. Республикæйы никуы ис. Дыууиссæдз боны фæстæ фæзынд.
– Геор, агуырдтай, дам мæ?
– Агуырдтон. Ныр мæйæ фылдæр кæм дæ? Куыстмæ цæуылнæ цæуыс?
– Дæхæдæг мæ дыууиссæдз боны æмгъуыдæй нæ ауагътай?
Геор æм джихæй кæсгæйæ баззад.

## ДЖИНС ХÆЛАФ

Эдикæн йæ бинойнаг йæ уæлæдарæс ныхсадта. Йæ уæлæ цы скодтаид, уый нæ уыд. Куывдмæ та йæ æнæмæнг цæуын хъуыд. Йе 'мбæлттæ йæм æнхъæлмæ кастысты. Йæ хистæр фырты джинс хæлаф скъаппæй райста, аракæс-бакæс æм кодта, йæхиуыл æй абарста æмæ йæ тыхтæ-фыдтæй скодта:
– Къуындæггомау у, фæлæ цы бакæнон? Цæугæйæ хыррытт-мыррытт кæндзæни, фæлæ...
Йе 'мбæлттæм куы ныххæццæ, уæд сын салам раттыны бæсты загъта:
– Цы скодтаин, уый мын нæ уыд, æмæ мæ фырты джинс хæлафы рацыдтæн.
Къола йæм байхъуыста, стæй йе 'мбæлттыл йæ цæст ахаста æмæ загъта:
– Джинс хæлаф дæр хорз у, Эдик. Дæ хуыфын дзы æддæмæ нæ райхъуысдзæн.

## АДЫМÆМ?

Цæлыккаты Мæирбег кæны репетици. Хъалæгаты Федя æмæ Хуырымты Уырызмæг сæ сахæттæм æркæс-æркæс кæнынц, скатай сты.
– Уæ хорзæхæй, мæ чъылдыммæ æдтопп салдæтты лæуд цы кæнут?



– Бахатыр кæн, Мæирбег, адымæм? – йæхи йæм хæстæг байста Уырызмæг.
– Адымут, кæд уæ хъуыстæ сæхгæдтой, уæд.
Уыдон дæр адымдтой... чындзæхсæвмæ.

## ÆНДÆР ХАТТ ДЗЫ НАЛ УЫДЗÆН

– Лактемыр, æз дæр – иунæг, ды дæр – иунæг, цом æмæ нæхимæ фæйнæ сыкъайы бануазæм, – загъта Уататы Бибо.
Фæйнæ æртæйы куы анызтой, уæд Лактемыр йæ рахиз къух æрбатымбыл кодта. Йæ амонæн æнгуылдз похцийы къæбæлау цыргъæй Бибойы 'рдæм фæцарæзта. Уый йæхи фæиуварс кодта, ай мын мæ цæст дæр акъахдзæни, зæгъгæ.
Лактемыр бæстон-бæлвырдæй райдыдта дзурын, Чехословакийы куыд службæ кодта, Мæскуыйы куыд ахуыр кодта, уырдыгæй Ирон театрмæ куыд схæццæ, стæй Сыбыры куыд балæууыд кусынмæ, æппæт уыцы хабæрттæ.
Бибойы хуыссæг æрцахста, йæ дыуувæ къухыл йæ сæр æруагъта æмæ бафынæй. Лактемыр уæддæр не 'нцайы, биноныг ныхас нывæнды.
Иуафон Бибо райхъал. Йæ цæстытæ ауыæрста, йæ сахатмæ 'ркаст.
– Лактемыр, фæсæмбисæхсæвы цыппар сахаты у, ацу дæ хæдзармæ, мæнмæ хуыссын цæуы.
– Мæ хабæрттæ дын æххæст нæ фæдæн конд.
– Нал мæ хъæуынц дæ хабæрттæ, ахъуытты у дæ хæдзармæ!
– Цæй, хорз. Æндæр хатт дын сæ кæронмæ радзурдзынæн.
– Нæ, Лактемыр! Æндæр хатт дзы нал уыдзæн!

## ЧАХЛЕ

Чъребайы уазæгдоны иумæ цардыстæм Саламты Къолаимæ. Райсомæй мын Къола афтæ:
– Дæс сахатмæ мæм сидынц куыстмæ, æмæ кафейы исты ахæрон, – æмæ рацыд.
Æз дæр сыстадтæн. Сабыргай мæхи рæвдз кæнын. Иуцасдæры фæстæ Къола дуарæй æрбахызт.
– Бексолтан, кафейы цыдæр ног хæринаг фæзынд. Æвæццæгæн, гуырдзиаг хæринаг у. Æхца мын, зæгъын, куынæ сфаг уа, уæд фæхудинаг уыдзынæн. Æхцамæ фездæхтæн.
– Фæлæуу, æххæст иумæ бахæрæм. Цы хуыйны, цы, уыцы хæринаг?

Нæ йæ базыдтай?
– Куыннæма? Чахле!
– Ахæм дзы никуыма фехъуыстон.
Ныццыдыстæм кафемæ. Къола йæхи фæразæй кодта. Дзуры уæйгæнæгмæ:
– Дыууæ чахлейы ма нын ратт.
Сылгоймаг дыууæ цайы агуывзæйы æмæ дзулы цалдæр карсты тæбæгъы æрæвæрдта. Мах кæрæдзимæ бакастыстæм. Къола та йæм дзуры:
– Хæринаг уал нын ратт, нæ цайтæ ныууазал уыдзысты.
– Цавæр хæринаг? – фæрсы сылгоймаг.
– Ӕрдæбон дæ куы фарстон, уæд æй цыдæр æнахуыр номæй схуыдтай.
– Фарстай мæ, цы хæринаг уæм и, зæгъгæ, æмæ дын загътон: чай, хлеб.
Къола мæм æфсæрмхуызæй æрбакаст:
– Чай, хлеб, дам. Мæнмæ та «чахле» райхъуысти.

## МÆИРБЕДЖЫ ДЗУАПП

Сæрдыгон æнтæф бон Суанты Ким æмæ Цихиты Мæирбег кæсаг ахстой Куырттаты комы. Кимы хуры тæвд дæр нæ хъыгдары. Уайтагъд та æнгуырыл кæсаг фелвасы. Мæирбег дæр дыууæ æнгуыры дары, фæлæ кæсагæн йæ кой, йæ хъæр дæр нæй. Йæ хæдон раласта, йæ сæрыл æй æркодта æмæ бады. Ким æм кæсгæйæ баззад:
– Гъеныр уый цавæр гуыбын рауагътай? Аивады кусæг!
Мæирбег ын афтæ:
– Уæдæ, мæ хуылфы чи ис, уыдон мæ дзыппыты ныккæнон?

## ХÆРХÆМБÆЛД

Бæтæгаты Тамарæ куыста Ирон театры сæйраг режиссеры æххуысгæнæгæй. Ноджы бæрæг кодта, артисттæй йæ куыстмæ чи кæд æрбацæуы, уый.
Иу райсом Брытъиаты Римæйæн горæты дæллаг кæронæй афоныл нæ фæцис автобус æмæ байрæджы кодта. Бæрæг уыд, автобусы æрлæууæнæй театрмæ згъоргæ фæкодта, уый: йæ рустæ сырхварс фæткъуытау туджы зылдысты. Театры дуармæ хæрхæмбæлд фæци директорыл:
– Васили Дмитрийы фырт, дæ хорзæхæй, Тамарæйæн-иу ма зæгъ, кæй байрæджы кодтон, уый, – æмæ тагъд-тагъд мидæмæ бахызт.



## ЧИ У ЗÆРОНД?

Хъулаты Верæйыл амбæлд æнæзонгæ сылгоймаг. Тынг ыл бацин кодта, стæй йæ ныхас цæхгæр фæзылдта:
– Ӕллæх, Верæ, куыд тагъд базæронд дæ? Ӕппындæр дæхи хуызæн нал дæ.
– Уый дæумæ зæронд кæсын. Уæдæ ма дæ лæджы афæрс.
– Мæ лæджы та цæмæн?
– Дæ лæгмæ та дæуæй бирæ æрыгондæр кæсын.
Сылгоймаг цавддурау фæцис. Джихæй алæууыди, стæй æваст цыдæр æрбаци.

## УАТАТЫ КЪОСТА

Уататы Бибо æмæ Бирæгъты Къоста уыдысты лæппуйы куывды. Мысайнæгтæ дæтгæйæ Къоста йæхи фæразæй кодта. Бибо куы лæвæрдта, уæд Къоста фыссæгмæ дзуры:
– Уататы Къоста, зæгъгæ, ныффысс.
– Цæмæн Къоста? Мæхи ном æвзæрдæр у?
– Уадз æмæ уæм иу адæмымыггаг лæг уа!

## БÆЗЗЫ

Режиссер артисттæн бæлвырд афонмæ снысан кодта грим æмæ уæлæдарæсмæ æркаст. Галазты Виктор кæмдæр афæстиат. Куы ’рбацыд, уæд йæ уæлæдарæс тагъд-тагъд акодта, йе ’нгуылдзтæ гримы фæтъыста, цæсгомыл æй ацъаппытæ кодта æмæ сценæйы иннæты æмрæнхъ алæууыд. Режиссер сæм кæсы лæмбынæг:
– Виктор! Уый цавæр грим у? Ацу, ног грим скæн.
– Виктор рацыд. Тамако адымдта æмæ режиссермæ дардæй йæхи æвдисы:
– Куыд у ныр мæ грим?
– Ныр хорз у. Бæззы.

## ДИАЛОГ

Уататы Бибо æмæ Дзуццаты Бибо шахмæттæй хъазынц Уататы хæдзары. Райхъуысти телефоны дзæнгæрæг. Дзуццаты Бибо хæтæл систа:
– Хъусын.
– Чи дæ? – райхъуысти зонгæ хъæлæс.

– Бибо дæн, Дзуццаты.
– Æмæ ацафон уым цы кусыс? Къоста дæн, Бирæгъты.
– Мæнæ Уататы Бибойы фаджысимæ шахмæттæй хъазын.
– Æмæ йæхæдæг кæм и Бибо?

## КÆЙ КУЫД ФÆНДЫ, АФТÆ

Иу зымæгон изæр хъæумæ аластам спектакль. Клубы уыди уазал, йæ къултыл халас сбадт. Артистты та хъазын хъуыди цыбырдыс дарæсты. Сланты Къоста – театры профцæдисы раздзог – хъуамæ ныффыстаид акт, æмæ фæстæмæ раздæхтаиккам. Къоста уыцы рæстæг кæимæдæр шахмæттæй хъазыныл абадти. Туменаты Еленæ æмæ Кочысаты Зоя скатай сты, сæ хъуыды зæгъын нæ уæндынц Къостайæн. Фæстагмæ йæм Зоя бауад:

– Къоста, Къоста! Бахатыр мын кæн.
– Зæгъ тагъддæр, нæ мæ ’вдæлы.
– Акт та куыд фысгæ у?

Къоста, йæ хъазт нæ уадзгæйæ, зарæгау бакодта:

– А-а к-ыты-ы...
– Къоста, уымæй дæлæмæ та?
– Уымæй дæлæмæ та... Шах! Æмæ мат!.. Уымæй дæлæмæ та, кæй куыд фæнды, афтæ.

## НУ, НЕ БЕРЕТ!

Хæдарцаты Беслæн æмæ Бæдто, Сланты Къоста æмæ Гуыдиаты Руслан цыдысты Беслæныхъæумæ сæ хорз зонгæйы зианмæ. Фæндагыл баныхас кодтой, марды цурмæ кæугæ бацæуæдзыстæм, зæгъгæ.

Дуармæ бадæг адæмæн тæфæрфæс ракодтой. Кæрты дуарæй куы бахызтысты, уæд æртæйæ ныккуыдтой.

Бæдто сæ фæдыл дæрддзæф цæуы, фæлвары кæуын, фæлæ йын дзы ницы уайы. Хæкъуырцгæнæгау цыдæр уынæр скæны æмæ та ферхæцы. Бахæццæ сты тыргъмæ схизæн асинтæм. Бæдто йæ къухты хæцъил дары цæттæйæ, фæлæ цæссыг нæй. Тынг стыхсти. Смæсты йæхимæ. Къоста йæм аивæй къухæй амоны, раййаф нæ, зæгъгæ. Бæдто йæ къухты хæцъил зæххыл ныццавта æмæ хъæрæй нылгъыста:

– Ну, не берет!..

Æмæ фæстæмæ раздæхт.



## ÆХГÆНÆН

Театры дуармæ даргъ бандоныл бады Къола. Уæдмæ фæзынд æндæр актер, салам радта Къолайæн æмæ йæ дæллаг фарс æрбадти. Къоламæ æвиппайды хъæбæр нозты тæф æрбакалд, æмæ йæм тæссармæ бакасти: цæсты бынтæ – рæсыд, цæсгом – итуæвæринаг.

– Дысон кæм уыдтæ?
– Чындзæхсæвы.
– Æмæ цы ныздтай? Водкæ? Коньяк?
– Водкæ. Коньяк нæ уарзын. Хъæды сысты тæф кæны.
– Æмæ йын йæ хъуырæн æхгæнæн нæ уыд?

## ÆНАХУЫР ФЕМБÆЛД

Уырызмæгимæ стыр уынджы æрцæуæм. Нæ ныхмæ саурихи, бæзæрхыгтæ лæппу ссæуы æмæ йæ мидбылты худы. Нæ размæ куы схæццæ, уæд йæ къухтæ фæйнæрдæм айтыгъта æмæ, мæнæ ма кæдæй-уæдæй Уырызмæджы уынын, зæгъгæ, Уырызмæджы æфцæгыл ныттыхст. Уырызмæг, цы кæна, уый нæ зоны. Мæнмæ æхxуысæнхъæл æрбакæсы. Æппынфæстаг куы феуæгъд, уæд фæрæвдз:

– Хæдзары куыд стут, куыд у дæ фыд?
– Мæ фыд раджы амард. Уæд æз хъæбысы уыдтæн.
– О, хæдæгай, ферох мæ. Уæд дæ мад та куыд у, рагæй йæ нал федтон.
– Дыууæ азы размæ йæ бавæрдтам.
– Æмæ куыннæ фехъусын кодтай?
– Телевизорæй йæ дыууæ æхсæвы лæвæрдтой. Газеты дæр уыд.
– Уыдон рухсаг уæнт. Дæхæдæг куыд цæрыс? Цотæй дын цытæ ис?
– Бинонтæ мын нæма ис.

Уырызмæг хорз уавæры нæ бахауд, уый бамбæрстон:

– Бахатыр кæнут, уæ хорзæхæй. Уырызмæг, куыстмæ æрæджы кæнæм.

Лæппу хатыр ракуырдта, иу хатт ма нын нæ къухтæ райста æмæ ацыд.

Уырызмæг йæ фæстæ кæсгæйæ баззад. Арф ныуулæфыд, стæй æваст мæнырдæм фæзылди:

– Чи у, чи?

## ЧИ ЦЫ ЗАГЪТА?

Сценæмæ бахизæн тыргъы даргъ бандоныл бадынц Дзугкойты Афассæ, Къомайты Василисæ æмæ Дзукъаты Аня. Уынгæй æрбацыд Цæлыккаты Мæирбег. Салам сын радта, сæ иувæрсты бахызт, æмæ

æрæхснырста. Къухты кæлмæрзæнæй йæ цæстытæ асæрфта, стæй сылгоймæгтæм дзуры:

– Йæхинымæр уæ чи цы загъта, уый йæхи фæуæд!

Аня йæ мидбынаты хердмæ фæхауд:

– Уауу! Æз загътон. Бахатыр мын кæн, Мæирбег.

– Цы загътай?

– Уæхст дæ фындзы, дын загътон.

– Гъемæ дын бузныг, – сдзырдта Мæирбег æмæ худгæ ацыд.

## ДЫ УАЛ ÆЙ СИС

Сланты Къостайæн хъæуы йæ сыхаг зæронд лæг амард. Зианджыны хæдзармæ куы фæцæйхæццæ кодта, уæд фембæлди, чи амард, уымæн йæ кæстæр æфсымæры фыртыл. Тæфæрфæс ын ракодта, стæй йæ афарста:

– Ды дæр дзы нæма уыдтæ?

– Нырма ныр схæццæ дæн Мæздæгæй.

– Уæдæ уæд иумæ цом. Кæугæ бацæудзыстæм?

– Æмбæлгæ нын кæны.

Кæрты дуары комкоммæ тæфæрфæс кæнынмæ æрлæууыдысты. Къоста аивæй дзуры лæппумæ:

– Дæуæн дæ фыдыфсымæр уыд, ды уал æй сис, стæй йæ æз дæуæй айсдзынæн. Æрмæст бæрзонд нæ, æнæуи дæр дæм не 'ххæссын.

Лæппу æваст ныххудт. Йæ къухтæй йæ цæсгом ахгæдта æмæ бæлæсты бынты уырдыгмæ алыгъд. Къоста йæ къухтæ фæйнæрдæм акодта:

– Ныббарут ын. Йæ зæрдæйы рыстæй йæ сæр цыдæр кодта. Æз йæ фæстæ акæсон.

## ГÆДЫ НЫХÆСТÆ

Икъаты Мæирбег Плиты Христофоры цонгыл æнгом хæцы, афтæмæй театры дуармæ дыууæрдæм рацу-бацу кæнынц. Мæирбег ын дзуры:

– Уæлдæр Советы депутат куы уыдтæн, уæд хуыссыдтæн Кремлы рынчындоны. Уым базонгæ дæн маршæлтæ Жуков, Рокоссовский, Малиновский æмæ бирæ æндæр хæстон разамонджытимæ. Хæрæндоны иу стъолыл хордтам. Сæ палатæтæм мæ хуыдтой, сæ хæстон хабæрттæ мын кодтой, – æмæ ахæцы, хæсты темæйыл цы кинотæ федта, уыдоны мидис дзурыныл.

Христофор æм лæмбынæг хъуыста, стæй йæ æваст фæурæдта:

– Мæирбег, гæды ныхæстæ мын кæныс, уый бамбæрстон, фæлæ





**Дзæуджыхъæуы аивæдты училищейы театралон хайады раугъдонтæ. 1991 аз**

сæ афтæ хорз дзырдтай, æмæ дæм хъусынæй не 'фсæстæн. Ныр мын хатыр! Цæуын мæ хъæуы.

## ДЫ АКТЕР ДÆ

Бибо культурæйы министрæй райдыдта кусын. Иубон æм куыстмæ телефонæй бадзырдта Цихиты Мæирбег:

– Бибо, арфæ дын кæнын дæ ног бынатæн.

– Бузныг, Мæирбег!

– Æппынфæстаг де 'рдын дæ къухы бафтыд.

– Цæмæй зæгъыс?

– Цæмæ бæллыдтæ, уымæй. Министры бынатæй. Цæмæн дæ хъуыд? Ды, актер дæ!

– Фидаугæ дзы не скæндзынæн, æви дзы кусын нæ базондзынæн?

– Мæ зæрдæ дыл дарын. Ды курдиатджын актер дæ. Министры ролы дæр хорз ахъаздзынæ.

## МЕ 'ХЦАТÆ МЫН АДАВТА

Уæд та дын Чъребайы гастрольты уыдыстæм. Иуахæмы нæ иутæ спектакль æвдыстой Чъребайы, иннæтæ, æз дæр уыдонимæ, спектакль ласæм Къуайсамæ, цалдæр хохы сæрты. Фæндаг – тынг дард, адæймаг дзы, машинæйы бадгæйæ, тыхсы. Спектаклы фæстæ та нæм, фæлладæй, ноджы даргъдæр фæкасти. Хуыссæг дæр нæ йæ быны скодта.

Саламты Къола мæ фарсмæ бады. Йæ сæр ме уæхскыл æруагъта æмæ фынæй кæны. Мæнæн мæ хуыссæг фæлыгъд. Машинæйы рухсытæ цас æхххæссынц, уыйбæрц æз дæр фæндагмæ кæсын. Фæсæмбисæхсæв æрбахæццæ стæм бынатмæ. Чъребайы чи 'вдыста спектакль, уыдон уæдмæ бафынæй сты. Къолаимæ æнæ уынæрæй схызтыстæм дыккаг уæладзыгмæ, нæ уатмæ. Сабыргай ласæм нæ дарæстæ. Дауиаты Барис дын сынтæджы йæ къæхтыл алæууыд. Къулы 'рдæм йæ къухтæ бадаргъ кодта:

– Фæлæуу-ма, кæдæм тагъд кæныс? Слушай, ныхасмæ мæ хъæуыс!

– Ма йæ ауадз, – дзуры йæм Къола.

– Нæ йæ уадзын, нæ! Фæлæуу-ма, слушай, æз дæм æнхъæлмæ кæсын! – Йæ иу къах – йæхи сынтæджы, иннæмæй Тыбылаты Чермены базыл ныллæууыд.

Чермен фехъал. Йæ дыууæ тыхджын къухæй Барисы къахыл ныххæцыд:

– Æрцахстон æй, æрцахстон æй! Мæ нывæрзæнæй, мæ хæлафы дзыппæй мын ме 'хцатæ давы.

Къола цырагъ ссыгъта. Чермен æмæ Барис кæрæдзимæ хуыссæгхъæлдзæгæй ницымбаргæ каст кæнынц.

– Концерт фæцис. Хуыссын афон у, – загъта Къола æмæ цырагъ ахуыссын кодта.

## ТÆРИГЪÆД ХЪУЫДДАГ

Хуссар Ирыстоны уæвгæйæ нæ иу бон нæ не 'мкусæг Бекъойты Гоги фæхуыдта сæхимæ, хъарм къæбæр ахæрут, зæгъгæ. Куыстæй уагъд чи уыд, уыдон иууылдæр бацыдыстæм. Гогийы хæдзары нæ баййæфтам. Йæ фыд Иосиф хæстæй иу къахимæ ссыд. Куыстхъом нал уыд. Паддзахад ын бар радта йæхицæн къæбæры фаг кусын æнæ хъалонæй. Балхæдта йæ пенсийæ уæзбарæн тæрæз æмæ тыхбарæн. Сæ уæллаг фарс, цæхгæрмæ уынджы, бирæ цæуæг адæм уыд, æмæ-иу уым бæлæсты бын ауоны бадт. Йæ бинойнаг Гассионимæ ныл тынг бацин кодтой, рæдаукъух æфсин уайтагъд фынг арæвдз кодта.

– Фынгмæ хæстæгдæр æрбабадут, Гоги дæр тагъд зындзæн, дард нæ ацыд, – загъта фысым.

Æрбадтыстæм, кæмæн кæм æмбæлд, уым. Æз мæ азтæм гæсгæ æрбадтæн дыккаг хистæрæн æмæ нын уырдыг цы æрыгон лæппу лæууыд, уымæн афæдзæхстон, агуывзæ мын æмбисæй къаддæр кæн, зæгъгæ. Иосиф мæ айхъуыста æмæ афарста:



– Цæмæн афтæ?

– Мæ бон ыл нæ цæуы.

Иосиф ницыуал загъта, стыр Хуыцауы тыххæй сидт рауагъта. Сидт кæронмæ куы ахæццæ, уæд фысым йæ сæр батылдта æмæ Уастырджийы сидт бакодта. Сидт кæронмæ куы ахæццæ, уæд мæм æрбакаст, арф ныуулæфыд æмæ загъта:

– Бексолтан æмæ Алиханæй фæстæмæ иннæтæ сыстæнт фынгæй.

Мах фæджих стæм. Алиханимæ кæрæдзимæ бакастыстæм, фæлæ ницы сдзырдтам. Æнхъæлмæ кæсæм, дарддæр цы уыдзæн, уымæ. Куыддæр не 'мбæлттæ, кæрты цы хъæдтæ уыд, уыдоныл æрбадтысты, афтæ фæзынд Гоги æмæ сæ дисхуызæй афарста:

– Ам цæмæ бадут?

– Дæ фыд нæ сыстын кодта фынгæй. Цæмæн – нæ зонæм, – дзуапп ын радтой уыдон æмхуызонæй.

– Цæмæн сæ сыстын кодтай фынгæй? – фæрсы Гоги йæ фыды.

– Æз æрæвæрдтон сыгъдæг хæрзад арахъхъ. Мæхæдæг æй рауагътон. Уæйæн нæ – мæхицæн æмæ мæ хорз уазджытæн.

– Æмæ адон æвзæр уазджытæ сты?

– Бæгуыдæр не сты, фæлæ мын мæ хæрзад нозт донимæ хæццæ кæнынц. Гыццыл агуывзæйæ арахъхъ нуазынц, йæ фæдыл та йын дынджыр агуывзæйы дзаг дон ауадзынц. Ахæм хæрзад арахъхъ донимæ хæццæ кæн! Тæригъæд хъуыддаг! Мæнæ Бексолтанæн йæ нозт агуывзæйы бынæй нæ зыны, фæлæ йæ нуазы сыгъдæгæй, донимæ йæ нæ хæццæ кæны.

Ничиуал бауæндыд дон бануазын, æмæ бадт дарддæр нывыл ацыд.

*Радзырдта сæ ТЛАТТАТЫ Бексолтан*

## СÆРБÆТТÆН

Мæирбег Мæскуыйы куы ахуыр кодта, уæд сæхимæ суад, æмæ йын йæ хо бафæдзæхста, дзæбæх сæрбæттæн мын-иу слас, зæгъгæ.

Уæд та ссыд æмæ йæ йæ хойы курдиат ферох. Хо йæ фæрсы:

– Мæирбег, сæрбæттæн мын не сластай?

– Уæууа, куыд мæ ферох зæгъын: Мæскуыйы дæу размер сæрбæттæн не ссардтон.

## ДÆ ЦÆСТ РАХАУА

Хуссары уыдыстæм гастрольты. Мæирбеджы зæрдæ дыргътæ æрцагуырдта. Кусгæ бон-иу базары ницы уыд, фæлæ Тъехты Зауырбег

загъта, цомут базармæ, иу уæйгæнæг дзы уæддæр уыдзæн. Ацыдысты Мамсыраты Тасолтан, Мæирбег æмæ Зауырбег. Зауырбег та уыд дæсны кафæг, фæлæ цыдæр фыдбылызы бахауд æмæ йæ цæст схауд. Ныр æвæргæ цæстимæ кафгæ нал, фæлæ заргæ кодта ансамблы.

Бацыдысты базармæ, кæмдæр иу ус чылауиты кæрийы цур лæууы, æндæр базары дыргъ нæй.

Зауырбег иу чылау и сисы, ахæры, иннæ ахæры, æртыккаг куы систа, уæд æм ус дзуры:

– Дæ цæст рахауа, уæйййаг сты, уæйййаг!

– Мæнæ дæ чылауиты тыххæй мæ цæст рахауа?

– О, о, – зæгъгæ, бакодта ус.

Зауырбег йæ цæстмæ февнæлдта, фелвæста йæ йæ къуырфæй æмæ йæ чылауиты сæр авæрдта.

Ус уæлгоммæ ахауд...

## ФЫСТÆГ

Годжыцаты Исахъы фыд амард. Хуссармæ ацыдысты цалдæрæй зианмæ. Къорд боны уым фесты. Куы раздæхтысты, уæд æм Мæирбег дзуры:

– Исахъ, ныр уал боны лæппутæ æнкъард сты, æмæ кæд гæнæн ис, уæд сын бар ратт æмæ азарой.

– Сисут æй, – загъта Исахъ.

Стæй Мæирбеджы фыд Сидæмон фæзиан. Исахъ Мæирбегмæ куы бацыд тæфæрфæс кæнынмæ, уæд æм дзуры:

– Мæнæ мæ фыдмæ фыстæг афыстон æмæ мын æй, зæгъын, Сидæмон куы фæхæццæ кæнид.

## ХЪУДЖЫ РОЛЫ АХЪАЗДЗЫНÆ?

Галазты Виктор æмæ Икъаты Мæирбег иу спектаклы хъазыдысты æмæ, хъуг цыма 'рбаласынц, сценæмæ афтæ ивазынц бæндæн.

Уæд сценæйы кусæджы самидин кодтой, ды хъуджы ролы ахъаздзынæ, зæгъгæ, æмæ йын диссаджы грим скодтой. Уый саубыны ахуырстæй уыцы бæндæнæл кулисæты ауон фæхæцыд æмæ сæм спектаклы фæстæ тынг фæхæрам.

*Ацы хъæлдзæг хабæрттæ радзырдтой ГÆЗДÆНТЫ Булат, МАМСЫРАТЫ Тасолтан æмæ БАСКАТЫ Уырызмæг. Ист сты чиныг «Икъаты Маирбег»-æй*



## СИКЪО ТЕАТРЫ

Нæхи Сикъо Дзæуджыхъæуы уыди, театрмæ дзы бафтыд. Хохмæ куы баздæхт, уæд Поты стыр ныхасы бадæг адæмæн, горæты цы федта, уыдон дзырдта. Уæд æй Ныхасы бадджытæй иу цымыдис лæг афарста:

– Дæ мæрдтыстæн, Сикъо, уыцы театры адæм цы фæкусынц? Стæй сæ цуры исты вæййы æви нæ?

– Сæ разы ницы, фæлæ дзы уыйбæрц адæм вæййы, – дзырдта Сикъо, – æмæ дзы дур хæрдмæ фехс, уæд æнæ искæй сæрыл æрхаугæ нæ фæуыдзæни. Ноджы ма сæм ахæм миниуæг федтон – артисттæ исты куы фæдзурынц, уæд сæм афтæ сабырæй хъусынц, æмæ бындз фæтæхы, уæд ын йæ базырты уынæр дæр лæг фехъусдзæн. Фæлæ æмбæрзæн æхгæд æрцыд, зæгъгæ, уæд адæмы къухæмдзæгъдæй уыцы театры къултæ ныzмæлынц.

– Æмбæрзæн кæй хоныс, ууыл æвæццæгæн исты нывтæ вæййы, науæд та исты худæджы фыстытæ, уый йеддæмæ цæуыл фемдзæгъд кæнынц?

Уыцы фарстæн цы дзуапп радтаид Сикъо. Загъта ма æрмæст:

– Пуриаты авд дзуарыстæн, уымæн мæхæдæг дæр ницы базыдтон.

*КЪАДЗАТЫ Зауырбег*

## «ИСПЫТАНИЕ ВЫДЕРЖАЛИ!»

Цæвиттон, Хъайттаты Сергейы пьесæмæ гæсгæ æвæрдтам спектакль «Фыды хæс». Уым Уырызмæг хъазыд, хæсты рæстæг уацары бахаугæйæ йе 'мбæлтты немыцæн чи ауæй кодта, ахæм адæймаджы ролы. Кæй ауæй кодта, уыдоны рольты та хъазыдыстæм æз æмæ Дзиуаты Анатоли.

Сценæ афтæ арæзт уыд, æмæ Уырызмæджы цæджындзыл бабастой немыцæгтæ, æмæ йæм мах куы бакодтой, уæд æй, цæфтæ кæнгæйæ, бафарстой, чи сты ацы адæм, зæгъгæ.

Уырызмæг хъуамæ загътаид, Николай Петров æмæ Василий Скворцов, зæгъгæ. Уый фæстæ йын æз хъуамæ мæстыйæ загътаин: «Ды ницæйаг куы дæ, уæйгæнæг! Æз та дæ лæг хуыдтон!»

Немыцаг афицер Уырызмæджы афтæ куы бафарста, адон чи сты, зоныс сæ, зæгъгæ, уæд дын Уырызмæг æнæнхъæлæджы ахæм дзуапп куы раттид: «Зонын сæ, разæй, уый – Баскаты Уырызмæг, иннæ та – Дзиуаты Анатоли».

Иунæг Хуыцау зоны, мæхи ма куыд баурæдтон, уый. Анатоли мæ фæсонтыл йæ сæр æрæнцой кодта, æмæ йæ худын мæ хъустыл ауад. Æз мæ бинаг был мæ дæндæгтæй нылхъывтон, мацы мæ сирвæза, зæгъгæ. Афтæмæй ма мæ ныхæстæ тыххæйты загътон.

Сценæйæ куы рацыдыстæм, уæд нын Уырызмæг, худгæйæ, афтæ: «Испытание выдержали!»

*БАСКАТЫ Уырызмæг*

## ФЫДУАГ УАСÆГ

Фæндзайæм азты кæрон, Ирон театр чи уарзта, уыцы адæм æппæты фылдæр цыдысты спектакль «Отелло»-мæ Тæбæхсæуты Балойы сæйраг ролы фенынмæ. Сфæнд кодтой спектакль хъæуты æвдисын дæр, фæлæ сæ чысыл клубты сценæтæ уыдысты тынг къуындæг. Декорацитæ дзы нæ цыдысты. Уæд театры разамынд æрцыдысты иу хъуыдымæ: хуыцаубоны хъæуты цæрджытæ горæтмæ базармæ æрбаласынц, уæййаг сæм цы вæййы халсарæй, дыргъæй, хæдзары цæрæгойæ æмæ сæ сихормæ ауæй кæнынц. Æмæ сын æвдисдзысты хуыздæр спектакльтæ. Цæмæй сценæйы кусджытæ дыууæ куысты ма кæной, уый тыххæй «Отелло» æвдыстой бон дыууæ хатты, сихорæй æмæ изæрæй. Бало алы спектакль дæр хъазыд, йæхиуыл нæ ауæрдгæйæ. Боныгон спектаклмæ æрбацыд ногираг сылгоймаг. Йæ иу уасæг нæ ауæй, фæлæ йæ театрмæ бацæуын дæр фæндыд. Уасæгæн йæ сæр йæ базыры бын фæкодта, ауызта йæ æмæ, куы 'рсабыр, уæд æй хызыны нывæрдта æмæ рабадт балкъоны. Сценæйы стынг актерты архайд. Яго цъыфкалæн кæны Дездемонæйыл. Архайд къухмæрзæнмæ æрхæццæ. Ногираг сылгоймаг бахауд спектаклы ахæсты. Уасæг райхъал, схызт хызынæй æмæ балкъоны тигъыл алæууыд. Отеллойы кадæн ныццагъта музыкæ æмæ куыддæр ныссабыр, афтæ уасæг ныууасыд. Адæм æддæгмидæг ауадысты, уасæг ахсынмæ фесты. Уый йæ базыртæ аивæзта, атахт æмæ æрбадт Отеллойы къæхты бын. Отелло, йæ къухтæ хæрдмæ фелвасгæйæ, ныхъхъæр кодта: «Сау дæн æз!» Актеры хъæрæй сау уасæг дæр йæ базыртыл схæцыд. Залыл худæг бахæцыд. Æхситт æмæ хъæртæ сбирæ сты. Сценæйы æмбæрзæн ахгæдтой. Артисттæ æрцахсынмæ хъавыдысты уасæджы, фæлæ – нæй. Уæд режиссеры æххуысгæнæг байгом кодта сценæйы кулдуар, æмæ уасæджы уынгмæ расырдтой. Спектакль цыд дарддæр.

*ХÆБÆЛАТЫ Олег*





***Театр мæнæн у алæмæты дуне. Мæ зæрдæйы, мæ хъуыдыты цыдæр æнахуыр æнкъарæнтæ бауадзы æмæ мын мæ миддунейы къуымтæ расыгъдæг кæны. Куы мын бæрæгбон вæййы, куы та мæ мæхи хъысмæты бафтауы…***

***ÆЛБЕГТЫ Алан***

# ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ



*Къæбысты Вилены чызг Зæринæ райгуырди горæт Цхинвалы 1990 азы 12 январы.*

*2007 азы астæуккаг скъола каст куы фæцис, уæд бацыд Хуссар Ирыстоны Тыбылты Алыксандры номыл паддзахадон университеты журналистикæйы факультетмæ æмæ 2012 азы сси йæ сырх диплом-джын рауæгъдон.*

*У Хуссар Ирыстоны Адæмон сфæлдыстады республикон центры директоры хæдивæг.*



*КЪÆБЫСТЫ Зæринæ*

# ХЪАЗÆН ЧЫНДЗ

*Новеллæ*

Уазал боныхъæдтæ кодта. Дæргъвæтин зымæг æрбалæууыд, фæлæ нырма йæ тыхы нæ бацыд, æрмæст бæрæгæй зыны, тагъд йæ бартæ йæхимæ кæй райсдзæн æмæ та цалдæр мæйы кæй æлдариуæг кæндзæн.

Ацы изæр дæр та хъызт уазал у, арвмæ куы скæсай, уæд у æнахуыр сыгъдæг æмæ цъæх-цъæхид, раст дзы цыма адæймаг айдæнау йæхи уыны. Уазал дымгæ æрбадымы æмæ цæсгомыл куыддæр æхсызгонæй сæмбæлы.

Сындæг къахдзæфтæй цæуын горæты уынгты. Кæд бынтон зæрдæзæгъгæ нæу боныхъæд, уæддæр ахæм зымæгон изæрты уæлдæф уæлдай сыгъдæгдæр вæййы. Мæ къухтæ мæ дзыппыты арф тъыст, афтæмæй цæуын æмæ мæхицæн хъуыдытæ кæнын... Цы уæлдай у, уæвгæ та, рудзынджы æдде цы рæстæг ис: сæрдыгон æнтæф у, æви зымæгон хъызт у… сæйраг у, адæймагæн йæ зæрдæйы равг цавæр у, цы ис хорзæй йæ царды, цæмæн кæны стыр аргъ, цавæр адæм ис йæ алыварс… Хъуыдытæ… Фæндаджы был цы бирæуæладзыгон хæдзар лæууыд, уый раз куыд фестадтæн, уый нæ фæхатыдтон. Хæдзарæн йæ алыварс æндæр ахæм бæстыхæйттæ нæ уыд, уымæ гæсгæ уыцы сæрбæзондæй лæууыд йæхицæн. Кæцыдæр рудзгуытæй дзы кæлы ирд рухс, кæцыдæртæй – лæмæгъдæр, аннæтæ та сты саудалынг, цыма сæ цæргæ дæр ничи кæны; иутæн – рудзынгæмбæрзæнтæ, рæсугъд цæхæркалгæ, аннæтæн – æгъуыз, цыма сыл рæстæг йæ уæззау фæд ныууагъта. Ракæс -бакæс кæнын хæдзармæ, стæй æвиппайды мæ сæр бынмæ æруагътон, мæ къæхты бынмæ æркастæн æмæ бахудтæн, уыцы рæстæг мæхимæ худæг фæкастæн: лæууын æмæ цавæрдæр æнæсæрфат хъуыдытæ кæнын. Æдде бакæсгæйæ, куыд алыхуызон сты фатертæ, афтæ, æвæццæгæн, алы æмæ алыхуызон у, чи сæ цæры, уыцы адæмы цард… Фæйнæхуызон сурæттæ, хъысмæттæ…

Кæсын æмæ уалынджы фæкомкоммæ дæн, гом рудзынгыл цы цæхæртæкалгæ хъазæн чындз лæууыд, уымæ. Уый афтæ рæсугъд

уыд, цыма йæ мидæг æцæг уд бацыд. Йæ рахиз къух уæлæмæ даргæйæ, йæ мидбылхудгæйæ, бæрзондæй уырдыгмæ фæлгæсы адæммæ, цыма сын «уæ бон хорз» зæгъы æмæ сæ раст фæндагыл фæндараст кæны. Кæсын æм, мæ цæст дзы хицæн кæнын нал комы. Афтæ æцæгхуыз у, æмæ мæм цыма рудзынгæй кæсы æнæзонгæ рæсугъд чызг. Мæхимæ та худæг фæкастæн, цыма чысыл саби дæн, уыйау лæууын æмæ йæм æдзынæг кæсын. Æниу, цы дзы ис диссагæй, нæ царды алцæмæн дæр нысаниуæг ис… Цымæ, рудзынгыл æвæрд цæмæн ис, цымæ ма йыл мæн йеддæмæ искæй цæст æрхæцыд? Кукла сæрбæрзондæй цы хæдзарæй фæлгæсыд, уыцы хæдзар æдде бакæсгæйæ зынд иууыл райдзастдæр æмæ амондджындæр. Нæ зонын, цæмæн, фæлæ мæм мæ миддуне афтæ дзырдта, цыма уым цард æхсиды, цыма уыцы бинонтæ иууылдæр сты цардæфсæст. Æгайтма, æгайтма, ахæм адæм сæ ахастæй иннæ адæмыл дæр царды базыртæ басадзынц. Ахæм цардуарзаг адæмы 'хсæн адæймаг йæхи фенкъары æнахуыр цардбæллон. Ахæм хъуыдытимæ фенкъуыстæн мæ бынатæй æмæ сындæг къахдзæфтæй фæцæуын. Цæуын, æмæ та мæ къæхтæ арф миты аныгъуылынц. Мæнæ цы диссаг ис: цас рæстæг фæлæууыдтæн ацы хæдзары раз, æмæ йæ хатгæ дæр нæ фæкодтон, мит куыд ныууарыд, уый. Мæхимæ æркастæн, æмæ мæ сау уæлæдарæс урс-урсид адардта. Мит мæ уæлæйæ æрцагътон, æмæ æваст мæ хъустыл ауад ирон фæндыры уæзбын цагъд. Мæ цыд фæурæдтон æмæ фæстæмæ мæ хъус адардтон. Мæнæ цы диссаг… Уыцы хæдзарæй хъуысынц фæндыры зæлтæ. Мæ мидбынаты æнцад лæууын æмæ хъусын. Фæлмæн музыкæйы зæлтæ мæ хæссынц дард кæдæмдæр. Фæндыры цагъд тынгæй-тынгдæр кæны, æмæ изæр уыцы цагъдмæ раст цыма ныррухс, царды цыдæриддæр æвзæрдзинадæй ис, уыдон цыма уыцы уысм æрбайсæфтысты иууылдæр. Бирæ алыхуызон цæгъдтытæ фехъуыстон, фæлæ 'вдисæн цы фæндыры цагъдæн фæдæн мæнæ ныр, уый бынтон æндæр у, уый диссаг у. Сагъдæй баззадтæн, дарддæр ма акъахдзæф кæнон, уый нал фæразын. Бамыр ис фæндыры цагъд, фæлæ мæ хъустыл нырма дæр йæ зæлтæ уайынц. Райсоммæ куы цæгъдид уыцы фæндыр, уæд мыл сбон уаид ам, уынджы лæугæйæ, уымæ хъусгæйæ. Араст дæн мæ фæндагыл, æмæ мæм афтæ дзырдта мæ зæрдæ, цыма мæ фæндараст кæнынц уыцы фæндыры диссаджы зæлтæ. Хæдзармæ



бацæугæйæ, æрхуыссыдтæн мæ сынтæгыл, мæ цæстыты раз та февзæрд уыцы хъазæн чындз, мæ хъустыл та ауадысты уыцы кæлæнгæнæг музыкæйы зæлтæ. Уыцы 'хсæвæй хъæлдзæгдæр мæ зæрдæйы уаг никуыма уыд. Бафынæй дæн рæсугъд æмæ цардбæллон хъуыдытимæ.

Райсомæй куыстмæ мæ фæндаг уыцы хæдзары рæзты акодтон. Дардæй та уыцы рудзгуытæм скастæн, кукла та мын салам радта, æмæ та райхъуыстысты дысоны фæндыры зæлтæ. Ныр бамбæрстон, куыд хорз у, исчи амондджын куы вæййы… Куысты бон йæ кæронмæ цыд, ныр мын æнцой нал дæтты иу хъуыды: чи цæры уыцы хæдзары, чи у уыцы диссаджы фæндырдзæгъдæг? Æризæр. Дардмæ та мыл сæмбæлдысты музыкæйы æхцон зæлтæ. Ныр уый уыд бынтон æндæр мелоди, цардмæ ноджы тыхджындæр разæнгардгæнæг. Лæууын æмæ та хъусын. Тæхуды, рудзынгæмбæрзæны ауонæй уæддæр куы разынис, куы дæ фенин, чи у ахæм къухты хицау. Уыцы фæндыр мæ удæн цас æхцондзинад хаста, уый кæронмæ æмбаргæ дæр нæ кодтон. Афтæ, фыццаг изæрæй фæстæмæ, уыцы уынг ссис, æдзух кæуылты цыдтæн, ахæм фæндаг. Уыйбæрц уарзон мын систы уыцы уынг, уыцы фæндаг, уыцы рудзгуытæ, уыцы фæндырдзæгъдæджы къухтæ…

Иу бон куы уыд, уæд та цадæггай, хъуыдытæгæнгæ, рацæуын мæ уарзон хæдзары рæзты. Хæрдмæ скастæн, æмæ мæнæ цы ныв уынын: уыцы рудзынджы раз лæууы æвзонг чызг æмæ куклайы лæгъзытæ кæны, афтæмæй йемæ сындæг хъæлæсæй ныхас кæны. Чызджы цæстæнгас æваст мæ цæстæнгасыл аныдзæвд, уый фефсæрмы æмæ рудзынгæмбæрзæны фæстæ амбæхст. Дарддæр цæуын. Æрбахæццæ дæн нæхимæ, бандоныл æрбадтæн. Нал æмæ мæ нал цух кæны уыцы чызджы фæлгонц.

Алы райсом дæр, иннæ хæттытау, куыстмæ цæугæйæ, мæ фæндаг ракæнын йæ хæдзары рæзты, кæд та рудзынджы раз лæууид æмæ та æддæмæ фæлгæсид. Цы чызг разындтæ, дæ хорзæхæй, цы тых дæ ис, æппындæр мæ хъуыдыйæ куыннæ хицæн кæныс, æмæ ма дæ зонгæ дæр куы кæнин! Куы сбон вæййы, уæд та ногæй фæбæллын æхсæвмæ, цæмæй та сбон уа æмæ та мæхицæн ныфсытæ авæрон, кæд та йæ дардмæ фенин, зæгъгæ.

Бонтæ уайынц, мæйтæ тындзынц, æмæ мæм афтæ кæсы, цыма мæ

цард иу бынаты ærлæууыд æмæ размæ нал æнкъуысы, æрмæст ма йæ æнæзонгæ чызджы фенын фæнды, æндæр а дунейыл цымыдисагæй ницыуал ис.

Диссаг у: ис ахæм адæймæгтæ, æмæ сæ бирæтæ нæ хъæуы, цæмæй царды сæхи амондджыныл ныммайой. Æвæццæгæн, æз дæр хауын уыцы ахæмтæм. Уыцы æнæзонгæ чызгыл хъуыды кæнгæйæ, мæхи æнкъарын тынг амондджынæй.

Куыд нæ федтон алыхуызон чызджытæ, дыууиссæдз азы чысыл не сты, фæлæ нырмæ мæ зæрдæйы арфы никуы сæвзæрд стыр уарзт. Ныр та цыма рагæй æрбынат кодта уым æмæ цæрæнбонты уыцы уарзтæй цæрын, афтæ у.

Афтæмæй та, царды гуыргъахъхъ фæндæгтыл чи рацыд, уый дæн, фæлæ мур дæр ницы аразын, цæмæй, фыццаг фендæй мæ зæрдæ ихы къæрттау кæй фендæй атад, уыцы чызгæн раргом кæнон мæ уды рæбинагдæр æнкъарæнтæ.

Куыд æвзæр дæ, æнæныфсхаст адæймаг, уæлдайдæр та – нæлгоймаг!

Мæ куыст фæкæнын, ме' мкусджытимæ фæныхас кæнын, фæлæ мæ сæры та зилдух фæкæнынц уыцы чызгимæ баст хъуыдытæ. Афтæ хъизæмарæй æрвитын мæ бонтæ.

Зонын, уыцы чызг мæ дзæвгар кæстæр кæй у, фæлæ, уарзты зынгæй куы судзай, уæд азтæн цы нысаниуæг ис. Йæ царды хабæрттæйын æз æппындæр ницы зонын, кæд ын цардæмбал æмæ сывæллæттæ ис, уæддæр æз ахæмтæн ницы зонын. Сæйрагдæр уый у, мæ зæрдæйы кæй сæвзæрд стыр æнкъарæн æмæ уыцы æнкъарæны фæрцы кæй цæрын. Цæрын, о, фæлæ цы у ахæм цард?!

...Уалдзыгон хъарм æхсæв. Бæстæ æмыр, раст цыма цард йæ цæуынæй ærлæууыд. Райхъал дæн мæ хуыссæны – æхсæвы æртæ сахаты. Бæрцæй, æвæццæгæн, цалдæр уысм афынæй дæн. Сыстадтæн, ме уæнгтæ цавæрдæр хъарм тых банкъардтой, рудзынджы цурмæ бацыдтæн. Дуне алæмæттаг æмæ сабыр уыд. Рухсы цъыртт никæцæй калд.

Мæ къухтæ мæ риуыл дзуарæвæрд скодтон, афтæмæй лæууын æмæ та хъуыдыты аныгъуылдтæн... Куыд æмбисонд у адæймаджы сконд. Никуы уыдтæн æнхъæл, æмæ ахæм уарзты цæхæры бахауон. Судзын, судзын æмæ мæ сæрæн ницы хос арын.



Мæ къæхтæ мæ фæстæ ласгæ, дуар бакодтон, рахызтæн æддæмæ æмæ цæуын æдзæрæг уынгты иунæгæй, æмбæлæг мыл нæй, æмбисæхсæв кæй агурын, чи мыл хъуама амбæла?! Æппындæр тыхы мур нæ хатын мæхимæ, афтæмæй бахæццæ дæн бæрзонд хæдзары размæ. Зæрдæбынæй сулæфыдтæн æмæ мæ уарзон рудзгуытæм скастæн. Уыцы уысм ме уæнгтæ банкъардтой цавæрдæр тых. Хæдзары раз цы даргъ бандон уыд, ууыл уæззаугай мæхи æруагътон. Бон цъæхтæ кодта... Æрбалæууыд ног бон. Уыцы рæстæджы мæм фæкаст, цыма ацы бандоныл бадтæн цæрæнбонты. Скастæн та рудзгуытæм æмæ хорзау нал фæдæн. Бирæ рæстæг-иу цы кукламæ кастæн, æхцондзинад-иу кæмæй истон, мæ уарзон чызджы мын чи мысын кодта, уый ныр нал уыд йæ бæрæг бынаты. Мæ зæрдæ уайтагъд фехсайдта, мæ бынатæй фæгæпп кодтон æмæ мæ мидбынаты дыууæрдæм кæнын. Кæсын, æмæ кæртмæ рахызт иу ацæргæ сылгоймаг. Мæ фыр тыхстæй йæм мæхи баппæрстон, салам ын радтон æмæ йæ куыддæрты æрфарстон уыцы чызгæй. Сылгоймаг дзураг нæ разынд, йæ ныхас конд уыд, бæлвырдæй, æртæ цыбыр хъуыдыйадæй, фæлæ уыцы ныхас цыма æнæхъæнæй дæр афыста уыцы чызджы цард. Æрбакæстытæ мæм кодта æмæ загъта: «Диссаджы уды сконды хицау... Ахæмтæ сæ фыды къонаты нæ фæстиат кæнынц. Ахаста йæ туркаг ирон».

Кæсын сылгоймагмæ, цыдæртæ ма мæ зæгъын фæнды, фæлæ ме 'взаг нал амоны, байгомыг дæн уыцы уысм, мæ сæр ма фæсмоны тылд бакодтон æмæ, горæты астæу куыд февзæрдтæн, уымæн ницы бамбæрстон. Мæ сæры бынтондæр ницыуал хъуыдытæ уыд, афтæ мæм каст, цыма мидæгæй афтид дæн, нал дæн адæймаг. Æрттивгæ райсом уыд, бон йæ тыхы цыд, мæныл та бæстæ баталынг. Нал бæззын адæймагæн.





*Театр хицæн дуне у!*
*Уым нæй бынат хин*
*æмæ мæнгард митæн...*

***ГÆЛÆУТЫ Зæлинæ***











# ЦОМАРТАТЫ ИЗÆТБЕГ

(1942)

*Цомартаты Рамазаны фырт Изæтбег райгуырд 1942 азы 19 мартъийы Заманхъулы. Скъоламæ бацыд 1949 азы æмæ йæ каст фæци 1960 азы. Куыста сæ хъæуы колхозы, Мæскуыйы метроаразтады.*

*1965 азы сси Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон педагогон институты филологон факультеты студент.*

*Уæлдæр ахуырады диплом куы райста, уæд кусын райдыдта сæ хъæуы астæуккаг скъолайы ирон æмæ уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй, стæй та – ахуыры хайады сæргълæууæгæй.*

*Дыууæ азы дæргъы уырыссаг литературæ æмæ литературæзонынад амыдта Таджикистаны горæт Кулябы педагогон институты.*

*Ирыстонмæ куы сыздæхт, уæд куыста радиойы уацхæссæгæй.*

*Фæстæдæр æй фæхуыдтой чиныгуадзæн «Ир»-мæ – раздæр аивадон литературæйы редакторæй, стæй сæйраг редакторæй. 1989 азы йæ сæвæрдтой Цæгат Ирыстоны радиойы сæйраг редакторæй.*

*Советон Цæдисы фысджыты цæдисы уæнг сси 1981 азы.*

*Изæтбеджы фыццаг радзырд «Ælгъин» рухс федта 1966 азы. Уæдæй фæстæмæ йæ уацмыстæ мыхуыры цæуынц газет «Рæстдзинад»-ы, журнал «Мах дуг»-ы, хицæн чингуытæй. 1975 азы рацыд йæ чиныг «Мæйрухс æхсæв», фæстæдæр – роман «Зынгхуыст бæллицтæ» дыууæ томæй, 2016 азы – «Хурмæзилæг».*

*У Хетæгкаты Къостайы номыл Паддзахадон премийы лауреат.*

*ЦОМАРТАТЫ Изæтбег*

# ХÆХТЫЛ МÆЙЫ ТЫНТÆ УАРЫД...

*Радзырд*

Зæронд лæг какæтты ’хсæнты къæдзæхы фахсыл сабыргай хæрдмæ фæцæуы. Æгъатыр сындзытæ йын йæ дæрдджын хуызивд хæлафмæ хъæддаг гæдыйы дзæмбытау зыдæй лæбурынц, цыма дзы гæбæзтæ рарæдувынмæ хъавынц, йæ фæлмæст буар ын хуынчъытæ кæнынц. Бастади æмæ иу къахдзæф акæнын дæр нал фæразы, фæлæ уæддæр цъæх нæууыл йæхи ’руадзын æмæ иучысыл баулæфын йæ сæрмæ нæ хæссы.

«Ма ’рлæуу. Дæ фæллад дыл куы ’ртæфса, уæд дæ ныфс асæтдзæн æмæ... Æмæ цы? цы?! Афтидармæй дын хъæумæ здæхæн нæй, – дзуры йæхицæн. – Хуры ма хæхтæм бæндæнбæрц куы хъæуа, уæд хъуамæ цæргæсты бадæнмæ схæццæ уай æмæ дзы ’вдадзы хос æрхæссай. Уый де стырдæр бæллиц у, дæ сæйраг нысан, æмæ йын æнæ ’ххæстгæнгæ нæй».

Размæ йæ ничи тæры. Тыхбегара йыл нæй. Уайдзæф æм никæмæй æрхаудзæн. Уæртæ уым, лæнкауы, пæлæхсар бæласы бын сатæджы дæ уды дзæбæхæн фæбад, стæй хъæумæ дæ ных сараз æмæ дæ хæдзармæ сындæггай ныццу. Фæлæ – нæ, хъуамæ цыфæнды хъизæмæрттæ ’взаргæйæ дæр къæдзæхы сæрмæ схиза. Æрмæстдæр уым æркæсы йæхимæ хохæмсæр лæг, æрмæстдæр уым барухс вæййы йæ зæрдæ ныфсхаст дзæбидырты ’ндон сыкъаты тыхджын къæрцмæ...

Чи зоны, фæстаг балцы цæуы абон. Нæ, нырма йын раджы у ахæм зæрдæриссынгæнæн ныхæстæ кæнынæн, нырма бирæ хæттыты афæлгæсдзæн уæлæ уыцы сæрсæфæн къардиуæй. Нырма йæ хъарутæ йæхимæ сты, æмæ цыфæнды цæлхдурты сæрты дæр ахиздзæн. Кæд, йе уæнгты лæмæгъдзинад æнкъаргæйæ, йæхи зæрдæвæрæн ныхæстæй сабыр кæны, мыййаг? Афтæ йæм кæсы, цыма йæ æбæрæг тых æнæнхъæлæджы бауромдзæн, æмæ йæ ныхас сæххæст кæнын йæ къухы нал бафтдзæн. Нæ, нæ! Уый бæсты цæуылфæнды дæр разы у, суанг мæнæ ардыгæй ахауыныл дæр. Æнæмæнг æй размæ цæуын хъæуы, æрмæстдæр размæ! Афтæ йæ фæнды, æмæ, цалынмæ йæ къæхтæ йæ коммæ кæсой, цалынмæ йæ зæрдæ йæ риуы тæлфа, уæдмæ уæвгæ дæр афтæ уыдзæн. Болат æрдæгвæндагæй фæстæмæ здæхын нæ сахуыр и...

Какон сындзытæй фервæзти, фæлæ та йын йæ размæ дурдзагъд зæххыл æппæрст рæхысы хуызæн нарæг зылын-мылын къахвæндаг бæзджын цъыхырытæ æрæхгæдтой. Æрыгон ма куы уаид, уæд ахæм гыццыл къуылымпытæ мисхалы бæрц дæр ницæмæ ’рдарид. Иу æмæ дыууæ хатты сыл куынæ ауади, мыййаг. Йæ бæгъæввад æфхæлд къæхты фæд кæм нæ ныууагъта, ахæм гæбаз ын дзы куы нал баззади. Хæхтæм цас фылдæр кæсы, уыйас æм рæсугъддæрæй зынынц, æмæ сыл æнувыдæй-æнувыддæр кæны. Рох дæр ма дзы фæци, сæ адджын хъæбысы цал азы цæры, уый. Æниу, кæд райгуырди, уымæн цы зоны? Куы рахъомыл и, уæд йæ мадæй æрыхъуыста, дæ фыдимæ, дам, картоф куы сагътам, уæд, дам, фæзынд тæ ацы дунемæ. Кæцы азы картофсадзæнтæ уыдысты, марадз æмæ сæ ды базон.

Болат къæдзæхмæ бахызти æмæ сагъдауæй лæууы. Йæ сæрмæ егъау тæнæг къæйтæ хырхæй фаст ламихуыз фæйнæджытау кæрæдзийæ чысыл фæиртæстысты. Афтæ зыны, цыма ныртæккæ ‘рхаудзысты æмæ йæ сæ хъæлæсы коммæ ахæсдзысты. Йæ акомкоммæ дыууæрдыгæй бæрзонд фæцыдысты фыдæлтыккон мæсгуыты хуызæн дыууæ къæдзæхы. Сæ астæу барджынæй æрæнцади цъæхцъæхид хъæд. Ранæй-рæтты дзы иуæй-иу бæлæстæ сбур сты, æмæ сыл цыма хур арт бандзæрста, уыйау судзынц. Йæ фале сыгъдæг арвы риуыл æндзæвы цæхæркалгæ цъити. Комрæбынæй йæм хъуысы знæт доны фæсус уынæр, æмæ йæ буары ’нхъæвзы æнахуыр цины уылæн. Кæд ыл бирæ азтæ цæуы, уæддæр нырма йæ зæрдæ æрыгон у, æмæ дзы алыхуызон рæсугъд æнкъарæнтæ гуыры...

«Дæ фæллад суагътай æмæ цæугæ размæ. Нырма дæхицæн гъæйтт мардзæ лæппу ’нхъæл куы дæ, уæд æфсонмæ-æфсонты цы фæстиæттæ кæныс?» – нымæтын ехсæй цæвæгау рæвдауæн æлхыскъ кæны йæхи. Къæдзæхы цъупмæ йе ’ргом аздæхта æмæ йæм сабыргай араст и. Йæ зæнгты дадзинты цыма туджы бæсты тад зды змæлы, уыйау ныууæззау сты æмæ фæйнæрдæм рæдувынц.

Йæ фæлмæн дзабыры тæнæг уафс лыстæг дурыл куы андзæвы, уæд фестъæлфы æмæ иуварсырдæм фæцуды.

«Базæронд дæн, æмæ мæ кæддæры фидар уæнгтæн сæ хъару басасти. Фæстæмæ аздæхин, фæлæ уыцы зайæгойы уидаг куынæ ‘рхæссон, уæд Афассæмæ цы цæсгом равдисдзынæн? Рынчын æууæндаг у æмæ алкæмæ дæр æххуысмæ ’нхъæлмæ кæсы», – æнкъард хъуыдытæ зилынц йæ сæры.

– Ма тæрс, мæ хæдзар, адзæбæх дæ кæндзынæн, – ныфсæвæрæджы хъæлæсæй дзуры йæ сыхагмæ. – Ау, йæ тъæнгты ’лхынцъчи райхæлдта, йæ ахсæны хъæдгом чи байгас кодта, уый дæу мæлын бауадздзæни? Нæ, мæ хур, нæ. Æз дын дæ ахсæнæн æвдадзы хос ссардзынæн, æмæ дæ не стырзæрдæ дохтыртæм цæуын нал бахъæудзæн. Мæ фыдгул уыдонмæ ’рхауæд. Сæ фæдыл зилгæйæ ма дæ мæгуыр нервытæ цы фехæлой, æндæр дын ницы ’ххуыс фæуыдзысты. Æз зонын замманай кæрдæг, хохы сæр зайы. Бирæ рынчынты дзы фервæзын кодтон. Баба мын æй бацамыдта. Дæсны хосгæнæг кæй уыди, уый куыд нæ æрыхъуыстаис. Суанг ма йæм Цæцæн æмæ Кæсæгæй дæр цыдысты æххуысгур. Æмæ сæ цы низæй нæ дзæбæх кодта! Тархъæнджын, хъихъхуыфæг, бохъхъырниз, уыдырны, халер... Уыргты æмæ мисындзæджы дуртæ та йæ хостæй уалдзыгон митау тадысты. О, о, мæ хур. Туджы ’лхъывдад æмæ буары тæвд æрæппарын ын æхсынæн акъæпп кæнынæй уæлдай нæ уыди. – Лæг æнæбары йæ мидбылты бахудти. – Адæм сæ къæхты бын æнæрвæссонхуызæй цы кæрдæджытæ ссæндынц, уыдон сæ низтæ сурынæн куыд пайда сты, уый куы зониккой, уæд сæ цæстыгагуыйау хъахъхъæниккой. Зæххыл ма ичъийæ æнаддæр цы уа? Афтæмæй йын халер, уыдырны æмæ гуыбынниз сафынмæ æмбал нæй.

Дзедыртæ сæ дæрзæг цæнгтæй кæрæдзиуыл лыстæг кæлмытау стыхстысты æмæ йæ се ’хсæнты ацæуын нæ уадзынц. Болат сæм æргуыбыр кодта, йæ уæзæгджын æнцъылдтæ къухæй сау гагадыргъытæ æртыдта, йæ дзыхы сæ бакалдта, æмæ йæ комарынг адджын туаг донæй айдзаг и. Йе ’фсæрты нуæрттæ срыстысты. Йæ хурсыгъд мæстæг цæсгом фæдзагъул и, фæлæ уыцы иу рæстæг цыдæр æхсызгондзинад банкъардта, æмæ та йæ астæу фæкъæдз и.



Куы сæ бассæнда, уымæй тæрсгæйæ, сæ сæрты арæхстгай бахызти, згæхуыз цъæх сыфтæртæ сгары æмæ дыууæ арты ’хсæн удхар кæны. Иуæй йæ йæ зонгæ бынатмæ бакæсын фæнды, иннæмæй йæм йæ чъылдым здахы. Цæмæ йæм кæса? Хорзæй дзы цы фендзæн, йæ зæрдæ ма цы сриссын кæна, æндæр? Куы йæм фæкомкоммæ вæййы, уæд йæ буары дыз-дыз дзæвгар рæстæг нал фенцайы.

Йæ къух та дзедыртæй байдзаг и. Йæ дзыхмæ сæ куыд схаста, афтæ йæ цæсты зулæй ныллæг зылын тулдз бæлас ацахста, æма? Йæ фæллад уæнгты электрон тыхау уырауæгæ цыдæр атахти. Дурыл æрбадти æмæ йæм æрхæндæгæй нымдзаст и. Цыма къардиуы кæрон йæ уд йæ къухты дары, æмæ цыфæнды фæлмæн уддзæфы змæлдæй дæр комы рæбынмæ асхъиудзæн, уыйау арвæй зæххы астæу джихæй лæууы æмæ Болатмæ удмарæн сагъæстæ хæссы...

...Уæддæр къардиуы былгæрон раст ахæм фыдцъылызарæзт тулдз зади, æмæ йын а дунейыл уымæй зынаргъдæр бæлас нæ уыди. Йæ сыфтæртæ-иу уадымсæй сæхимидæг куы базмæлыдысты, уæд-иу семæ былæйхауæны сæрмæ мæлæтыл кæл-кæлæй худти. Фæндыди йæ, уыцы тулдзау фидаруидаг куы уаид, йæ фæдонты хал хæхтæй куыд никуы сыскъуына æмæ æнустæм цардæфсæст куыд уа. Æдзынæг æм кæсы, æмæ йæм ирдæй зыны йæ уарзоны сурæт. Ныр æм цал æмæ цал азы ’рбацæуы. Йемæ зæрдæбынæй фæныхас кæны æмæ та æндæргау атагъамæ цадæггай йæхи айсы. Болат йæ бынаты дурын цыртау æнæзмæлгæйæ баззайы, тулдзмæ йæ зæрдæсаст цæстæнгас саразы, æмæ ма йæм дзæвгар рæстæг йæ хæмпус сыфтæрты ’хсæнæй фæзыны, æппæтæй адджындæр ын чи уыди, уыцы чызджы рухс цæсгом.

– Уынатæ, мæ гыццыл сæгуыт, ацы 'лгъыст дунейы мæ иунæгæй цæмæ ныууагътай? Фæлтау мæ дæ фæдыл тыххæй дæр куы аластаис, – дзуры йæм уынгæг хъæлæсæй æмæ йæ къухы чъылдымæй йæ уымæл цæстытæ сæрфы.

– Мемæ цæуын дæхи нæ бафæндыди, æндæр мæн дæ фарсмæ уæвынæй стырдæр амонд нæ хъуыди уæлæуыл дæр æмæ мæрдты дæр, – рог уддзæф æм хæссы чызджы рæвдаугæ фæлмæн хъæлæс. Зæрдæскъæфæн мыртæ дзы баиу сты æмæ Болатыл дзæм-дзæмы доныртæхтæй уарынц. Йæ цæстытыл уайы, дунейыл чи никуы

’рцыди, ахæм æнахуыр рæсугъд ныв æмæ йæ йæ уæлныхты исы. Хуры зæлдаг тынтыл сызгъорынц дыууæ æвзонг уарзоны. Тулдзы бынмæ бацыдысты æмæ кæрæдзиуыл узæлынц. Лæппуйы зæрдæ нал фæлæууыд, чызджы йæ хъæбысы фелвæста æмæ йæ райдзастхуызæй цъилау зилы...

– Фæндгæ мæ бæргæ кодта, фæлæ мæ бон нæ баци, Уынатæ. Ды мæнæй ныфсджындæр разындтæ, – йæ хъусы йын дзуры, фæсмон кæнгæйæ, æмæ афтæ зыны, цыма ныртæккæ дæр разы у йæ рæдыд сраст кæныныл.

– Уæдæ ма мын уæд цы уайдзæф кæныс?

– Уайдзæфы тыххæй йæ нæ загътон... Æз афтæ, æнæуи... Мæ фыр тыхстæй... Æрыгонæй æнхъæл уыдтæн, мæ судзгæ ’нкъарæнтæ мæ зæрдæйы уидæгтыл туджы пырхæнтау бахус уыдзысты, æмæ сæ дудгæ рыст бамынæг уыдзæн, фæлæ фæрæдыдтæн. Цас зæронддæр кæнын, уыйас мын зынаргъдæр дæ. Æдзухдæр мемæ куы уаис æмæ мын мæ царды кæрон мæ мард куы бабиноныг кæнис, уый мæ фæнды.

– Уый уарзондзинад нæу. Иунæгæй стыхстæ, æмæ дæм афтæ кæсы, цыма мæ уарзыс.

– Хуыцауæй дæ бауырнæд...

– Дæхи зæрондæй уæддæр мауал сай. Куы мæ уарзтаис, уæд мемæ рацыдаис. Æз дæм мæ бæттæнтæ тыдтон, ды та...

– Раст нæ дæ, мæ хуры хай. Ныр ацал-ауал азы мæ хъуыдытæ дæуæй куы нæма фæхицæн сты. Æхсæв мæ хуыссæны куы ’рхуыссын, уæд ды дæр дæхи мæ фарсмæ ’руадзыс, æмæ дæ мæ хъарм хъæбысы ’рбатухын... Боныцъæхтыл дын «дæ райсом хорз» фæзæгъын. Фыр куыстæй куы бастайын, уæд мын мæ цæсгомыл дæ фæлмæн къух æрхæссыс, æмæ мæ фæллад æрбайсæфы. Цæрыны хъару ма мын ды куы дæттыс, мæ зæрдæ ма ’рмæст дæуыл куы лæууы, Уынатæ, уæд мæ куыд æфхæрыс? Æдзухдæр мæм афтæ кæсы, цыма æрыгон лæппу дæн ырма, æмæ мæм тагъд фæстæмæ ’рбаздæхдзынæ. Хъуыды ма кæныс, уæртæ-иу уыцы къардиуы тулдзы бын кæрæдзийыл куыд узæлыдыстæм, уый? Мæнæй уыцы амонддæжын минуттæ никуы ферох уыдзысты. Ехх, фæлтау иумæ арвы кæронмæ дæр куы алыгъдаиккам. Цыфæнды хорз сылгоймагимæ дæр æнус æнæ уарзгæйæ фæцæрыны бæсты дæ уарзоны хъæбысы цалдæр уысмы батай. Бæргæ, уыцы зонд мæм раздæр куы уыдаид, фæлæ ма ныр цы. Царды сæрæндæр уæвын хъæуы, æз та ’ндзыгæй лæууыдтæн æмæ арвы дуар гомæй фенынмæ ’нхъæлмæ кастæн...

Болат йе ’ргом хъæуы 'рдæм аздæхта. Комы цæгатварс къуыбыры дæлбазыр цалдæр ныллæг къæсы зæххыл тарст кæрчытау нытътъæпæн сты. Иуæй-иуты ма дзы чидæртæ æнæбары змæлы, иннæты цæрæг дæр нал и æмæ арвмæ афтидæй дзыназынц, кæддæр та дзы цард йæ былтæй калди. Лæгæн йæ цæстытыл уайынц йæ сабибонтæ, æмæ йæ цæсгомыл æнахуыр рæсугъд мидбылхудт хъазы. Кæд йæ гуыбын кæрдзынæй никуы бафсæста, уæддæр амонддæжын уыди, уæлдайдæр, куы рахъомыл и æмæ йæ сыхаг чызджы зæрдæйы уаг куы бамбæрста, уæд. Йæ уарзоныл хъуыдыгæнгæйæ, йæ цæсгомæй мидбылхудт æрбайсæфти, йæ буар сисбын абадти æмæ къахæй сæрмæ дыз-дыз кæны. Бæлвырд æм хъуысы фæндыры цагъд, къæрццæмдзæгъд, лæгты зарын, топпы гæрæхтæ. Уынатæйы кæртæй ивылы хъæзты уынæр æмæ йын йæ зæрдæйы уидæгтæ скъуыны. Уыйхыгъд æгæрон æхсызгондзинад зыны хæдзары хицауы цардæфсæст цæсгомыл. Æмæ цæуылнæ хъуамæ цин кæна! Йе рагъы нуæрттыл æфсæст бирæгъау цæуылнæ хъуамæ ратул-батул кæна, ахæм хорздзинад кæуыл æрцыди! Фыр цинæй йæ рæбинаг æвæрæнтыл дæр нал бацауæрста. Хъуамæ хъæубæстæ феной, йæ хъæбулы куыд бирæ уарзы æмæ йын цы стыр аргъ кæны, уый. Гæвзыкк сæмпæрчъийы хъæбысæй йæ æвыдæй кæй ратыдта æмæ йæ йе ’мсæр лæджы фыртæн сыгъдæгæй кæй дæтты, уый та йæм уæлдай хуыздæр кæсы. Сывæллон чызг нырма ницыма ’мбары æмæ йæ цæссыгтæй йæхи ’хсы, фæлæ фæстæдæр бамбардзæн, йæ фыд æй цы ‘вирхъау рæдыдæй фервæзын кодта, уый, æмæ дзы æгæр бузныг дæр ма фæуыдзæн.

Болат йæ зæрдæйы рыстæй æгæлæнтæ кæны. Уынатæйæ кæй хицæн кæны æмæ æнæ уымæй йæ цард кæй сафтид уыдзæн, уый йæ, иуæй, уырны, иннæмæй, – нæ. Кæд фæндыры цагъд тыхджынæй-тыхджындæр кæны, уæддæр йæ ныфс кæронмæ нæ сæтты. Цыфæндыйæ дæр æй хъуамæ фена æмæ йæ истыхуызы æддæмæ

рахона. Куыд ӕй аскъӕфдзӕн, уый нӕ зоны, фӕлӕ йӕм уӕддӕр йӕхи ’ппары. Судзгӕ ’хсидав мӕлдзыджыты губаккыл куы ’рхаууа, уыйау адӕм уӕрӕх кӕрты дыууӕрдӕм рауай-бауай кӕнынц. Хистӕртӕ кувынц, нуазынц, хӕрынц, кӕстӕртӕ кафынц, худынц, лӕггадгӕнджытӕ фынгтӕм алыхуызон нозт ӕмӕ хӕринӕгтӕ скъӕфынц. Болат Уынатӕйы уатмӕ бацӕуынтӕ агуры, фӕлӕ сӕ нӕ ары. Ӕмӕ сӕ аргӕ дӕр куыд хъуамӕ скӕна? Йӕ фыд дынджыр аргъонахъау кӕрты дуармӕ лӕууы ӕмӕ йӕ алыварс сырддзастӕй фӕлгӕсы. Йӕ фарсмӕ – дыууӕ гуыппырсары, иннӕ дыууӕ гуыппырсары та – цӕхӕрадоны.

Дӕрддзӕфӕй адӕймагмӕ йӕ куыирмӕлхынцъытӕ райхалын ӕнцон фӕкӕсы, хӕстӕгмӕ та дзы иумӕ дӕр нал фӕарӕхсы. Йӕ зӕдыхайы йӕ хъахъхъӕнджыты дзӕмбытӕй кӕй не скъахдзӕни, уый ӕмбары ӕмӕ катай кӕны. Фӕнды йӕ ’ппӕтхъомыс къӕвда фестын ӕмӕ ацы кӕртыл ӕруарын, цы хӕрам дзы ӕрӕмбырд и, уый ныссыгъдӕг кӕнын ӕмӕ йӕ бындзарӕй фесафын, фӕлӕ йе ‘нӕбондзинад зоны, ӕмӕ йӕ дӕндӕгты къӕс-къӕс цӕуы. Ам ма иучысыл куы бафӕстиат уа, уӕд йӕ зӕрдӕ фӕйнӕрдӕм атондзӕн, ӕмӕ лидзы, уарзондзинад ӕмӕ ӕнӕуынондзинад кӕм баиу сты, уыцы бынатӕй. Йӕ ных къуыбыртӕм сарӕзта ӕмӕ сӕм йӕ тых-йӕ бонӕй тындзы, цыма йӕм Уынатӕ уым ӕнхъӕлмӕ кӕсы, ӕмӕ йыл ӕвӕстиатӕй куынӕ сӕмбӕла, уӕд йӕ цард ныххӕлӕттаг уыдзӕн.

Фӕндыры цагъд куыд мынӕгдӕр кӕны, афтӕ йӕм йӕ тугдадзинты дзӕхст-дзӕхст тынгӕй-тынгдӕр хъуысы. Уӕд та фӕстӕмӕ аздӕхид... Йӕ рацыдмӕ кӕрты куы лӕууа, уӕд ӕй, чи зоны, баурома. Нӕ, нал ӕй бауромдзӕн. Хохы цъуппӕй дур ратылди, ӕмӕ йын йӕ бон ницыуал бауыдзӕн.

Йӕ сӕр дзӕгъӕлтӕ кӕны, ноджы ма фӕлурс мӕй дӕр раирд и тарбынцъӕх арвы риуыл ӕмӕ йыл мӕстӕймарӕгау худы. Йӕ алыварс ӕм къуыдзитӕ тарӕй зынынц, ӕмӕ йӕм афтӕ кӕсы, цыма дзы йӕ марджытӕ ӕрӕмбӕхстысты. Рӕвдздӕр ӕм куы рахизиккой ӕмӕ йӕ былӕй куы арӕцугъиккой, уӕд йӕ хъизӕмӕрттӕй фервӕзид, фӕлӕ бӕстыл цъыуызмӕлӕг нӕй, йӕхи бон та йӕ цард аскъуынын нӕу...

Мӕнӕ зылынзӕнг тулдз бӕлас. Йӕ къухтӕ йыл ныффидар сты



ӕмӕ дзы атонын нӕ комынц. Тыхтӕй-амӕлттӕй йӕ суагъта ӕмӕ зӕххыл ныддӕлгом и. Йӕ зӕрдӕйы тыппыртӕ йыл уадзы ӕмӕ дзы куры, цӕмӕй йын йӕ цард айса. Йӕ хъустыл уайы кӕйдӕр хӕстулӕфт. Йӕ сӕрыл схӕцыди, ӕмӕ йӕ буарыл цины уылӕн анхъӕвзта. Чындз йӕ урс разгӕмтты, хӕкъуырццӕй кӕугӕ, сызгъоры йӕ цурмӕ. Разгӕмттӕ йыл куынӕ уаид, уӕддӕр ӕй Болат йӕ аив уӕнгты кондӕй базонид.

– Уынатӕ! – цины хъӕр сирвӕзт йӕ риуӕй.

– Болат!

Чызг лӕппумӕ йӕхи баппӕрста, ӕмӕ кӕрӕдзийыл атыхстысты. Сӕ бон дзурын нал у, ӕмӕ сӕ иуы дзыхӕй дӕр хъыпп-сыпп нӕ хауы. Сӕ былтӕ кӕрӕдзиуыл ӕндӕгъдӕй лӕууынц. Судзгӕ зӕрдӕтӕ сӕ дойны уадзынц. Мӕй сӕм уӕларвӕй кӕсы ӕмӕ сӕ йе ’взист тынтӕй нывӕфтыд хызы тухы.

– Мӕнӕ ауылты сызгъордта! – хъуысы сӕм нӕлгоймаджы тызмӕг хъӕлӕс. Чызг къахӕй сӕрмӕ ныррызти, лӕппуйы къухмӕ фӕлӕбурдта, былӕйхауӕны 'рдӕм ыл ахӕцыди ӕмӕ тыхстхуызӕй сдзырдта:

– Болат, къардиуӕй нӕхи аппарӕм!

– Нӕ, Уынатӕ, ӕппаргӕ нӕ – лидзгӕ!

– Кӕуылты?! Ардӕм иу фӕндаг йеддӕмӕ нӕй, ӕмӕ йыл мӕ удхӕсджытӕ ссӕуынц!

– Къуыдзиты фӕстӕ ӕрӕмбӕхсӕм, уым нӕ ничи фендзӕн!

– Мӕ дарӕс бӕрӕг у, ӕмӕ мын ӕй ӕнӕ бафиппайгӕ нӕ фӕуыдзысты. Къардиуӕй нӕхи аппарӕм. Ӕнӕуынон лӕгимӕ цӕрынӕй мын демӕ амӕлын ӕхсызгондӕр уыдзӕни.

– Уӕртӕ сты!

– Хӕцут сыл! – тӕссаг фыдгӕнджыты ссарӕгау цинхуызӕй дзурынц фӕдисонтӕ. Болат цӕттӕ у сӕ амонд бахъахъхъӕнынмӕ. Уынатӕйы тыххӕй йӕ цард ратдзӕни, фӕлӕ уый циу? Чызг ыл тарстхуызӕй йӕ цӕнгтӕ атыхта, стӕй дзы йӕхи атыдта, ӕмӕ лӕппу иунӕгӕй аззади. Комӕй ма йӕм сыхъуысти йӕ удлӕууӕны зӕрдӕскъуынӕн цӕхахст, стӕй бӕстӕ бамыр и, ӕмӕ йыл йӕ дуне баталынг. Лӕгтӕ йӕ, сӕ къӕхтӕй хойгӕ, нарӕг къахвӕндагыл хъӕумӕ куыд рахӕр-хӕр кодтой, уый дӕр нал бамбӕрста. Хъама-

тæй йæ куы скæрдæнтæ кодтаиккой, уæддæр дзы туджы ’ртах нæ рахъардтаид, уымæн æмæ дурæй уæлдай ницыуал æнкъардта. Йе ’муд æрцыди ахæстоны. Уынатæйы мæлæт ыл кæй ныххуырстой, уый куы базыдта, уæд ма йæ бæллæхыл иу бæллæх бафтыди, æмæ йæ зæрдæ бынтондæр амарди...

Лæджы царм фидар у, æвæдза, æндæр ма уыйбæрц фыдæбætты фæстæ йæ райгуырæн хъæумæ куыд сыздæхти? Ахæстоны цы хъизæмæрттæ бавзæрста, уыдонæй ма ныр дæр исты нывæ йæ фыны куы фены, уæд йæ сурхид акæлы æмæ зырзыргæнгæйæ райхъал вæййы. Хуыссæг та йыл куы фæтых уа æмæ йæм йæ фын фæстæмæ куы ’рбаздæха, уымæй тæрсгæйæ кæртмæ рацæуы æмæ æхсæвгæсау дыууæрдæм æнæсæрфат цоппай кæнын райдайы. Йæ хуыфынмæ сыхæгты къæбыла цъæхснаг хъæлæсæй рæйынил схæцы æмæ йын банцайыны амал нал вæййы.

Болат йæ судзгæ сагъæсты уæзæй ныггуыбыр и. Йæ къухтæ йæ сæрмæ сарæзта æмæ марой кæны. Йæ цæстыты раз та сыстади, йæ цард ын чи фехæлдта, уыцы лæджы фыдхоры æнæуынон сурæт, æмæ ныхъхъæрзыдта:

– Дæхицæн цас фæцæрын æнхъæл уыдтæ, цымæ? Уыйбæрц мулк дæ цæмæ хъуыди? Дæ фæстæ уадзгæ дæр куы никæй ныккодтай, гормон. Иунæг чызг йеддæмæ дын куы ницы уыди, уæд æй зындоны артмæ цæмæ баппæрстай? Уынатæйы дæ чъизи ’хцатæ ницæмæн хъуыдысты. Æрдз æй уарзынæн сфæлдыста, æмæ йæ зæрдæ мæныл лæууыди, ды та йын æй йæ риуæй стыдтай. Дæлдзæх фæуæд дæ кой дæр, æмæ хæрæджы тъæнгтæ хæргæ фæцу мæрдты дæ хъæбулы тæригъæдæй! Уæвгæ дæ цы ’лгъитын? Йæ фæстæ ма дæхæдæг дæр цы хуртæ федтай? Цы байтыдтай, уый æркарстай. Дæ сырды митæ дыл фыдæй æрзылдысты, æвæгæсæгæй куыдзы мард ныккодтай, æмæ дын дæ бирæ фæллæйттæ дымгæ фæйнæрдæм фæхаста. Ныр дæлæ дæ кæддæры рæсугъд галуан æмæ дæ ингæны пырхæнтæ дæрæнæй лæууынц...

Йæ цæстытæ сæ атыдта æмæ сыстади. Хурмæ скасти æмæ йæхимидæг батыхсти.

«Уæууа, куыд бирæ бафæстиат дæн. Афтæмæй ахсæв хъæумæ дæр нал ныфтдзынæн».



«Æмæ дзы кæдæм тагъд кæныс? Исты дæм дæ бинонтæ æнхъæлмæ кæсынц?» – мæстæй йæ мары йæ мидхъæлæс.

«Раст мæ ’фхæрыс. Бинойнаг афоныл не ’рхастон. Уæвгæ ма уый дæр ме ’намонддзинадæй цæмæн фæхайджын кодтон? Мæрдты рухс дзæнæты фæбадæд, фæлæ... Адæм мæ гæркъайы хуынчъы аластой: ус ракур, науæд æнæ цотай баззайдзынæ æмæ æнæ донбадæттæгæй амæлдзынæ. Æрæджиау ма мыл комкоммæ худын дæр райдыдтой, æвæццæгæн, дам, дæхиуыл дæ зæрдæ нæ дарыс. Сæ цæрæнбон бирæ. Æгайтма мæ сцырын кодтой. Уыдон мын куынæ уыдаиккой, уæд хъæбулы ад нæ бавзæрстаин. Бецау, ме 'фсин... Æмбæрста йæ, мæ зæрдæмæ йæ райсын кæй нæ фæразын, уый. Æмæ йæ куыннæ ’мбæрстаид. Мæ фарсмæ-иу куы ’рхуыссыди, уæд-иу Уыната не ’хсæн æрныгъуылди, æмæ-иу мæ туг фæлыгъди. Ме ’фсин йæ тæригъæдæй мардта, фæлæ йын цы мæ бон уыди, æмæ удхар кодтам дыууæйæ дæр. Кæд уый цард хуыйны, уæд мæ куыдз амæлæд ахæм цардыл».

– Рухсаг у, мæ хæдзар, – хъæрæй дзурын та райдыдта Болат. – Дæ разы аххосджын дæн, æмæ мын ныббар. Дæ уæздандзинады тыххæй дæ ракуырдтон æмæ фæрæдыдтæн. Уды сыгъдæгдзинад амондæн ницы ахъаз у, æмæ мæхи дæр зындонмæ баппæрстон, дæу дæр. Дæ цард саразыны фаг хъару мæм нæ разынди, фæлæ дын дæ ныстуан сæххæст кодтон. Нæ лæппу дæлдæр никæмæй лæууы. Мæскуыйы замманай институт каст фæци æмæ горæты кусы. Йе ’мбæлтты ’хсæн ын стыр кад и, æрмæст йæ мадæлон æвзагмæ куыдфæндыйы цæстæй акасти æмæ... – Лæг дæлиауæй ныуулæфыди. – Йæ гыццыл лæппуйы та æппындæр нæ ахуыр кæны иронау. Цы уæлдай, дам, у? Фæнды, дам, ирон у, фæнды дзуттаг. Йæхи йæ уидæгтæй кæй скъуыны, уый мын хъыг у, æнæуи та мæ зæрдæхудты ницæмæй цæуы. Æдзухдæр мæ йæхимæ хоны. Зæрондæй, дам, горæты исты цард уæддæр фенай, дæхицæн, дам, знаг цæмæн дæ. Нырма æрыгон у æмæ бирæ хъуыддæгтæ нæма ’мбары. Куы фæасдæр уа, уæд сæ кæд бамбарид. Цалынмæ мæнæн мæ бон уа, уæдмæ нæ хæдзары цæджындзтæ сæттын нæ бауадздзынæн, æз куы нал уон, уæд та – йе 'фсарм æмæ йæхæдæг...

Цыма йæ кæстæрты Хуыцауыл фæдзæхста, уыйау йæ къухтæ

хæрдмæ систа. Дзырд куы фæци, уæд сæ ’руагъта æмæ йе ’ргом цæугæдонмæ аздæхта. Уый стыр донмæ кæлы, стыр дон та – денджызмæ. Болат цалдæр хатты денджызы был йæ фæллад уагъта. Раст зæгъгæйæ, тынг цардхъом æмæ рæсугъд у, фæлæ уæддæр йæ зæрдæйы уидæгтæ мæнæ ацы чысыл фынккалгæ дæттæ сты, цард ын уыдон дæттынц. Хæрдгæбыд æвзист æндæхтау æм цъититæй куы нал згъорой, уæд басур уыдзæни. Тæхуды, йæ фырт уый рагацау куы бамбарид...

Лæг йæ сагъæсхуыз цæстангас комæй къæдзæхы цъупмæ азылдта æмæ, йæ уæрджытыл æнцойгæнгæйæ, æвæд астымыл дарддæр араст и. Йæ нысанмæ йæ бирæ нал хъæуы, фæлæ цас уæлдæр хизы, уыйас иæ размæ фылдæр цæлхдуртæ ’взæры. Йæ къæхтæ айсын нал комынц, фæлæ уæддæр йæхи размæ тæры. Цал æмæ цал хатты ласта хъæдæй суг. Гал-иу уæрдон йæ бынатæй фенкъуысын кæнынил афæлвæрдта, фæлæ-иу йæ бон нæ баци, æмæ-иу Болат сугтæ калынмæ бавнæлдта. Гал-иу уыцы æгад ми йæ сæрмæ не ’рхаста, йæ уæрджытæ иу зæххы фæсагъта æмæ-иу йæ тых йæ бонæй ахæцыди. Йæ комы фынк иу акалди, йæ тæнтæ-иу фыр лæфлæфæй кæрæдзиуыл андзæвыдысты, уæддæр-иу уæрдон хъæды рагъмæ сласта. Ау, уæд ныр йæхæдæг уыцы хайуанæй лæмæгъдæр разындзæн? Адæймаг куы у, лæджы ном куы хæссы. Цыфæнды куы фæуа, уæддæр ын къæдзæхы сæрмæ æнæ схизгæ нæй. Хæхтæ фидар сты, фæлæ адæймаг уыдонæй фидардæр у. Афтæ куынæ уаид, уæд уал æнусы дæргъы йæ фыдæлтæн сæ хал аскъуыдаид, æмæ се ’взаг бамыр уыдаид. Уый та нырма хъуытазау зæлы æмæ зæлдзæни. Болаты афтæ фæнды, æмæ, æцæгдæр, афтæ уыдзæн.

Йæ хъуыдыты адзæгъæл и. Йæ развæндагмæ нал æркасти, йæ къах чысыл хус къуындзихыл скъуырдта æмæ размæ бахауди. Йæ къух цыргъ дуры тигъмæ ’рхаста, æмæ йæ царм фескъуыди, туг дзы рахъардта. Йæ армытъæпæн дуды, цыма йыл цæхх ныччындæуыди. Йæ алфамбылай дугъысыф ацагуырдта, фæлæ йæ цæст ницæуыл æрхæцыди, æмæ йæ хъæдгом къухмæрзæнæй бабаста.

– Куыдз къуылыхæй нæ мæлы, Афассæ. Ма тыхс, æз дын абон хос ссардзынæн.

Кæд йæ сыхагимæ ныхас кæны, уæддæр йæхицæн æвæры ныф-



сытæ, ома ма фæтæрс, мæнæй уый, ницы та дын уыдзæни. Æгайтма дæ буары туг ис æмæ дын цæрыны тых дæтты.

«Нал, мæ хæдзар, нал. Цæргæстимæ тæхын ма дæ бæргæ фæнды, фæлæ дæ бон ницыуал у».

Йæ мидхъæлæс дæр дзы кæдмæ хынджылæг кæндзæн! Йæ къух ыл ауыгъта æмæ йæ армытъæпæнмæ ’ркасти. Туг дзы нал хъары, фæлæ йæ дудынæй не ’нцайы. Арæхæй-арæхдæр скæс-скæс кæны къæдзæхы сæрмæ. Уæвгæ йæ уырдæм хизын нæ хъæуы. Цы кæрдæджы уидаг агуры, уый чысыл дæлдæр зайы, æмæ йæм дæс сардзинæй фылдæр нал и, фæлæ йын егъау дур мæстæймарæгау йæ фæндаг æрæхгæдта. Йæ иувæрсты галиуырдæм куы азила, уæд дзæвгар рæстæг схардз кæндзæн, рахизырдæм куы азила, уæд та фыр тæссæй йæ зæнгтæ фæдыдагъ уыдзысты, æмæ былæй асхъиудзæн. Дзæбидыртæ дзы кæрæдзи фæдыл, сæ сæртæй хъазгæ, уыцы æдыхстæй бауайынц. Болат сыл йæхи нæ бары. Сæрсæфæнæй атæхыны бæсты фæлтау æдас рæтты ацæудзæн. Æмæ афтæ куы бакæна, уæд цæй лæг уыдзæни?

«Цы уа, уый уæд! Дзæбидыртæ кæцæй нæ хауынц, уырдыгæй æз цæмæн хъуамæ ахауон?», – налат хъуыды февзæрд йæ сæры, æмæ йæхи Уастырджийыл бафæдзæхста.

«Бынмæ ма ныккæс. Тас дын де уæнгтæ сбæтдзæн, æмæ дæ дæ уарзон дзуар дæр нал фервæзын кæндзæн», – дзуры йæхицæн. Йæ риу ын цыдæр æлхъиввы. Йæ цæстытæ тартæ кæнынц. Уæззау къуыбылой йæ хъуырмæ стылди æмæ йын йæ улæфт æхгæны. Йæ сæр зилы, фæлæ уæддæр фæстæмæ не здæхы. Йæ фындзы бын хъуырхъуыргæнæгау Тотрадзы зарæг кæны æмæ йæхицæн зæрдæтæ ‘вæры. Зын уавæры куы бахауы, уæд æй æрымысы, æмæ йын йе уæнгты ныфс бауадзы. Ныр дæр ын йæ хъарутæ уый дывæр кæны. Йæ уæлахизыл райгæйæ, уæлбылмæ схызти æмæ йе ’ргом ныгуылæнырдæм аздæхта.

Йæ акомкоммæ сырх-сырхид хур, пиллон арт уадзгæ, сабыргай хæхты цъасмæ фæтулы. Йæ зæлдаг тынты урс æврæгътæ сæхи найынц æмæ йæм уæнгроггæнæн сыгъдæг уæлдæфы доныхъæзтау æрбаленк кæнынц. Уахъæз æм æнцойдæттæг æнкъарæнтæ хæссы, тæмæссаг æрдзимæ йæ бæтты.

Афтæ иу ран æнæзмæлгæйæ лæууид æмæ цымыдис сывæллонау йæ алыварс æхсызгонæй кæсид, фæлæ йæ йæхи цинæвдылд æнкъарæнтæй рæвдауынмæ не 'вдæлы. Хæхтæм талынггæрæттæ тагъд æрбахъуызынц, æмæ, куы ныффæстиат уа, уæд йæ къухы ницыуал бафтдзæн. Йæ хæлафы дзыппæй стыр хæрынкъа systa, райхæлдта йæ æмæ кæрдæджыты 'хсæнты йæ хосгæнæн зайæгой агуры. Тынг хинæйдзаг у. Йæ был куы сдары, уæд зæххы хуыз райсы, цыма йе знæгтæй фембæхсы. Ноджы ма ацафонмæ йæ сыфтæ æрызгъæлынц, дымгæ сæ ахæссы, æмæ йын ссарыны амал нал вæййы, фæлæ уый – сырд, Болат та – цуанон. Гыццыл дзы куынæ скъахта, мыййаг. Мæнæ уал дзы дуры фарсмæ – иу, чысыл фалдæр та йæм иннæ дыууæ 'нхъæлмæ кæсынц. Болат сæ цуры йæ уæрджытыл æрлæууыд æмæ сæ арæхстгай къахы.

– Мауал тæрс, Афассæ, ныр дæ хос мæ къухты ис, æмæ дæ æнæмæнг фервæзын кæндзынæн, – зæрдæтæ æвæры йæ сыхагæн. Йæ цæстыты раз сыстадысты, æххуысагур æм чи 'рбацæуы, уыдон. Чи сæ гуыбыннизæй фæсæйы, чи тархъæнджын вæййы, кæмæн йæ буарыл уыдырны фæзыны, кæй та йæ ахсæны туагадыл бафтауын фæфæнды. Рынчынæй хи атигъ кæнынæй ма стырдæр тæригъæд цы уа, æмæ сын уалдзæджы райдайæнæй фæззæджы фæуынмæ алыхуызон кæрдæджытæ фембырд кæны. Бон-изæрмæ йын йæ дуар чи не 'рбахойы, æмæ дзы иу адæймаджы дæр фæстæмæ никуы аздахы. Суанг ма йæм дохтыртæ дæр æрбафтынц. Чиныджы цынæ низы тыххæй бакасти, ахæм ын нал баззади, цæмæй сæ дзæбæх кæнын хъæуы, уый зоны æмæ сæ дзæбæх кæндзæн, цалынмæ йæ къæхтыл цæуа, уæдмæ...

Хур аныгуылди, æмæ уæларвон нывгæнæг бæстæ милайæ ахорынмæ бавнæлдга. Цыма зæххæн æнæ 'хсæвгæсæй исты тас у, уыйау арвы риуыл урс тæнæг къуымбилы 'нгæс мæйы 'ндæрг сындæггай рабалц кодта. Болат йæ астæу сраст кодта æмæ йæ фæллад цæстæнгас хæхтыл ахаста. Афтæ йæм кæсы, цыма се 'мсæр у. Æнæ уыдон æй иу боны цард дæр нæ хъæуы.

Кæрдæджы уидæгтæ ма агурид, фæлæ сæ нал ссардзæни. Хъæумæ рæвдздæр аздæхын та йæ йæ хивæнд зæрдæ нæ уадзы. Цыфæндыйæ дæр хъуамæ къæдзæхы сæрмæ схиза æмæ, æнæбасæттон кæй у, ууыл кæронмæ бауæнда. Ардыгæй куы аздæха, уæд йæ амæлæты бонмæ йæ лæмæгъдзинад йæхицæн нæ ныббардзæн.

– Ехх, цы уа, уый уæд! Цæргæ, уæд – цæргæсы цардæй! – сдзырдта хъæрæй, йæ хъарутæ æрбамбырд кодта æмæ хохы цъупмæ араст и. Уæлбылмæ нæма схæццæ и, афтæ йæ хъустыл цавæрдæр мынæг уынæр ауади. Лæг фæгæмæл и, хæрынкъайы хъæдын фистоныл фидардæр æрхæцыд æмæ 'нхъæлмæ кæсы. Ныртæккæ йæм уæртæ уыцы дуры фæстæйæ арс кæнæ æндæр исты тугдзых сырд рахиздзæн, æмæ дыууæ богалау фæхъæбысхæст уыдзысты. Болат ын сæттын нæ бакомдзæн. Уал азы дæргъы царды æвирхъау цæфтæй чи нæ фæцудыдта, уымæн иу сырды бон цы бауыдзæн? Йæ иувæрсты лыстæг дзæгъдзæгъгæнгæ, æрызгъæлдысты, сатæг уддзæф æм зонгæ уæрцц æрхаста, æмæ 'рсабыр и, йæ мидбылты дæр ма бахудти æмæ чысыл фæзы былмæ цуанонау гуыбырæй схъуызыди. Йæ акомкоммæ дыууæ стыр дзæбидыры сабыргай фæстæрдæм фæцыдысты, исдугмæ сагъдауæй аззадысты, стæй цыфыддæр знæгтау кæрæдзиуыл сæхи ныццавтой, æмæ се здыхт сыкъаты тыхджын къæрцц хæхтыл азæлыди. Сæ фарсмæ æнæмæтæй хызтысты иннæ дзæбидыртæ.

Болат кæлæнгондау, йæ мидбынаты лæугæйæ, баззади. Афтæ йæм фæкасти, цыма аргъауы уæйгуыты 'хсæнмæ бахауди æмæ уый дæр уыдоны хуызæн домбай у. Тарсти, куы фезмæла, æмæ æгайнæг æрдзы тæмæссаг ныв куы 'рбайсæфа.

Хæхтыл мæйы тынтæ уарыд...

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► **8-æм октябры** Цæгат Ирыстоны Хицауад цы Уагæвæрд сфидар кодта, уымæ гæсгæ уæлдæр ахуыргæнæндæтты студентты иу къордæн саккаг кодтой Абайты Васо æмæ Плиты Грисы номыл стипендитæ. Фыццаджы бæрц у аст мин сомы, дыккаджы – фондз мин сомы.

► **12-æм октябры** Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры сæйраг режиссерæй нысангонд æрцыд Сæбанты Тамерлан. Уый театр æмæ кинойы саразта 35 фæлгонцæй фылдæр, куыд режиссер, афтæмæй та сценæйыл сæвæрдта дæс пьесæйы.

►**12-æм октябры** Дзæуджыхъæуы Национ библиотекæйы уыд стыр поэт Сергей Есенины райгуырдыл 125 азы сæххæсты кадæн поэзийы изæр. Бацæттæ йæ кодтой поэт Дудайты Чермен æмæ «Онегин – клуб»-ы уæнгтæ.

► **21-æм октябры** республикæйы Сæргълæууæг Битарты Вячеслав арфæйы фыстæджытæ радта, пандемийы рæстæг æхсæнадон цардмæ стыр æвæрæн чи бахаста, сæхи удтæн тæссаг уæвгæйæ, æдзух йæ куысты уæлхъус чи уыд, уыцы журналисттæн. Уыдон сты газеттæ «Рæстдзинад», «Северная Осетия», телерадиокомпанитæ «Алани» æмæ «Осетия – Ирыстон»-ы кусджытæ.



► **21-æм октябры** Кавказы фысджыты Клубы президент Муса Ахмадов журнал «Мах дуг»-ы редактор Хетæгкаты Оксанæйы схорзæхджын кодта Клубы сæрмагонд майданæй йæ хъæппæрисджын куыст æмæ, республикæты 'хсæн хæлардзинады бастдзинæдтæ кæй фидар кæны, уый тыххæй.

► **28-æм октябры** Цæгат Ирыстонмæ радон балцы æрцыдысты Мæскуыйы Евгени Вахтанговы номыл академион театры минæвæрттæ, сæ сæргъы – театры директор Кирилл Крок. Сæ балцы нысан уыд, Дзæуджыхъæуы Евгени Вахтанговы номыл цы мемориалон-культурон центр аразынмæ хъавынц, уыцы фарстатыл æрныхас кæнын.



► **7 ноябры** Налцыччы кадджын уавæры бæрæг кодтой Кæсæджы аивадон литературæйы бындурæвæрæг, поэт Али Шогенцуковы райгуырды 120 азы юбилей. Уырдæм хуынд уыдысты Мæскуы æмæ Цæгат Кавказы фысджытæ. Ирыстонæй дзы архайдта æмæ æмбырды раныхас кодта «Мах дуг»-ы прозæйы хайады редактор Гусалты Барис.

► **14-æм ноябры** Кавказы фысджыты Клубы цæгатирыстойнаг хайады сæргълæууæгæй нысангонд æрцыд журнал «Мах дуг»-ы сæйраг редактор Хетæгкаты Оксанæ.



► **15-æм ноябры** сбæрæг сты Стыр Уæлахизы боны кадæн æппæтдунеон литературон конкурсы уæлахиздзаутæ. Расидтис æй уырыссаг дзырдаивады æппæтдунеон академийы австралийаг хайад. Фыццаг хатт дзы архайдтой Ирыстоны фысджытæ дæр. Къамисы уæнгты уынаффæмæ гæсгæ прозæйы хайады дыккаг бынат бацахста поэт Касаты Батрадз.

**Къам 71-æм фарсыл.**

Фыццаг рæнхъы бадынц (галиуырдыгæй рахизырдæм): *Пхалæгаты Алыксандр, Милдзыхты Чабæхан, Токаты Асæх, Тина Голик (костюмты цехы сæргълæууæг), Тæбæхсæуты Бало, Баймæтаты Чабæхан, театры раздæры директор Сæлбиты Хъамболаты чызг – Ляля, Елена Маркова, Борыхъуаты Барис, Дзукъаты Аня, Сæлбиты Хъамболаты чызг – Олеттæ, Точиты Барис;*

Дыккаг рæнхъы бадынц: *Токаты (ном бæрæг нæу), Татьяна Маркова – сценæйы змæлды ахуыргæнæг, Хъуппеты Маисей, Гæджиты Хетæг, Маккæты Арсен, Сæлбиты Хъамболат, Тотраты Барис, Плиты Грис, Таутиаты Солæман.*

Æртыккаг рæнхъы: *бæрæг нæу, Дзестелты Никъала (бутафор), Дзуццаты Михал (хилдасæджы æххуысгæнæг), Тотиты Люся, Дулаты Николай, Хъæрджынты Варя, Едзиты Данел, Цæлыккаты Михал, Икъаты Серафин, Галазты Виктор, хилдасæг Пашков йæ фыртимæ.*

Цыппæрæм рæнхъы бадынц: *Техты ? – завхоз, Раиса Храмаева, Хуыгаты Самсон, Есерыхъуаты Минтæ, Цæллагты Иван, нывгæнæг Самбур, Бætæгаты Тамарæ.*

Фæндзæм рæнхъы лæууынц: *Цырыхаты Петя, Дыгуры (ном бæрæг нæу), Дзугаты Георги, раздæры администратор Хъодзаты Зауырбеджы фырт – Юри, Любовь Мартьянова (хуыйæг), Къомайты Василисæ, театры хъалагъур Гудиты Георги, Кодзаты Зауырбег – администратор, Дзугкойты Афассæ, Грузинов – сценæйы инспектор, бæрæг нæу, Баллаты Владимир, Кокайты Исай, Дзитойты Раисæ.*

*Редакци бузныг зæгъы Ирон театры кусджытæн: Колыты Владиславæн, Цæриаты Валерийæн, Къуымæллæгкаты Владимирæн, Лагкуты Спартакæн, Зæнджиаты Ритæйæн, РЦИ-Аланийы театралон аивады музейы кусджытæн, ПТРК «Алания»-йы амонæг Баллаты Ритæйæн, журнал бацæттæ кæнынмæ се 'ххуысы хай кæй бахастой, уый тыххæй.*

* * *

*Шеф-редактор* – Н.С. ДЖУСОЕВА, *переводчик* – А.В. ЗОЛОЕВ,
*Корректор* – А.К. КАРГАЕВА, *компьютерный набор* – М.К. КИРГУЕВА,
*дизайн, верстка* – М.Т. БАГАЕВ,
*специалист по информационным ресурсам* – А.А. ГАБИСОВ.

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.
Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.
Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.
Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО–Алания
362003. г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.*
*Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;*
*редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.*

Подписано к печати 25.11.2020 г. Формат издания 60х90 1/16. Бум. офсет.
№80г./м². Гарнитура шрифта Times New Iron. Вклейка 1 п.л. мелованная.
Печать офсетная. Усл. п.л. 10. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1500 экз.
Заказ №420. Цена свободная. Выход из печати 30 ноября 2020 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.